



PRACTICE MINISTRIES ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI

MITEMO INE GUMI

&

KUDZIDZA MHINDURO DZEBHAIBHERI

Zviri Mubhuku

Chikamu 1

Pfupiso Dzezvidzidzo Zvemubhaibheri

Kudzidzira Kunoitisa Kuti Uve Nyanzvi: Kudzidza Bhaibheri Zvakanaka

Chikamu 2

Zvidzidzo ZveBhaibheri

Chikamu 3

Kudzidza Mhinduro DzeBhaibheri

Magwaro Akatorwa Kubva MUHOLY BIBLE , NIV

Copyright 1973, 1978, 1984 kubva International Bible Society.

Rakashandiswa nebvumo ye Zondervan Publishing House. All rights reserved.

PRACTICE MINISTRIES
6125 LUTHER LANE, SUITE 183 DALLAS, TEXAS 75225

e-mail address: practiceministries@gmail.com

web-site address: www.practiceministries.org

PFUPIKISO YEZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI

Chidzidzo #1: Muna Mwari Tinovimba

Chino ndicho chidzidzo chekutanga chizvidzidzo zvitatu mukubatsira vana kunzwisisa kuti sei Mwari akapa Mosesi Mitemo ineGumi uye kuti chii chinonzi Mitemo ineGumi. Nyaya yemubhaibheri yanhasi inoongorora chivimbiso chaMwari kuna Abrama (Abrahama), kumuita rudzi rukuru.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira kunzwisisa vimbiso yaMwari kwatiri, yeupenyu husingaperi kubudikidza naJesu Kristu.

Chidzidzo # 2: Mosesi Neminana

Ichi ndicho chidzidzo chechipiri chizvidzidzo zvitatu mukubatsira vana kunzwisisa kuti sei Mwari akapa Mosesi Mitemo ineGumi uye kuti chii chinonzi Mitemo ineGumi. Nyaya yemubhaibheri yanhasi inoongorora kudanwa kwaMosesi naMwari, kuti atungamire vanhu velzirairi kubuda muEgipita.

Kudzidza Bhaibheri kunovabatsira kunzwisisa kuti kutenda chii uye kuve nechokwadi chevimbiso yaMwari yehupenyu husingaperi kubudikidza naJesu Kristu.

Chidzidzo # 3: Rwendo Rukuru

Ichi ndicho chidzidzo chetatu chizvidzidzo zvitatu mukubatsira vana kunzwisisa kuti sei Mwari akapa Mosesi Mitemo ineGumi uye kuti chii chinonzi Mitemo ineGumi. Nyaya yemubhaibheri yanhasi inoongorora Mosesi achitungamira vanhu velzirairi kubuda muEgipita nekugamuchira Mitemo ineGumi.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira kuti vadzidze kuda Mwari nevamwe.

Chidzidzo # 4: Kunamata Kana Kusanamata

Mutemo wokutanga unoti, **"Usava nevamwe vamwari kunze kwangu."** (Eksodo20:12). Nyaya yemuBhaibheri iri pamusoro paDanieri mugomba reshumba , uye kutsinhidzira kukosha kwekuteerera Mwari.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kudzidza kuteerera.

Chidzidzo # 5: Kudza Baba Namai Vako

Mutemo wechishanu unoti, **"Kudza baba namai vako...."** (Eksodo 20:12). Nyaya yemuBhaibheri yanhasi iri pamusoro pemukomana aikudza baba vake: Jesu ari mubindu reGethsemane. Chidzidzo chanhasi chinotaura pamusoro pekukosha kwevana kuti vakudze vabereki vavo, uyezve basa ravabereki ravainaro mukudzidzisa vana vavo Shoko raMwari.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kuongorora zvikonzero zvekuti vakudze nekuteerera vabereki vavo.

Chidzidzo # 6: Muvakidzani Akanaka.

Mutemo wechitatu unoti, **"Usareva zita raJehovha Mwari wako pasina"** (Eksodo 20:7).

Chidzidzo cheBhaibheri chanhasi inyaya yemuSamaria akanaka, chinodzidzisa vana kukosha kwekuve mumiririri waMwari.

Kudzidza Bhaibheri kunovakurudzira kuva neunyororo

Chidzidzo # 7: Nguva Yekuzorora. (Chikamu 1)

Mutemo wechina unoti, **"Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene."** (Eksodo 20:8). Semucherechedzo werudo rwavo kuna Mwari pamusoro pekushanda nenguva yekuzorora. Tinoratidza rudo rwedu kuna Mwari nemifungo yedu maringe nebasa nekuzorora.

Chidzidzo chanhasi chionoongorora kuti mifungo yedu inofanira kuve yakaita sei maringe nebasa nemitambo.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuti vave nemifungo yakanaka pamusoro pebasa ravo.

Chidzidzo # 8: Nguva Yekuzorora (Chikamu 2)

Mutemo wechina unoti, "**Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene.**" (**Eksodo 20:8**). Semucherechedzo werudo rwavo kuna Mwari pamusoro pekushanda nenguva yekuzorora. Chidzidzo chanhasi chionoongorora zororo.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kudzidzira kuchengetedza zuva rekuzorora.

Chidzidzo # 9: Zvimwe! Zvimwe! Zvimwe!

Mutemo wegumi unoti, "**Usachiva chowokwako**" (**Eksodo 20:17**). Ichi chikamu chekutanga chezvidzidzo zvitatu pamusoro pekuchiva chowokwako (kushuvira chowokwako nenzira isina kunaka). Tichataura pamusoro pekuti tingava nemifungo yakanaka sei maringe nezvatiinazvo.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kudzidzira kupa.

Chidzidzo # 10: Tangai Matsvaga

Mutemo weGumi unoti, "**Usachiva chowokwako**" (**Eksodo 20:17**). Ichi chikamu 2 chezvidzidzo zvitatu pamusoro pekuchiva chowokwako (kushuvira chowokwako nenzira isina kunaka). Tichataura pamusoro pekuti tingabve sei pakuda zvinhu zvatisina kuisirwa kuti tive nazvo.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuti vafunge pamusoro pokuita sarudzo dzakanaka.

Chidzidzo # 11: Mafuro Anogara Akasvibirira

Mutemo weGumi unoti, "**Usachiva imba yowokwako**" (**Eksodo 20:17**). Ichi chikamu 3 chezvidzidzo zvitatu pamusoro pekuchiva chowokwako (kushuvira chowokwako nenzira isina kunaka). Tichataura pamusoro pekugutsikana nezvatinazvo.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuti vatende nemakomborero mazhinji avainawo.

Chidzidzo # 12: Bata Nemazvo

Mutemo wesere unoti, "**Usaba**" (**Eksodo 20:15**). Pane nzira nhatu vanhu dzavangabe nadzo: kune vamwe, kuna Mwari nekuzvibira. Nhasi muchikamu chezvidzidzo zvino tichataura pamusoro pekuti sei Mwari akati, "Remekedza midziyo yevamwe."

Kudzidza Bhaibheri kunodzidzisa vana kuti vave nehany'a nemidziyo yevamwe neruremekedzo rwenguva yevamwe.

Chidzidzo # 13: Wagona

Mutemo wesere unoti, "**Usaba**" (**Eksodo 20:15**). Nhasi muchikamu chepiri pazvidzidzo zvina, tichataura pamusoro pekuve nehany'a nezvatinopihwa naMwari.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuve nehany'a nekuita basa rakanaka nezvavaka chengeteswa naMwari.

Chidzidzo # 14: Rangarira Jehova Mwari Wako

Mutemo wesere unoti, "**Usaba**" (**Eksodo 20:15**). Nhasi muchikamu 3 chezvidzidzo zvina, tichataura pamusoro pekuti tingape sei Mwari rukudzo nembiri yaakafanira.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuti vave nehany'a nekurangarira kupa Mwari mbiri nezvipo zvaakavapa.

Chidzidzo # 15: Zvakakomborerwa Kupa Pane Kugamuchira

Mutemo wesere unoti, "**Usaba**" (**Eksodo 20:15**). Nhasi muchikamu 4 chezvidzidzo zvina, tichataura pamusoro pekupa nguva yedu, zvipo zvedu, nemari yedu.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kupa zvakasungunuka nguva yavo, zvipo nemari.

Chidzidzo # 16: Mwari Wangu Mukuru Pana Mwari Wako.

Mutemo wokutanga unoti, Mutemo wesere unoti, **“Usava navamwe vamwari kunze kwangu” (Eksodo 20:3)**. Vanhu velzirairi vakatanga kunamata vamwe “vamwari”. Muporofita Eriya akauya kwavari akati, **“Mucharamba muchifunga mifungo miviri kusvikira rinhiko? Kana Jehovha ari Mwari, mumutevere, kana ari Bhaari, mumutevere iye.” (1 Madzimambo 18:21)**. Eriya akabva adenha vanhu velzirairi kumakwikwi ekuratidza kuti Mwari welzirairi ndiye Mwari oga. Nhasi tichataura pamusoro pekuti sei zvakakosha kuwana nguva naMwari.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuchengeta Mwari semunhu akakosha kupfuura zvose muhupenyu uye kurangarira mirairo yake.

Chidzidzo # 17: Chiumbwa Chemiganhu

“... asi kana ndirini naveimba yangu tichashumira Jehovha” (Joshua 24:15). Joshua akayambira vanhu velzirairi kuti vasakanganwe Mwari, akavabuditsa muhupenyu muEgypita nekutanga kunamata vamwari venyika dzakavakomberedza munyika yavakanga vakugara. Muchidzidzo chanhasi tichatarisa mutemo wechipiri, **“Usazviitira mufananidzo wakavezwa,....” (Eksodo 20:4)** uye kuti nei zvakakosha kunamata musiki, kwete zvisikwa. **Kudzidza Bhaibheri** kunokurudzira vana kuisa kuvimba kwavo muna Mwari chete.

Chidzidzo # 18: Mugomba Remote Remote Murikutonhorera

Mutemo wechipiri unoti, **“Usazviitira mufananidzo wakavezwa... Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira...”** Chidzidzo chanhasi chiri pamusoro peva vakomana vatatu Shadhireki, Misheki naAbedinego, vakanga vasinga pfugamira kana kunamata vamwe vamwari - kunyangwe zvaivaisa munjodzi yokurasikirwa nohupenyu hwavo! Tichataura pamusoro pekuti sei zvakakosha kutendeseka kuna Mwari.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kunamata Mwari uye Mwari oga chete.

Chidzidzo # 19: Kunaka Segoridhe

Mutemo wechishanu unoti, **“Kudza baba vako namai vako....” (Eksodo 20:12)**. Kuremekedza Mwari ndiwo mavambo ehuchenjeri. Chidzidzo chanhasi chinoongorora kukosha kwekuwana nguva pamwe chete pevabereki nevana.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuti varemekedze Mwari navabereki vavo.

Chidzidzo # 20: Tigashire. (Chikamu 1)

Mutemo wechishanu unoti, **“Kudza baba vako namai vako” (Eksodo 20:12)**. Chidzidzo chanhasi inyaya yemwana muparadzi, inotidzidzisa kukosha kwekuve nehany'a nezvatiinazvo uye kukudza vabereki.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuve nehany'a nebasa kana zvimwe zvinhu zvavainazvo.

Chidzidzo # 21: Tigashire (Chikamu 2)

Mutemo wechishanu unoti, **“Kudza baba vako namai vako” (Eksodo 20:12)**. Chidzidzo chanhasi chionoenderera mberi nemwana muparadzi. Tichaona baba vachiita muenzaniso kumwanakomana wavo kuti vakwanise kumudzidzisa chidzidzo chakakosha pamusoro pekuve nehany'a.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kuti vave vakavimbika mumabasa avo.

Chidzidzo # 22: Zvimuti Nematombo

Mutemo wechitanhatu unoti, **“Usauraya” (Eksodo 20:13)**. Muchidzidzo chanhasi tichataura pamusoro pekuti mifungo yedu inotivitsa sei mukuita kwedu, uye kuti mashoko edu anogona kurwadzisa kana kukurudzira vamwe sei.

Kudzidza Bhaibheri kunokurudzira vana kudzidzira kukurudzira.

Chidzidzo # 23: Zvinofadza Kunzwa Kubva Kwauri

Mutemo wechitanhatu unoti, **“Usauraya” (Eksodo 20:13)**. Muchidzidzo chanhasi tichataura kuti tinga kurudzira sei vamwe nemashoko edu, minamoto yedu, nemaitiro edu.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kudzidzira kukurudzira

Chidzidzo # 24: Chii Chiri Muzita?

Mutemo wechitatu unoti, **“Usareva zita raJehovha Mwari wako pasina” (Eksodo 20:7)**.

Chidzidzo chanhasi chinoongorora kumiririra Jesu semumiririri wake.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kuve vamiririri vaKristu.

Chidzidzo # 25: Kumira Pachokwadi Itsika Yakanakisisa

Mutemo wepfumbamwe unoti, **“Usanyepa” (Eksodo 20:16)**. Muchidzidzo chanhasi tichataura pamusoro pokuti sei Mwari achida kuti munhu amire pachokwadi uye sei kumira pachokwadi iri tsika yakanakisisa.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kudzidzira kurarama pachokwadi.

Chidzidzo # 26: Nzira Gumi Dzokuve Munhu Akanaka

Nhasi tichatarisa mitemo yose ineGumi uye kuti sei Mwari akatipa mitemo iyi.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kugara vachiteerera Mitemo ineGumi

Chidzidzo Chakakosha Chekuvonga

“Vongai Jehovha, mudane zita rake; Zivisai zvaakaita pakati pendudzi dzavanhu. ²

Muimbirei, mumuimbire nziyo dzokukudza; Rondedzerai mabasa ake ose anoshamisa”

(Mapisarema 105:1-2). Nhasi tichaverenga makomborero- toita chimwe chinhu nawo- kupa!

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kufunga nzira dzekupa nadzo nemutowo mutsva!

Chidzidzo Chakakosha Chekisimusi

“Tarira, uchava nemimba, uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi Jesu.”

(Ruka 1:31). Nhasi tichataura pamusoro penyaya yekisimusi, asi nekutanga nemagumo

akasiyana nezvatajaira kunzwa.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kurangarira zvinonyatsoreva kisimusi.

Chidzidzo Chakakosha Chepasika

“ Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi.” (Johani 3:16). Chidzidzo ichi chinotsanangura zvakaitika kuna Jesu –

Mwanakomana waMwari – pamazuva aitevera kusungwa kwake nokuzorovererwa kwake kuti ape ruponeso kwandiri newe.

Kudzidza Bhaibheri kunobatsira vana kunzwisisa kukosha kwekuzvipira kwaJesu.

Chidzidzo Chakakosha Chemunamoto

“ Kana vanhu vangu, vakatumidzwa nezita rangu, vakazvinipisa, vakanyengetera

nokutsvaka chiso changu, nokurega nzira dzavo dzakaipa; ipapo ndichanzwa kudenga

ndichavakanganyira zvivi zvavo, nokupodza nyika yavo” (2 Makoronike 7:14). Kunze

kwekuti tidzidze nhasi tinege tichiita. Tichashandisa nguva yechidzidzo chedu tichinamata

kuna Mwari akatisika nekutichengetedzera vanhu venyika yedu.

Kudzidza Bhaibheri kunokoka vana kuti vanyore munamoto wevanhu venyika yedu.

Nguva Yenyaya

“...ndinoziva chinhu chimwe, kuti ndaiva bofu, zvino ndovona” (Johani 9:25). Mufungo

“wekutura nyaya yako” – kuti Jesu akauya sei muupenyu hwako, ingava chinhu

chakamanikana. Zvichida unoty kutadza kana kuti ungasaziva zvokutura. Asi kana Jesu

Kristu ari muhupenyu hwako, unayo nyaya yokutura uye kudzidza kutaura nyaya yako

kungabatsira kuti usvitse vhangeri muhupenyu hwevamwe vanhu.

Kudzidza Bhaibheri kuno kupa mazano nenzira dzakanaka dzinobatsira kuronga nekunyora nyaya yako zvakanaka.

Kudzidzira Kunokuita Nyanzvi

Kwemakore mapfumbamwe takabatsira kuronga mazana ezvidzidzo zveBhaibheri. Takakwanisa kubuda nenzira yakanaka inobatsira mhuri dzenyu kuwana zvakanakanda kubva muzvidzidzo zvenyu zveBhaibheri. Idzi ndidzo nzira dzingakurudzirwe kuitira kuti chidzidzo chekutanga cheBhaibheri chifambe zvakanaka.

- Danai Jesu kuti auye kuzvidzidzo zvenyu. Kumbira simba nehuvepo hwake kuti hushande mune mumwe nemumwe aripo pazvidzidzo izvi.
- Panguva yezvidzidzo wanai zvekudya zvisinganyanyogutsa zvekugoverana.
- Tangai zvidzidzo panguva vanhu yavanenge vasina kubatikana. Tinoona kuti zvidzidzo izvi zvinonyatsoshanda vana vakagara nevabereki vavo.
- Zivanai nekutaura mazita enyu kunyanya kana pane vasingazivane.
- Tangai nemunamato, kumbirai mumwe mwana kana mubereki kuti anamate asi musamanikidze nokuti vamwe vanenge vasati vasununguka. Imwe nzira ndeyekupa mubereki nemwanawake mukana wekunamata munamato wekutanga newekupedzisira nguva ichiripo kuti vawane kugadzirira.
- Vanhu pavanotanga kusununguka kupanana mukana wekunamata kunoita kuti vabereki nevana vavo vanzwe kuti vari kudzidza pamwe.
- Ipai tsanangudzo diki yechidzidzo chemusi iwoyo.
- Tangai nemubvunzo wechidzidzo nekukurukura nezvawo. Kurudzirai vabereki kuti vapindure muhurukuro iyi. Kazhinji tinoona kuti vabereki havatauri nekuti vanoti zvidzidzo zvevana asi kupindura kana kutaura kwavo kwakakosha.
- Torai nguva yenyu kuita zvidzidzo izvi musamhanye kana kunonoka mukasapedza zvakanakanda.
- Pedzai zvidzidzo panguva yakatarwa. Maminitsi makumi maviri ekudzidza akatowanda. Muchaona nguva pfupi yakanaka.
- Kurudzirai vabereki nevana kuti vaite peji rezvidzidzo reZvidzidzo zve Bhaibheri zvinoenderana pavhiki roga roga, siirai vana nguva yekuti vape mhinduro dzavo.

- Kurudzirai vana vadzidzire hunhu hwatsinhidzirwa muchidzidzo vhiki iri. Vakurudzirei vagoverane neboka muchidzidzo chinotevera pamusoro pezvavakasangana nazvo muvhiki zvakavapa mukana wekudzidzira zvavakadzidza.
- Heino nzira yakanaka yekupedza nayo chidzidzo: itai kuti mubereki wega wega wega amire nemwana wake (kana vana vane vabereki vasipo) movati vanamatirane. Takuona kuti iyi inzira yakanaka yekuti vabereki nevana vanamatirane. Unokwanisa kuvati vabvunzane zvavanoda kunamatira musii iwoyo.

Edza kushandisa nzira iyi mazuva ekutanga kana muchida musazoshandura zvichienderana nezvido zveboka renyu.

Muenzaniso Wehurongwa Wezvidzidzo ZveBhaibheri

7:10 - 7:20	Hushumiri Hwekudya
7:20 - 7:40	Chidzidzo CheBhaibheri
7:40 - 7:50	Ongorororo Yezvidzidzo ZveBhaibheri
7:50 - 7:55	Munamato Pakati Pevabereki Nevana
7:55	Kudzidzira Zvadzidzwa

Mitemo ineGumi 1

Chidzidzo

Gwaro Rechidzidzo

Peji

1) Muna Mwari Tinovimba

Mavambo 12:1-2

12

2) Mosesi neminana 15	Eksodo 3:15	
3) Rwendo Rukuru 18	Mateo 22: 37-39	
4) Kunamata Kana Kusanamata 21	Danieri 6:10	
5) Jesu muGethsemane 25	Ruka 22:42	
6) Muvakidzani Akanaka 28	Ruka 10:27b	
7) Nguva Yekuzorora! (Chikamu 1)	Mavambo 1:31-2:3	31
8) Nguva Yekuzorora! (Chikamu 2)	Deutronomi 5:12	33
9) Zvimwe! Zvimwe! Zvimwe!	Mateo 6:20	36
10)Tangai Matsvaga 39	Mateo 6:33	
11)Mafuro Anogara Akasvibira	VaFiripi 4:11	43
12)Bata Nemazvo 47	VaRoma 13:8-10	
13)Wagona! 50	Mateo 25:14-30	
14)Rangarira Jehova Mwari Wako 53	Deutronomi 8: 17-18	
15)Zvakakomborerwa Kupa 56	Mako 12:41-44	
16)Mwari wangu akakura kupfuura mwari wako	1Madzimambo 18:21	59
17)Chimuumbwa Chemiganhu 63	Joshua 24: 14-15	
18)Munotonhorera Mugomba Remoto 66	Danieri 3: 17-18	
19)Kunaka Segoridhe 70	Zvirevo 3:13-15	
20)Tigashire (Chikamu 1) 74	Ruka 15: 11-31	
21)Tigashire (Chikamu 2) 76	1 VaKorinde 13: 4-7	
22)Zvimiti Nematombo..... 80	VaEfeso 4: 29	
23)Zvakanaka Kunzwa Kubva Kwauri 83	VaEfeso 4: 29	
24)Chii Chiri Muzita?	2VaKorinde 5:20	87

25)Chokwadi Itsika Yakanakisisa
89

VaRoma 13:10

26)Nzira Gumi Dzekuve Munhu Akanaka
93

Johani 13:13-15

Zvidzidzo Zvakakosha

Peji

Mapisarema 105: 1-2 96
Ruka 1: 31 99
Johani 3:16 103
2 MaKoronike 7:14 108
Johani 9: 25 111

Gwaro Rechidzidzo

Kuvonga

Kisimusi
Pasika
Munamato
Nguva Yenyaya

Kudzidza Bhaibheri

Kudzidza Mhinduro DzemuBhaibheri

117

CHIDZIDZO # 1: MUNA MWARI TINOVIMBA

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

"Ibva panyika yako, nokuhama dzako, nokuimba yababa vako, uende kunyika yandichakuratidza iyo; ² ndichakuita rudzi rukuru (Mavambo 12: 1-2)

Hunhu

Kuvimba

Mubvunzo Wokugadzirira

Tomboti manheru makagara muchidya wobva wanzwa nhau idzi: “ Tirikutama! Tichasiya imba yedu nenharaunda yedu, tichienda kuimwe nzvimbo!” wati wambotama here? Wakanzwa sei pamusoro pekutama uku? Unganzwa sei panyaya yekutama?

Laura Ingralls Wilder akazvarwa muna 1867 mu Wisconsin. Muna 1868 , Pa naMa (sezvavaidana na Laura) vakatora Laura nasisi vake vari vacheche kubva ku Big Woods kuenda ku Missouri.

Mhuri iyi haina kugara zvakanyanya mu Missouri. Pa vakatora mhuri yavo kumapurazi eku Kansas mhuri yekwa Ingalls yakamanikidzwa kutama mmwaka wematsutso mugore ra 1870, mushure mokuzvarwa kwemwanasikana wavo wechitatu, Pa vakatora mhuri yavo kuimba yavo yekare kuBig Woods. Muna 1874 mhuri yekwa Ingalls yakatamira zvakare kumadokero vachichinjana nekamunda kadiki pedo neWalnut, Minnesota. Mhuri iyi yakagara mutangwena pedo nerwizi kusvikira Pa vakwanisa kuvaka imba itsva yakagadzirwa nemapuranga akabatanidzwa.

Muna Mbudzi gore ra1875, mwanakomana akazvarwa mumhuri iyi, ainzi Charles Frederic. Muchirimo chaitevera mhuri iyi yakaenda kumunda waiva kumabvazuva e Minnesota, uko Pa vaibatsira kukohwa. Vari ikoko Freddy kacheche kaarwara kakafa muna nyamavhuvhu 1876. Nekusuruvara nekushaikirwa nemwanakomana wavo mhuri yakatama ichienda ku Bur Oak, Iowa, vakadzokera ku Walnut Grove muna 1877, vakapedzisira vave ku South Dakota muna 1879.

Kwaive kuda kwezvavakapindana nazvo kunyanya vari ku “Big Woods” neku Minnesota zvakaita kuti Laura anyore bhuku rinonzi “Little House on the Prairie”

Zvisinei nekutenderera kwose uku, mhuri yekwa Ingalls yaiziva kwayaienda. Nyaya yedu yeBhaibheri yanhasi ndeye murume ainzi Abrahamu akaita rwendo asinga zivi kwaaienda kana zvainge zvakamumiririra kumberi. Asi Mwari aiziva.

.....

Muna Jesu Tinovimba

(Magwaro kubva kuna Mabasa avapostora 7: 2-16)

Zviuru zvamakore apfuara, munyika yatave kuti Iran nelraq, Mwari akazviratidza kumurume ainzi Abram (Zita rake rakazoshandurwa kuve Abrahamu) akati, "Ibva panyika yako, nokuhama dzako, nokuimba yababa vako, uende kunyika yandichakuratidza iyo; ² ndichakuita rudzi rukuru." Musi iwowo Mwari vakaita chivimbiso kuna Abram vakati vaizova Mwari wevana vake uye ivo vaizove vanahu vake.

Mubvunzo : Unoziva chikonzero nei chivimbiso chaMwari chevana nedzinza kuna Abrahamu chakanga chakanaka zvikuru ? [Nyangwe Abrahamu aive nemakore makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe , Mwari akaita chivimbiso kwaari kuti aizove nevana nendudzi zhinji!]

Bhaibheri rinoti, “ Abhuramu wakati asvika makore ana makumi mapfumbamwe namapfumbamwe, Jehovha akazviratidza kuna Abhuramu, akati kwaari, "Ndini Mwari waMasimbaose, famba pamberi pangu, uve wakarurama. ² Ndichaita sungano yangu pakati pangu newe, ndichakuwanza kwazvo." (Mavambo 17: 1-2).

Naizvozvo Abrahamu nemhuri yake vakaenda, sezvavakanga vataurirwa naMwari, makore mazhinji akapfuura akazove baba valsaka, Isaka akazove baba vaJakobo, Jakobo zita rake raka zoshandurwa kuve Izirairi akava baba vevana komana gumi nevaviri (nemwanasikana ainzi Dinah). Mumwe wevanakomana Jokobo aive Joseph, madzikoma ake vakatanga kumuvenga nekumuitira godo vakamutengesa kuhutapwa muEjipita. Asi Mwari vakanga vane hurungwa naJosefa uye kumugonesa kuti awane kuvimba naFarao, mambo weEjipita. Farao akaita Josefa mutongi weEjipita yose.

Nzara yakarova Ejipita yose nenyika yaigara Jakobo nevana vake, kwaisava nechokudya. Mwari vakaudza Josefa muhope kuti kwaive nenzara yaizouya, nekuchenjera Josefa akachengeta zvokudya nzara isati yasvika, akazvichengeta mumatura kusvika zvavekudiwa. Jakobo paakanzwa kuti kuEjipita kwaiva nezviyo akatuma vanakomana vake kekutanga kunotenga zviyo kuti vagadzire chingwa. Madzikoma aJosefa havana kumuziva asi Josefa akavaziva kuti vainge vari anani. Pavakadzokera kepiri Josefa akaudza madzikoma ake kuti akange ari ani, akaudza Farao pamusoro pemhuri yake. Mushure meizvi Josefa akadaidza Izirairi, iye nevanakomana nemhuri dzavo dzose vari makumi manomwe nemashanu vakatamira kuEjipita. Nguva yaiswederwa pedyo kuti Mwari vazadzikise chivimbo chavo kunaAbrahama.

Nyaya yaAbrahama chidzidzo pamusoro pekuvimba munaMwari kuti vanochengeta vimbiso dzavo.

Mubvunzo: Ndechipi chivimbo chakaitwa naMwari kunaAbram? Bhaibheri rinoti, “...Akamubudisa panze akati, "Zvino tarira kudenga, uverenge nyeredzi, kana uchigona kudziverenga." Akati kwaari, "Ndizvo zvichaita vana vako" (Mavambo 15:5)

Mubvunzo: Abrahama aifanira kuitei kuti agamuchire chivimbo chaMwari? [Abrahama aifanira kuvimba kana kutenda mune zvakataurwa naMwari].

Bhaibheri rinoti, **“Abram akatenda munaMwari.....” (Mavambo 15:6)**. Abrahama akavimba zvakakwana munaMwari akatenda muchivimbo Mwari chaakanga aita kwaari.

Sekuita kwakaita Mwari chivimbo kunaAbrahama, Abrahama akavimba Mwari kuti vacha chichengeta, unogona kuvimba Mwari kuti vanochengeta chivimbo Chaakaita kwauri.

Mubvunzo: Ndechipi chivimbo Mwari chaakaita kwauri? Bhaibheri rinoti, **“⁹ Kuti, kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumoyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa” (VaRoma 10:9)**.

Mwari vakavimbisa kuti ukatenda nemoyo wako kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari nekutenda kuti Jesu akafa akamutswazve, achakuregerera zvitadzo zvako zvose zvakare nezvanhasi, worarama nekusingaperi Naye mudenga Rake.

Chidzidzo chedu chinotevera chinonzi Mosesi neminana. Chinoenderera mberi nenyaya yechivimbiso chaMwari kuvanhu velzarairi.

CHIDZIDZO #2 MOSESI NEMINANA!

Ongororo

Mibvunzo yesvondo rapfuura nemagwaro

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“Ndini Jehovha, Mwari waAbhurhamu, naMwari walsaka, naMwari waJakobho, akandituma kwamuri; ndiro zita rangu nokusingaperi, ndiro zita ravachandirangarira naro kusvikira kumarudzi ose”(Exodus 3:15).

Hunhu

Kutenda

Mubvunzo wekugadzirira

Wakambonzi uite chinhu chakakura- chakanyatso kura? Wakanzwa sei pawakatanga kuzviita?

Pane nyaya inotaurwawo nemurume anonzi Bruce Wilkinson. Anotaura navadzidzi vepakoreji, akavadenha vanoita chinhu chikuru- chakanyatsokura, munyaya yekutaurira vanhu nezvaJesu Kristu.

Svondo rimwe rapfuura Bruce akatambira tsamba kubva kune vamwe vadzidzi vaviri vepakoreji yaakatanga ataura ari. Vadzidzi vaviri ava vakanamata kuti vave nemukana wekutura naGovernor weCalifornia pamusoro paJesu vakasarudza kuzviita nokuchimbidza-iroro svondo rikatanga rataurwa naMr Wilkinson! Vakapinda mumota yavo, vakatyaira

mamaira mazana mana kuenda kuguta guru vakagogodza pamusuwo waGovernor. Hezvinoi zvakaitika vari munzira vakataura navaishandi vaviri vepagas station, vachengeti vana, nemunyori waGovernor, uye naGovernor nezva Jesu Kristu!

Pane zvimwe. Vadzidzi vaviri ava vakaunganidza chikwata chevadzidzi zana nemakumi maviri nevanhanu nevadzidzisi vakabhadhara ndege vakaenda kuchitsuwa cheTrinidad kuti vanovakira chikoro cheBhaibheri chepazororo, zviuru zvevanhu vanogara ikoko.

Ndinobheja kuti pavadzidzi ava hapana akanga aine fungidziro yokuti angaitira Mwari zvakakura kudai. Kungofunga pamusoro pekuita zvakakura kuudai zvaitokwanisa kuvatyisa zvikuru. Asi tikango zvipira kuna Mwari, Anotishandisa kuita zvakakura- kumuitira zvakanatsokura.

Nyaya yemuBhaibheri yedu yanhasi iri pamusoro pemurume uyo Mwari akange aine chinangwa naye. Asi, zvichida sevadzidzi vava, akange asinga zivi zvakanamumirira pamberi. Asi sezvatichaona nhasi, Mwari vakabatsira Mosesi kuita zvakakura- zvakanatsokura.

MOSESI NEMINANA

(Magwaro: Mabasa avapostori 7:17-36 nendima dzakasiyana muna Exodus)

Makore anenge mazana mana apfuura kubva Izirairi (Jakobo) nemhuri yake vatamira kuEjipita, vanhu verudzi rwelzirairi vaigara muEjipita, vakawanda zvikuru. Mumwe mambo akanga asingazivi nezva Josefa, akavamutongi weEjipita. Farao akanga aine hutsinye kuvanhu velzirairi akavaita kuti vashande zvakaomarara sevaranda. Aito manikidza vanhu velzirairi kukanda vanakomana vavo vacheche murwizi Nile kuti vafiremo.

Panguva iyi Mosesi, mulzirairi akazvarwa, asi akanga asiringori mwanawo zvake. Mai nababa vaMosesi vakamuhwandisa kubva kuvaEjipita kuti vasamuuraya. Vabereki vake pavakanga vasisa kwanise kumuhwandisa vakamuisa murwizi ari mubhasikiti maakazowanikwa nemwanasikana waFarao. Mwanasiakana waFarao akamukudza semwanakomana wake uye Mosesi akaenda kuzvikoro zvepamusoro muEjipita.

Rimwe zuva Mosesi ave murume, akasarudza kushanyira vamwe vake malzirairi. Akaona mumwe mulzirairi achishungurudzwa nemuEjipita, akauraya muEjipita. Asi vamwe vanhu vakazviziva. Mosesi, nekutya kuti aizouraiwa akatiza kuenda kunyika iri kure akanogarako. Mushure mekunge makore makumi mana apfuura, mutumwa akazviratidza kunaMosesi mugwenzi raipfuta mugwenzi raive pedyo negomo reSinai.

Mubvunzo: Unorangarira here kuti chii chaishamisa pagwenzi raipfuta? Bhaibheri rinoti, “ Mosesi akaona gwenzi richipfuta nomoto, asi rakanga risingatsvi.” (Eksodo 3:2).

Mosesi paakaenda pagwenzi kunonyatsotarisa, akanzwa izwi raMwari, Mwari vakazviratidza kuna Mosesi vakati, “Ndini Mwari vababa vako, Mwari waAbrahama, Isaka naJakobo”. Mwari akamutaurira kuti pane chinhu chaaida kuti Mosesi aite. Mwari akati, “Ndaona kunetswa kvevanhu vangu muEjipita, ndaburuka kuti ndivasunungure. Zvino huya, ndiri kukutuma kunaFarao kunoburitsa vanhu vangu muEjipita”.

Mubvunzo: Unorangarira here kuti Mosesi akanzwa sei pekutanga pamusoro pekuita zvaakanga anzi naMwari aite? [Pekutanga akati kwete] Akakumbira Mwari kuti vatume mumwe munhu (Eksodo 4:13). Asi Mosesi akapedzisira abvuma kuita basa iro Mwari vakanga vamusarudzira kuti aite.

Naizvozvo Mosesi akadzokera kuEjipita, iye nemukoma wake Aaron vakaenda pamberi paFarao vakati, “Izvi ndizvo zvinotaurwa naMwari, Mwari welzirairi anoti ”Regera vanhu

vangu vaende” Asi Farao haana kusiya vanhu kuti vaende. Mwari vakaita minana inoshamisa pakati pavaEjipita.

Mubvunzo: Ucharangarira imwe minana yakaitwa naMwari pakati pavaEjipita?

[Akashandura rwizi Nile kuita ropa. Akatumira zvituko zveematatya, hwiza nenhunzi. Akatumira zvirwere kumhuka nevanhu veEjipita. Akatumira chimvura mabwe nemoto waibvira.

Akatumira hwiza kuti dzidye huswa, mashizha nemichero mumiti. Akatuma rima rikapararira Ejipita kwemazuva matatu zvokuti hapana aiona chinhu].

Mosesi naAaroni vakaita mashura pamberi paFarao, asi Farao haana kuregerera vanhu

velzirairi kuti vaende. Mwari vakati kuna Mosesi, “Ndichaunza rimwe dambudziko zve

pamusoro paFarao neEjipita”. Ipapo achakuregai kuti muende. Pava pakati peusiku

ndichafamba muEjipita, ndouraya madangwe ose- evanhu nemhuka- ndichaunza mutongo

kuna vamwari veEjipita.

Mubvunzo: Unofunga kuti sei Mwari akasarudza mashura aya kurova Ejipita? [Vanhu

veEjipita vaifunga kuti kuna vamwari vakawanda. Vainamata rwizi nezuva nemhuka

dzakasiyana-siyana. Matambudziko iwayo akatumirwa naMwari kuEjipita akatumirwa kukurira

vamwari vainamatwa navaEjipita. Mwari vakaratidza vaEjipita kuti vamwari vavainamata

vakanga vasiri vanamwari zvachose uye kuti iye oga ndiye Mwari mumwe wechokwadi.

Mosesi akatumwa naMwari kuve mudzikinuri welzirairi, akavatungamirira kubuda muEjipita

nekuita minana, mashura nezviratidzo. Mwari aizadzikisa chivimbiso chaakanga aita

kunaAbrahama, kuunza vanhu velzirairi kunyika yaakavavimbisa kuvapa.

SaAbrahama, Mosesi aive nekutenda kuti Mwari aizochengeta zvivimbiso zvake, Mwari

akazviratidza nekuita minana mikuru.

Mubvunzo: Ungavimba kuti Mwari anochengeta zvivimbiso zvake kwauri sei? [Nokuti

Bhaibheri ichokwadi, unogona kutenda zvinotaurwa naMwari.]

___ Chidzidzo chedu chinotevera chinonzi: Rwendo Rwukuru! Mosesi anotungamira vanhu velzirairi kubuda muEjipita nekugamuchira Mitemo ineGumi kubva kuna Mwari!

CHIDZIDZO #3 RWENDO RWUKURU

Ongororo

Mibvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“Ida Ishe, Mwari wako, nomoyo wako wose, nomweya wako wose, nokufunga kwako kwose. ³⁸ Ndiwo murairo mukuru nowokutanga. ³⁹ Wechipiri unofanana nawo, ndiwoyu: Ida wakwako; sezvaunozvida iwe” (Mateo 22:37-39)

Hunhu

Kuvimba

Mubvunzo wehurukuro

Dai mangamuchienda kurwendo muchigara musango nemhuri neshamwari dzako,

uriwe mutungamiri, ungaisa mitemo ipi kuti vanhu vose vawirirane nekuve vakachengetedzeka? Ungazive sei kuti mitemo yako yakanaka kana kuti haina?

Nyaya yemuBhaibheri yedu yanhasi iri pamusoro perwendo rwemusango irwo Mosesi nevanhu velzirairi vakaita pavakabuda muEjipita. Paive parwendo urwu apo Mosesi akagamuchira Mitemo ineGumi.

Rwendo Rwukuru

(Magwaro: Eksodo 20:3-17 nemagwaro akasarudwa munaEksodo)

Mosesi akatumwa naMwari kuve mudzikinuri welzirairi, akatungamira mhuri dzose kubuda muEjipita nekuita mashura neminana nezviratidzo muEjipita uye nepaGungwa Dzvuku. Kwaiva navanhu vanosvika mamirioni maviri muEksodo (zvichireva 'kubuda' kana 'kusimuka') Mosesi akaenda navo parwendo refu vachipfuura musango.

Mubvunzo: Unofunga kuti nei vanhu velzirairi vakavimba kuti Mosesi avatungamirire kupfuura musango? [Mwari aibatsira Mosesi kutungamirira vanhu vake].

Mubvunzo: Ucharangarira mashura akaitwa naMwari kubudikidza naMosesi kuparadza Ejipita? Sei mushure mekunge Mosesi nevalzirairi vabuda muEjipita Mwari vakapatsanura Gungwa Dzvuku kuti vakwanise kutiza mauto eEjipita aivatevera? Sei Mwari vaiita zvose izvi? [Mwari aibatsira vanhu kuti vavimbe munaMosesi kuti avatungamirire.]

Mwedzi mitatu vabuda muEjipita, Mosesi nevalzirairi vakabuda musango vakapinda mugwenga vaka dzika matende pamberi pegomo guru rinonzi Sinai. Mwari vakadana Mosesi kubva mugomo vakati, "Ndiri kuda kukupa mirairo yaunofanira kuendesa kuvanhu," Mwari vakapa Mosesi Mitemo ineGumi;

N.B. Ita kuti boka riverenge mitemo iyi umwe panguva imwe uye vapedza kuverenga mutemo woga woga bvunza boka kuti inorevei. (Mitemo ineGumi inowanikwa munaEksodo 20:3-17).

1. Usava navamwe vamwari kunze kwangu.

Kunamata Mwari oga. Mwari vanoda kuve wekutanga muhupenyu hwako.

2. Usazviitira mufananidzo wakavezwa, kana uri mufananidzo wechinhu chiri kudenga kumusoro, kana wechiri panyika pasi, kana wechiri mumvura pasi penyika.

Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira.

Namata Mwari munzira dzaakatitaurira kuti tiite.

3. Usareva zita raJehovha Mwari wako pasina

Kudza zita raMwari nemaitiro nematauro ako.

4. "Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene. Ubate mazuva matanhatu, uite mabasa ako ose; asi zuva rechinomwe iSabata raJehovha Mwari wako; usatongobata mabasa naro, iwe, kana mwanakomana wako, kana mwanasikana wako, kana muranda wako, kana murandakadzi wako, kana zvipfuwo zvako, kana mweni wako ari mukati mamasuo ako, nokuti namazuva matanhatu Jehovha akaita denga napasi, negungwa, nezvose zviru mukati mazvo, akazorora nezuva rechinomwe.

Tora zuva rekuzorora sechipo kubva kuna Mwari urishandise zvachenjera.

5. Kudza baba vako namai vako.

Teerera nekukudza vabereki vako.

6. Usauraya.

Kudza hupenyu hwavamwe.

7. Usaita upombwe

Kudzai Mwari nemiviri yenyu, chengeta pfungwa, mazwi nezviito zvenyu zvakarurama.

8. Usaba

Remekedza midziyo yevamwe.

9. Usapupurira wokwako nhema.

Mwari anoda kuti ude chokwadi urarame muchokwadi.

10. Usachiva chowokwako.

Gutsikana nezvauinazvo.

Mubvunzo: Sei Mwari akapa Mosesi nelzirairi Mitemo ineGumi? [Mwari akapa Mosesi Mitemo ineGumi kudzidzisa Izirairi kuda Mwari nevamwe].

Mubvunzo: Tingada sei Mwari? [Tinogona kuda Mwari nekumuratidza kuti ndiye akutungamira muhupenyu hwedu]. Tinozviratidza nokuita zvinotaurwa naMwari.

Kunyange Mitemo ineGumi yakapihwa Mosesi kare, ichiri yakakosha kuti tiitevedzere nhasi.

Muzvidzidzo zvinotevera, tichadzidza pamusoro pemutemo umwe nemumwe. Tichataura zvaunoreva uye kuti kurarama mumitemo yaMwari kungakubatsire sei kukupa hupenyu hwakanakisisa kwazvo.

CHIDZIDZO #4 KUNAMATA KANA KUSANAMATA
Usava Navamwe Vamwari Kunze Kwangu
(Namata Mwari Oga)

Ongororo

Mibvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“Zvino Dhanyeri akati anzwa kuti runyoro rwaiswa zita ramambo, akapinda mumba make zvino mahwindo ekamuri yake akanga akazarurwa achitarira kurutivi

rweJerusaremu; akapfugama namabvi ake katatu pazuva, akanyengetera nokurumbidza Mwari wake, sezvaaisiita”(Danieri 6:10).

Hunhu

Kuvimbisa/Kuzvipira

Mubvunzo wehurukuro

Ndeipi nguva yawakaramba wakamira pane zvawaiziva kuti zvakanaka kunyange vamwe vasabvumirana newe?

Nyanganyaya

Corrie Ten Boom akazvarirwa muHolland kuma 1890s mumhuri yechiKristu. Kungozvarirwa mumhuri yechiKristu hakubva kwangokuita muKristu, asi Corrie aida Jesu. Kutenda kwemhuri yavo kwakaedzwa apo Germany yakapamba Holland muna 1940.

Vanhu vekuGermany vaivenga maJuda. Vaivatorera midziyo yavo, mhuri dzechijuda dzaiparadzaniswa varume, vakadzi nevana vachitorwa kunoshanda mumakamba ehutapwa. MuEurope yose maJuda anopfuura mamirioni mashanu akapondwa, zvose izvi zvakaitika muhupenyu hwevanhu vachiri kurarama nhasi!

Mhuri yaCorrie yaipa maJuda nzvimbo yokuhwanda mumba mavo panguva yeWorld War II. Mhuri yake yakazopedzisira yatengeswa, semuripo wemoyo munyoro wavo aine makore 59 pamwe chete nemhuri yake. Corrie akaiswa mukamba youtapwa. Baba nasisi vake vakafira mumakamba aya.

Musi wa28 Zvita 1944, mushure memwedzi gumi ari mukamba yeudzvanyiriri weNazi Germany, Corrie Ten Boom akasunungurwa. Corrie akaita chivimbiso kuna Mwari kuti kana akatenderwa kurarama, aizoudza vanhu vazhinji vaaikwanisa pamusoro perudo neruregerero rwaJesu. Mwari vakaita chivimbiso kwaari. Kwemakore makumi matatu akatevera kusunungurwa kwake akafamba munyika dzinopfuura makumi netanhatu, achiudza vanhu pamusoro perudo rwaMwari nekutendeseka kwake kuburikidza nezvaakapindana nazvo ari mutirongo. Pama bhuku mapfumbamwe aakanyora rinonyanyo zivikanwa rinonzi The Hiding Place, ngano yekusungwa kwake nenguva yaakapedza ari mutirongo.

Dzimwe nguva zvakaoma kumiririra zvakanaka. Nyaya yedu yemuBhaibheri yanhasi iri pamusoro pomurume ainzi Danieri murume muJuda aigara munyika yainzi Persia (yave kunzi Iran nelraq iyezvino). Munyaya iyi Danieri aive nesarudzo yakakura yekuita.

Kunamata Kana Kusanamata

(Magwaro Danieri 6:1-23)

Zvino Dhariusi akaona kuti zvakanaka kugadza machinda ane zana namakumi maviri paushe hwake, vaifanira kuva paushe hwose; ² pamusoro pavo akagadza vakuru vatatu, Dhanyeri ari mumwe wavo; kuti machinda awa auye namashoko ose kwavari, uye kuti mambo arege kutadzirwa. ³ Zvino Dhanyeri uyu akapfuura vamwe vakuru namachinda, nokuti maari makanga muno mweya wakanaka kwazvo; mambo akada kumuita mukuruwoushe hwake hwose. ⁴ Ipapo vakuru namachinda vakatsvaka mhosva yavangapomere Dhanyeri pamusoro poushe, asi vakashayiwa shoko kana mhosva, nokuti akanga akatendeka, uye kwakanga kusina kutadza kana mhosva kwaari. (Danieri 6:1-4)

Mubvunzo: Unofunga kuti sei mamwe maGovernor akaedza kutsvaka zvakaipa pana Danieri? [Nekuti vaiva negodo].

“Vakashayiwa shoko kana mhosva, nokuti akanga akatendeka, uye kwakanga kusina kutadza kana mhosva kwaari. ⁵ Zvino varume ava vakati, "Hatingatongowani shoko

pamusoro paDhanyeri uyu, kana tisingamutsvakiri iro pamusoro pomurayiro waMwari wake."

.....
Mubvunzo: Ndeupi hunhu hwaiva naDanieri hwakamuita kuti aite basa namazvo?

[Danieri aive akatendeka uye aine hany'a nezviita].

Ipapo vakuru ava namachinda vakaunganira kuna mambo vari vazhinji, vakati kwaari, "Mambo Dhariusi, raramai nokusingaperi. ⁷ Vakuru vose voushe, navarayiri namachinda namakurukota namadzishe vakarangana kuti mambo aite murayiro nokutema chirevo chakasimba, kuti ani naani anokumbira chinhu kuna mwari upi noupi kana munhu upi noupi namazuva ana makumi matatu, asi kwamuri, imi mambo, awisirwe mugomba reshumba. ⁸ Zvino chitemai chirevo, imi mambo, muise zita renyu parunyoro, kuti chirege kuzoshandurwa, nomurayiro wavaMedhia navaPeresia usingashandurwi." ⁹ Naizvozvo mambo Dhariusi akaisa zita rake parunyoro nechirevo. ¹⁰ Zvino Dhanyeri akati anzwa kuti runyoro rwaiswa zita ramambo, akapinda mumba make zvino mahwindo ekamuri yake akanga akazarurwa achitarira kurutivi rweJerusaremu; akapfugama namabvi ake katatu pazuva, akanyengetera nokurumbidza Mwari wake, sezvaaisiita. ¹¹ Ipapo varume avo vakaungana vari vazhinji, vakawana Dhanyeri achikumbira nokunyengetera Mwari wake. ¹² Ipapo vakaswedera, vakataura pamberi pamambo pamusoro pechirevo chamambo, vachiti, "Hamuna kuisa zita renyu pachirevo, kuti ani naani anokumbira chinhu kuna mwari upi noupi kana munhu upi noupi namazuva ana makumi matatu, asi kwamuri, imi mambo, awisirwe mugomba reshumba here?"

.....
Mubvunzo: Ndeipi tsika yaiva naDanieri mazuva ose? [Ainamata kuna Mwari].

Mubvunzo: Unofunga kuti nei Danieri akaramba achinamata, kunyange zvaikwanisa kumuisa mumatambudziko? [Akaita chitsidzo naMwari oga, uye zvakanga zvakakoshera Danieri kufadza Mwari pane kunofadza vamwe vanhu].

Mambo akataura, akati, "Ishoko rechokwadi, nomurayiro wavaMedhia navaPeresia, usingashandurwi." ¹³ Zvino vakapindura, vakati pamberi pamambo, "Uya Dhanyeri wavana vaJudha vakatapwa, haana hanya nemi, imi mambo, kana nechirevo chamakaisa zita renyu, asi unokumbira katatu pazuva." ¹⁴ Zvino mambo akati achinzwa mashoko iwayo, akatsamwa kwazvo, akafunga mano pamwoyo pake okurwira Dhanyeri akatambudzika kusvikira zuva richivira achiedza kumurwira. ¹⁵ Ipapo varume ava vakaunganira kuna mambo vari vazhinji, vakati kuna mambo, "Zivai imi mambo, kuti ndiwo murayiro wavaMedhia navaPeresia, kuti chirevo chipi nechipi kana murau upi noupi wakatemwa namambo, hazvingashandurwi." ¹⁶ Ipapo mambo akarayira, vakauya naDhanyeri vakamuwisira mugomba reshumba. Mambo akataura, akati kuna Dhanyeri, "Mwari wako waunosishumira nguva dzose, achakurwira!"

.....
Mubvunzo: Mambo akaziva kuti Danieri aramba achishumira Mwari sei? [Nemaramiro aita Danieri nemaitiro ake, kuzvipira kwake kuna Mwari nekunamata- mambo aizviona].

¹⁷ Ibwe rakauyiswa, rikaiswa pamuromo wegomba, mambo akarimbisa nechidhindo chake uye nechidhindo chamadzishe ake; kuti kurege kuva nechinhu chimwe pamusoro paDhanyeri chingashandurwa. ¹⁸ Ipapo mambo akaenda kuimba yake youshe, akavata achizvinyima zvokudya; kunyange nezvinoridzwa zvipi nezvipi hazvina kuuyiswa pamberi pake; hope dzake dzikatiza. ¹⁹ Zvino mambo akafumomuka kwazvo mangwanani, akakasira kuenda kugomba reshumba. ²⁰ Akati achiswedera kugomba kuna Dhanyeri, akadana nezwi rokuchema; mambo akataura, akati kuna Dhanyeri, "Nhai Dhanyeri, iwe muranda waMwari mupenyu, Mwari wako waunosishumira nguva

dzose, ane simba rokukurwira pashumba here?" ²¹ Ipapo Dhanyeri akati kuna mambo, "Imi mambo, raramai nokusingaperi. ²² Mwari wangu akatuma mutumwa wake, akadzivira miromo yeshumba, dzikasandikuvadza; nokuti pamberi pake ndakawanikwa kuti handina mhosva, napamberi penyuo, imi mambo, hakune chakaipa chandakaita." ²³ Ipapo mambo akafara zvikuru kwazvo, akarayira kuti vabudise Dhanyeri mugomba. Naizvozvo Dhanyeri akabudiswa mugomba, vakashayiwa chose paakakuvadza, nokuti wakanga avimba naMwari wake.

Mubvunzo: Ndeipi sarudzo Danieri yaaitarisana nayo mushure memutemo waidziviswa kunamata kuna Mwari waiswa? [Kuita Mwari munhu akanyanyokosha muhupenyu hwake, kana kusaterera murairo waMwari nekuti mumwe munhu kana chinhu kuti chive chakakosha kupfuura Mwari].

Mutemo wekutanga Mwari waakapa Moses akati "**Usava navamwe vamwari kunze kwangu.** " (Eksodo 20:3). Izvi zvinoreva kuti Mwari vanoda kuve munhu akakoshesa muhupenyu hwako. Danieri akararama munzira dzairatidza vamwe kuti zvakanga zvakanyanya kukosha kuterera Mwari pane kufadza vanhu.

Mubvunzo: Ungaita sei kuti Mwari ave munhu akanyanya akakoshesa muhupenyu hwako nhasi?

CHIDZIDZO #5 JESU MUGETHSEMANE

Kudza Baba Naamai Vako

(Kudza nekuremekedza vabereki vako)

Ongororo

Mibvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

"Baba, kana muchida, bvisai mukombe uyu kwandiri! Asi kuda kwangu kurege kuitwa, asi kwenyu" (Ruka 22:42).

Hunhu

Kuteerera

Nhanganyaya

Chidzidzo chino chine zvikamu zviviri

1. Sei vana vachifanira kukudza nekuteerera vabereki vavo.
2. Basa rine vabereki maringe nevana vavo.

Mubvunzo: Zvinorevei kukudza mumwe munhu? [Kukudza zvinoreva kuti kuwana nguva yekuteerera kana kupa ruremekedzo kune mumwe munhu . Naizvozvo kana tikakudza baba kana amai, tinopa ruremekedzo rwedu kwavari].

Mubvunzo: Ndeipi nzira yakanaka yekukudza vabereki vako? [Nzira imwe yakanaka kuremekedza baba kana amai vako kuvateerera].

Mubvunzo wehurukuro

Pane zvikonzero zvakanaka zvitatu zvinopihwa muBhaibheri kuti sei tichifanira kukudza vabereki vadu. Ungafunga kuti zvikonzero izvi ndezvipi? [Mwari vanotiudza kuti tidaro, zvinofada Mwari, zvakanaka. Ngatitaure pamusoro peizvi]

Gethsemane

(Magwaro (Ruka 22:41-44))

Ngano

Gore rega rega, maJuda vanopemberera Pasika, kurangarira husiku Mosesi asati atungamirira rudzi rwelzirairi kubva muhutamwa muEjipita. Usiku Jesu asati arovererwa, iye nevadzidzi vake vaive muguta reJerusarema, vachidya kudywa kwePasika. Mushure mekudywa, iye nevadzidzi vake vakaenda kunzvimbo inonzi gomo reOlive. Jesu aiziva kuti aive avekuda kusungwa, kurohwa nekufira pamuchinjikwa. Asi hazvisi zvakananga zvoda kuitika. Kuna Jesu zvakananga zvakaoma zvakananga zvoda kuitika. Bhaibheri rinotiudza “**Akaparadzana navo, chinghambo chingasvika ibwe, kana rikaposhherwa; akafugama akanyengetera, ⁴² achiti: Baba, kana muchida, bvisai mukombe uyu kwandiri! Asi kuda kwangu kurege kuitwa, asi kwenyu. ⁴³ Ipapo mutumwa akavonekwa naye, wakabva kudenga, akamusimbisa. ⁴⁴ Zvino, ari pakutambudzika kukuru, wakanyanya kunyengetera; ziya rake rikaita samadonhwe eropa, akadonhera pasi.”**

Mubvunzo: Wakambo rasika uine vabereki vako here ukasiyawa uri wega? Wakanzwa sei?

Jesu haana kumbo paradzana nababa vake- Mwari. Asi izvi ndizvo zvaizoitika kuna Jesu pamuchinjikwa, Jesu aizviziva kuti ndicho chinhu chakaipa chaizo itika kwaari.

Mubvunzo: Sei Jesu aizoparadzana naMwari paakanga ari pamuchinjikwa? [Jesu aive akupira hupeny hwake kuitira iwe neni kubhadhara muripo wezvivi zvedu. Akatora zvivi zvevanhu vose panyika pamuviri wake. Bhaibheri rinoti chivi hachigoni kuve muhuvapo hwaMwari uye sezvo Jesu akatora zvivi akazvitakura, aifanira kuparadzana naMwari kwekanguva kapfupi].

Mubvunzo: Jesu airevei paakati, “mukombe uyu ngaupfuure”? [Jesu aireva kuroverwa kwake nekuparadzana naMwari].

Nekuziva kuti aive oda kupradzana naMwari, Jesu aida kusimbaradzwa kuti aite zvadiwa naMwari Baba vake kuti aite. Mufungo wekuparadzana naMwari wakarwadzisa Jesu panyama. Akanga asisachadi kuenderera mberi nekuzvipira, asi akati, “Kwete kuda kwangu, asi kuda kwenyu (kuda kwababa vake- kuda kwaMwari) kuitwe”. Nemamwe mazwi aiti, “Izvi handizvidi, asi ndichaita zvamunoda kuti ndiite nekusununguka”.

Pane zvimwe zvinhu zviri nyore kuti tione kuti sei vabereki vedu vachida kuti tiite chimwe ichi, “endesa marara panze zvinhu zvisati zvatanga kumera mumarara imomo”. Zvimwe zvinhu hazvisinyore kunzwisisa, “vamwe vese vari kuzviita, ndinotadzawo nei?” Vabereki vako vane zvikonzero zvakanaka, kunyange usingazvinzwise.

Mubvunzo: Pane basa rine vabereki vako maringe newe kuti ukwanise nekuda kukudza nakuvaremekedza. Unofunga kuti basa iri ringava rei? [Mwari anoda kuti vabereki vako vakudzidzise Shoko Rake- Mitemo Yake- zvinova zvakanakirawo].

Bhaibheri rinoti, “...asi varerei[vana venyu] pakuranga nokuraira kwaShe (VaEfeso 6:4).

Dzimwe nguva Mwari vane zvikonzero zvakanaka mupfungwa kuti sei achida kuti tiite (kana kusaita) zvimwe zvinhu, nokuti anoziva kuti zvakinakira kuti titevere nzira dzake kuitira kuti miviri yedu, mhuri dzedu, zvikoro zvedu, mabhizimusi edu, nyika yedu ishande nenzira yakanaka. Mwari vakagadzira mhuri, kuitira kuti vabereki vakutaurire mirairo yaMwari, kuti uzotaurira vana vako.

Muezaniso waJesu wekuti, Baba handidi kuita izvi asi ndichaita nokuti murikuda kuti ndidaro, muezaniso wakanaka wekuti mwanakomana kana mwanasikana anga kudze sei vabereki vake.

Hazvinoi zvinotaurwa neBhaibheri pamusoro pekuti vabereki vako vangakudzidzisa sei:

“Zvino mashoko awa andinokuraira nhasi, anofanira kuva mumoyo mako, ⁷ unofanira kushingaira kuadzidzisa vana vako, nokuataura kana ugere mumba mako, kana uchifamba munzira, kana uchivata pasi, kana uchimuka” (Deteronomi 6:6-7).

Basa ravabereki vako nderekukudzidzisa nguva dzose, kuitira kuti udzidze kuti Mwari vanoda kuti urame hupenyu hwako sei.

Mubvunzo: Unofunga kuti basa rako nderei semwanakomana kana mwanasikana?

[Kukudza vabereki nerukudzo nekuteerera nokuti zvakanaka uye zvinofadza Mwari].

Mubvunzo: Ndedzipi dzimwe nzira dzingabatsira vabereki vako kukudzidzisa Shoko raMwari? Ungafunga here dzimwe nzira dzingabatsira vabereki vako kukudzidzisa?

Mubvunzo: Ndeipi nzira imwe yaunga kudze nayo baba naamai vako svondo rino?

CHIDZIDZO #6 MUVAKIDANI AKANAKA

Usashndisa Zita RaJehova Mwari wako pasina
(Kudza Zita Ramwari Nenzira Yaunoita Nekutaura)

Ongororo

Mibvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“ Zvino mumwe muSamaria, wakanga ari parwendo, wakasvika kwaari; akati achimuvona, akamunzwira tsitsi”(Ruka 10:33).

Hunhu

Moyo munyoro

Mubvunzo weHurukuro

Ndeipi nguva yawakamboitira mumwe munhu “chinhu chakanaka”?

Ndeipi nguva yawakaitirwa “chinhu chakanaka” nemumwe munhu?

Agnes Bojaxhi akazvarwa muna1910 muYugoslavia muna1928 akasarudza kuve *nun*.

Mushure mekunge apedza nguva kapfupi mulreland akatumirwa kuti abatane nechita muguta reDarjeelin muNortheast India. Ave nemakore makumi maviri nerimwe akasarudza zita rokuti Teresa.

Pokutanga aidzidzisa *Geography* pachikoro chevasikana muCulcatta. Asi pane zvimwe zvaidiwa muguta iri. Maiva navanhu vakawanda vasina pokugara nevaipemha. Vane maperembudzi vaigara mumigwagwa pamwe chete nenherera. Muna 1946 Teresa akasiya basa rake somudzidzisi kuti achengete vanoshaya munzvimbo dzakamanikana muCalcatta. Muna 1948 akave mugari wemuIndia. Muna 1950 akaumba bato rinonzi Missionaries of Charity Order of Nuns.

Basa rake rokutanga raive muvana, kuvadzidzisa kuzviriritira nekudzidza kuverenga nekunyora. Akatora munhu wokutanga muna 1949, vamwe vazhinji vakoza batana naye mumakore akazotevera. Muna 1952 akatanga The Kalighat Home for the Dying. Akavamba nzvimbo inochengeterwa vanhu vane maperembudzi kuti avabatsire. Negore ra2000 manun anopfuura 3000 ave veMissionaries of Charity, vachishanda munzvimbo dzakasiyana munyika dzinopfuura zana.

Mother Teresa vakafa muna 1997. Vaigara nevanhu vavaibatsira. Vaichengeta vanhu nokuti vaida kuchengetwa, vasingatarisire chinhu kubva kwavari. Vakaradzika hupenyu hwavo kuratidza rudo netsitsi kuna vose.

Nhasi tichatarisa nyaya yemuBhaibheri inotiratidza kuti zvinoita sei kuita zvinhu nenzira inokudza Mwari. Inyaya yeMusamaira Akanaka.

Musamaria Akanaka

(Magwaro: Ruka 10:25-37)

²⁵ **Zvino mumwe mududziri womurairo wakasimuka, akamuidza, achiti: Mudzidzisi, ndingaitaiko kuti ndigare nhaka yovupenyu bwusingaperi?** ²⁶ **Akati kwaari: Pamurairo pakanyorweiko? Unorava sei?** ²⁷ **Iye akapindura, akati: Ida Ishe, Mwari wako, nomoyo wako wose, nomweya wako wose, nesimba rako rose, nokufunga kwako kwose, nowokwako sezvaunozvida iwe.** ²⁸ **Akati kwaari: Wapindura zvakanaka; ita izvozvo ugorarama.** ²⁹ **Asi iye, achida kuzviruramisa, akati kunaJesu: Wokwangu ndianiko?** ³⁰ **Jesu akapindura, akati: Mumwe munhu wakabva Jerusarema, akaburukira Jeriko; akawirwa namakororo, akamupamba nguvo, akamurova, akaenda, ndokumusiya oda kufa.** ³¹ **Zvino mumwe muPirisita wakanga achingoburuka hake nenzira iyo; akati achimuvona, akanyenyeredza.** ³² **Nokudaro muRevhi vo wakasvikapo, akamuvona,**

akanyenyeredza. ³³ Zvino mumwe muSamaria, wakanga ari parwendo, wakasvika kwaari; akati achimuvona, akamunzwira tsitsi, ³⁴ akaenda kwaari, ndokupombera mavanga ake, akaadira mafuta newaini; akamukwidza pachipfuwo chake, ndokumuisa kuimba yavaeni, ndokumuchengeta. ³⁵ Zvino, ava mangwana, oenda akabudisa madhenari maviri,* akaapa mwene weimba, akati: Muchengete; vuye zvose zvaunomuripira kupfuvura izvi, ndichakupa zve, kana ndichidzoka. ³⁶ Unofungei, ndoupiko kunavatatu ava wakanga ari wokwake waiye wakawirwa namakororo? ³⁷ Akati: Ndiye wakamuitira ngoni. Jesu akati kwaari: Enda, undoita saizvozvo.”

Mubunzo: Izwi rekuti muvakudzani rinorevei? [MuBhaibheri, izwi rekuti muvakidzani parinoshandiswa, rinogona kureva munhu anogara pedyo newe kana munhu anogara kure]. Rinonyatsoreva munhu wese arimo muhupenyu hwako.

Ipapo magweta emutemo akasimuka kuedza Jesu vakabvunza, “Ndiani muvakudzani wako?” zvaaireva ndezvekuti, “Ndinofanira kuda munhu wese here? Nekuti pane vamwe vanhu vandisingangofarira kana kumboedza kana kuda”.

MaSamaria vaive vanhu vaigara muSamaria, nyika iri pedyo nelzirairi. MaJuda aivenga maSamaria nekuti vaitenda muzvitendero zvakasiyana. Vanhu velzirairi vakanga vasingambo fambidzana namaSamaria.

Mubvunzo: Sei muSamaria akamira kuti abatsire murume ainge akakuvara aiva Juda?

[Zvakanga zvakakosha kuti muSamaria asatarise kusawirirana kwavo, akave nemoyo munyoro kumuJuda akanga akakuvara- kuda muvakidzani wake].

Munyaya yemuSamaria akanaka, vanhu vaviri, mupirisita nemuRevi, vakapfuura murume akanga akakuvara. Pakanyorwa nyaya iyi yemuBhaibheri, mapirisita vaive vaparadzi, vaRevi vaive vabatsiri vavo.

Mubvunzo: Sei zvakanga zvakaipa kuti mupirisita nemuRevi havana kubatsira murume akanga akuvara? [Raive basa ravo kuve varanda vaMwari vakatsanangurika]

Asi vakaita sevaranda vaMwari vakatsanangurika here? Vakaita zvinopikisana naizvozvo.

Havan a kumiririra Mwari munzira Yaaida kuti vaite. Ndicho chikonzero nei Mwari anoti, “Kana ukati uchandimirira, itai zvinhu zvandakakurairai kuti muite.”

Mubvunzo: Ungakudza Mwari sei nhasi nemaitiro ako?

CHIDZIDZO # 7: NGUVA YEKUZORORA (CHIKAMU 1)
Rangarira Zuva Resabata Nekurichengetedza Riri Dzvene

(Tora Zuva Rokuzorora Urishandise Sechipo Kubva Kuna Mwari Urishandise Zvine Ungwaru)

Ongororo

Gwaro nemubvunzo zvesvondo rakapera

Gwaro ranhasi

“Zvose zvamunoita, muzviitei nomoyo wose, sokunaShe, musingaitiri vanhu” (

VaKorosi 3: 23).

Hunhu

Kufaranuka

Mubvunzo weHurukuro

Une mabasa ekuita kumba here? Unonzwa sei paunomaita?

Nhanganyaya

Wakambonzwa here nezva S Truett Cathy? Ko nezve mombwe nezve zvikwangwani zve “eat mor chikin?” Chick-fil-A imwe yenzvimbo dzokudyira dzakabudirira munyika yeAmerica.

Ungade kuziva chikonzero chekubudirira kwavo here?

VaTruett vakavhura chitoro chavo chekutanga mugore ra1967. Vaida kukudza Mwari nekuzorora musi weSvondo saka vakaita sarudzo yekuvhara chitoro chavo musi woga woga wokutanga kwevhiki. Tichitaura patsvakiridzo Svondo izuva rechitatu panyaya yehuwandu hwekutanga kwevanhu muzvitoro zvekudyira, Chick-fil-A inovhara. Nekuda kwetsika iyi muzvitoro zvavo zvakawanda vanowanzo wana mari inoitwa nevamwe mumazuva manomwe mumazuva matanhatu.

Nguva nenguva vatungamiriri vezvitoro izvi vanoongorora tsika yavo yokuvhara musi weSvondo uye vanopedzisira vabvuma kuti zvinokudza Mwari. Vashandi vose vanobvuma kuchengetedza chinangwa chekambani: “Kukudza Mwari nekuva vatariri vakatendeka pazvose zvavakapihwa naMwari uye kufurira vamwe vavanosangana navo nenzira yakanaka.”

Mutemo wechina unoti, **“⁸ Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene. ⁹ Ubate mazuva matanhatu, uite mabasa ako ose; ¹⁰ asi zuva rechinomwe iSabata raJehovha Mwari wako; usatongobata mabasa naro, iwe, kana mwanakomana wako, kana mwanasikana wako, kana muranda wako, kana murandakadzi wako, kana zvipfuwo zvako, kana mweni wako ari mukati mamasuo ako, ¹¹ nokuti namazuva matanhatu Jehovha akaita denga napasi, negungwa, nezvose zviri mukati mazvo, akazorora nezva rechinomwe; naizvozvo Jehovha akaropafadza zuva reSabata akariita dzvene”(Eksodo 20: 8-11).**

Kunyangwe murairo wechina uchinyanyotaura nezvekuzorora, unotaura nezvekushanda futi. Tinofanira kuzorora kubva pane basa. Saka nhasi tichitaura nezvekuti murairo uyu unobatsira sei pakushanda kwedu nepamitambo yedu.

Sechiratidzo cherudo rwavo kuna Mwari, valzirairi vakarairwa kutevedzera mutemo waMwari wekuzorora nekushanda.

Nguva yekuzorora!

(Magwaro:Mavambo 1:31- 2:3)

³¹ Mwari akaona zvose zvaakaita, onei zvakanaka kwazvo. Madeko akavapo, namangwanani akavapo, zuva retanhatu.² ¹ Denga nenyika zvikapera saizvozvo, nouzhinji hwazvo. ² Mwari akapedza basa rake raakaita nomusi wechinomwe; akazorora nomusi wechinomwe pabasa rake rose raakaita. ³ Mwari akaropafadza musu wechinomwe, akaita mutsvene; nokuti akazorora nawo pabasa rake rose, raakanga asika nokuita iye Mwari.

Munyaya yekusikwa kwezvinhu, Mwari akashanda akati zvainge zvakanaka. Mushure mekusikwa kwaAdamu, Mwari akamupa basa rekuita. Bhaibheri rinoti, “**Jehovha Mwari akatora munhu, akamuisa mumunda weEdheni, kuti aurime nokuuchengeta**” (Mavambo 2: 15).

Mubvunzo: Mwari akapa Adamu basa rekuchengeta bindu raaigara nekushanda. Nhasi Mwari anoda kuti tichengete “bindu” raakatipa. Tingachengetedze patinogara sei? [Kushambidza dzimba dzedu, kunhonga marara, kudzima moto unopisa masango].

Mubvunzo: Kuchengetedza nyika kunotaridza chii pamusoro pemafungiro edu kuna Mwari? [Zvinotaridza kuti tinoremekedza Mwari uye tinotenda nezvaakatiitira].

Mashandiro edu atinoita anotaridzawo mafungiro edu atinoita pamusoro paMwari.

Mubvunzo: Bhaibheri rinotiudza zvinhu zviviri zvatinoifanira kuita pabasa ripi neripi ratinoita. Unozviziva here?

1. “Zvose zvamunoita, muzviitei nomoyo wose, sokunaShe, musingaitiri vanhu” (VaKorose 3: 23). Mwari anoti tinogona kumukudza mukuita basa kana mitambo yedu nemazvo.
2. “Itai zvose musinganyunyuti, musinhenharo...”?(VaFiripi 2: 14). Mwari anoti zvakanakosha kuve nemifungo yakanaka pamusoro pebasa, mitambo nezvose zvatinoita.

Mubvunzo : Ungakudze Mwari sei nebasa rawapihwa kuti uite muvhiki rino?

Muchidzidzo chinotevera tichatarisa zuva resabata nezvazvinoreva kurichengeta riri dzvene.
CHIDZIDZO #8 NGUVA YEKUZORORA (CHIKAMU CHECHIPIRI)

Rangarira Sabbata Urichengete Riri Dzvene

(Tora Zuva Rekuzorora Sechipo Kubva Kuna Mwari Urishandise Zvineungwaru).

Ongororo

Mubvunzo negwaro resvondo yapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“Chengeta zuva reSabata, rive dzvene, sezvawakarairwa naJehovha Mwari wako.”
(Deuteronomi 5:12)

Hunhu

Kuteerera

Ongororo yechidzidzo chesvondo rapera

Sechitaridzo cherudo rwavo Mwari vanhu velzirairi vakarairwa kutevera mutemo waMwari pamusoro pebasa nekuzororo. Tinogona kuratidza rudo rwedu kuna Mwari nemaitiro edu maringe nebasa nezororo.

Mubvunzo wehurukuro

Zvii zvinhu zvaunofarira kuita panguva yako yekuzorora?

Nhanganyaya

Muna 1924 tarisiro yeEngland yokuhwina nedhuru yegaridhe pamakwikwi e100m mumitambo yemaOlympics kuParis, France yakaramba kumhanya. Makwikwi ekutanga e100m aive akatarirwa kuitwa musi wesvondo, Eric akati “Handimhanye musi wesvondo. Svondo ndeyekunamata Mwari kwete yemitambo kwandiri.”

Vamiririri ve Britain vakaedza kuti hurongwa uhu hushandurwe asi vakakonewa. Vamwe vakamuti anopenga. Vanwe vakamuti mutengesesi. Asi Eric akaramba akabaturira pachivimbiso chake chokukudza svondo sezuva raMwari rokuzorora basa nemitambo. Pakutanga makwikwi okutanga e100m, Eric aitura mukereke iri muScotland pamusoro pekuzvipira kwake kuna Jesu Kristu.

Kunyangwe aive asiriwo makwikwi aagona Eric akabaturira kuenderera mberi pamakwikwi e400m, kusvika kuma *semi finals*. Pamakwikwi ekupedzisira murairidzi waEric akamupa katsamba kakanzi “**Anondikudza ndichamukudzawo**” (1 Sameri 2:30). Eric akahwina makwikwi e400m awa akanga asiri nyanzvi paari- panguva isati vakwaniswa nevamwe pasirose! (Kubva muHero Tales, naDave naNeta Jackson, Bethany House, 1997, pp 81-88).

Nguva Yekuzorora (Chikamu Chipiri)
(Magwaro: Deteronomi 10:12-13)

.¹² **"Zvino, Isiraeri, Jehovha Mwari wako unotsvakeiko kwauri, asi kuti utye Jehovha Mwari wako, ufambe munzira dzake dzose, nokumuda, nomoyo wako wose uye nomweya wako wose, ¹³ nokuchengeta mirairo yaJehovha, nezvaakatema, zvandinokuraira nhasi kuti ufare zvakanaka. (Deteronomi 10:12-13)**

Muchidzidzo chadarika takataura zvisvoma pamusoro pemafungiro edu maringe nebasa, asi mutemo wechina unonyanyotarisa mafungiro edu maringe neSabbata, zuva rekuzorora uye nekuri chengeta riri dzvene.

Mubvunzo: Kuti “tsvene” zvinorevei? [tsvene zvinoreva kuti zvakatsaurirwa basa raMwari]
Kutanga kweSabbata

Mwari akapa vanhu velzirairi zuva rekuzorora asati avapa Mitemo ineGumi.

Mubvunzo: Chimbodzokera kumashure pachidzidzo chatakataura pamusoro pevanhu velzirairi vachidzika matende mugwenga (#3). Ucharangarira kuti vakatora nguva yakareba sei mugwenga? [Makore makumi mana].

Mubvunzo: Ucharangarira here kuti Mwari akavapa zvokudya mumakore makumi mana aya sei? [Mwari akapa vanhu velzirairi mana yokuti vadye mugwenga].

⁴ Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, "Tarira, ndichakunisirai chingwa chinobva kudenga; vanhu vachafanira kubuda kundozviunganidzira chiyero chinoringana nezuva rimwe nerimwe, ndivaidze ndione kana vachida kuteerera murayiro wangu, kana kwete. ⁵ Zvino nomusi wetanhatu kana vogadzira izvo zvavauya nazvo, zvichaita zviyero zviviri kana vachienzanisa nechiyero chavanosiunganidza zuva rimwe nerimwe" (Eksodo 16:4-5).

Mosesi akavaudza, “²⁹ Tarirai, Jehovha zvaakakupai Sabata, naizvozvo anokupai zvokudya zvamazuva maviri nezuva retanhatu; mumwe nomumwe wenyu ngaagare kwaagere, kurega kuvapo nomunhu anobuda kwaagere nezuva rechinomwe.” ³⁰ Vanhu vakazorora nezuva rechinomwe” (Eksodo 16:29-30).

Mushure mekunge vanhu velzirairi vagadzikana vakave varimi Jehova akaudza vanhu, **“Unofanira kubata mazuva matanhatu, asi nezuva rechinomwe uzorore, nenguva yokurima neyokukohwa uzorore” (Eksodo 34:21).**

Pava paye, mushure mevanhu velzirairi vasisarimi chete, Mwari akadzika mutemo uyu pamabasa akasiyana avaiita, shandai mazuva matanhatu mozorora rechinomwe.

Mubvunzo: Mwari vakatipirei Sabbata? [Maringe nemutemo wechina, Sabbata rinobva pakusikwa. Mwari akasika zvinhu zvose mumazuva matanhatu, rechinomwe akazorora. Akazorora akatora nguva achifunga zvaingeaita].

Tinoshanda nokuti Mwari akashanda. Tinozorora nekuti Mwari akazorora. Mwari vakatigadzirira muenzaniso.

Mubvunzo: Tinokudza Mwari nekuzorora sei? [Kune zvikonzero zvitatu zvakanaka nei Mwari vakatiraira kuti tizorore].

1)Nekuti ane hanya nesu

Mubvunzo: Kuzorora kunoratidza sei kuti tinehanya nehupenyu hwedu? [Tikaramba tichishanda tinoneta, topedzisira tarukutika. Hatizoiti basa ratinenge tichiita nemazvo].

2)Zvinoratidza kuti tinovimba Mwari.

Mubvunzo: Kuzorora kunoratidza sei kuti tinovimba Mwari? [Mwari anoda kuti titore zuva rekuzorora tirangarire makomborero ose aakatipa, uye kuti tivimbe kuti anotipa zvatinoda kunyange tikatora zuva kuti tizorore].

3)Zvinoratidza kuti tinoda Mwari nekuchengeta mitemo yake.

Mubvunzo: Kuzorora kunoratidza sei kuti tinoda Mwari? [Nekuchengeta mutemo wake]. Bhaibheri rinoti, **“Zvino, Isiraeri, Jehovha Mwari wako unotsvakeiko kwauri, asi kuti utye Jehovha Mwari wako, ufambe munzira dzake dzose, nokumuda, nomoyo wako wose uye nomweya wako wose, ¹³ nokuchengeta mirairo yaJehovha, nezvaakatema, zvandinokuraira nhasi kuti ufare zvakanaka” (Deteronomi 10:12-13).**”

Mubvunzo: Ndedzipi nzira dzatingacherechedze nadzo zuva rekuzorora? [Rongai mutambo yemhuri kumba, rarai masikati, verenga bhuku].

.....
Zvimwe zvinhu zviri muchidzidzo chino zvakadzidzwa kubva The Ten Commandments (Playing by the Rules) [by Stuart Briscoe].

CHIDZIDZO # 9: ZVIMWE! ZVIMWE! ZVIMWE!

Usachive Zvinhu Zvemuvakidzani Wako

(Gutsikana nezvauinazvo)

Ongororo

Mibvunzo negwaro resvondo rakapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“....muzvivunganidzire fuma kudenga” (Mateo 6:20).

Hunhu

Kugutsikana

Nhanganyaya

Muna 1998, bhuku rekuAmerica, American Heritage rakanyora mazita evanhu makumi mana vainge vakapfuma kudarika vamwe vose maringe nemari yainge iripo muna 1998. Paive nevarume 39 nemudzimai mumwe chete. Mudzimai ainge akapfuma munhorondo yeAmerica ainzi Hetty Green, hupfumi hwake paakafa muna 1916 hwaifungidzirwa kuti hwaipfuura \$100 mirioni (mazuva ano inopfuura \$17 bhirioni). Asi Hetty Green aisanyanyo zivikanwa neupfumi hwake asi nekunyima kwaiita.

Unofungei neizvi? Pabhavhadhe rake remakore 21 Hetty akaramba kubatidza makenduru epa keke rake achiti aisada kutambisa. Mangwana acho akadzokera nemakenduru kuti anodzorerwa mari yaainge amatenga nayo.

Mushure mekufa kwemurume wake muna 1902, akatama kubva kumba kwake kuBellows Falls, Vermont kuenda kuHoboken, New Jersey kuti aswedere pedo nemari yake yaive muNew York. Aisava nemba asi aigara mudzimba dzokuterera achishandisa mari ishoma se \$5 pavhiki. Aigara akapfeka rokwe rimwe chete kusvikira rasakara. Kudya kwemasikati kwaive gorosi rakadzvurwa uye rakadziisira pachimushina chokubasa. N dofunga kuti tinogona kuti aisapa kune vanotambura!

.....
Hetty Green aichiva kupfuura vanhu vose. Zvose zvaibva pamafungiro ake. Mitemo mipfumbamwe yose ine zvokuita nemaitiro edu asi uyu wekuti tisachive unobata hunhu nemafungiro edu. Kuchiva zvinoreva kushuvira zvinhu nenzirra isina kunaka.

Mubvunzo: Imhando yezvinhu zvakaita sei zvaunofarira kuunganidza? [Mifananidzo yevatambi vebaseball, masiginecha evanhu vane mukurumbira, masirivha, matombo, zvidhori zvemhuka]. Haumbodi chinhu chakashata kana chisinga taridzike kwatiri.

Unoshuvira kuunganidza zvinhu zvatino farira nekudhonza meso edu.

Mubvunzo: Ndezvipi zvinhu zvaungade kugona kuita? [Mitambo, kudhirowa, shamwari, kuimba]. Une chishuvo chekubudirira. Pamwe unofarira kutamba mitambo yaunogona. Unoda kubudirira kuchikoro nekupasa. Mwari akatigadzira nenzira yekuita kuti tigone kuita zvinhu uye kuzviita zvakanaka.

Mubvunzo: Zvinhu zvakaita sei zvaunofarira kugadzira kana kuvaka? [Zvimufananidzo, dzimba dzemumuti, kupenda, kubika]. Une chishuvo chekugadzira kana kuvaka zvinhu nokuti Mwari akaisa matiri chishuvo chokuvaka nokugadzira zvinhu.

Mubvunzo: Pane chinhu chakataurwa muBhaibheri chaunga shuvire kuve nacho here? [Uchenjeri, rudo, mufaro, runyararo, kunaka].

Teerera izvi: **“Zvakatongwa naJehovha ndezvazvokwadi, zvakarurama kwazvo.**

Zvinofanira kutsvakwa kukunda ndarama, zvirokwazvo kukunda ndarama zhinji yakaisvonaka; zvinotapirawo kupfuura huchi” (Mapisarema 19:9-10). Mwari anoti unogona kuwana nzira yokurarama nayo inoshuvirwa yakanaka kubva muBhaibheri.

Izwi rokuti “kuchiva” rinobva pazwi rimwe chete nerokuti “farira” kana “kushuvira”. Hapana chakaipa pakushuvira zvimwe zvinhu. Sezvatanga tichingotaura, Mwari akatipa zvishuvo nezvakawanda kuti tifare. Asi pamwe nezvishuvo nezvakawanda zvokufara nazvo, zvatakapihwa naMwari pane zvimwe zvaakati hatifanire kutora, kuita kana kuwana.

Jaya Rakapfuma

(Magwaro: Ruka 18: 18-23)

“¹⁸ Zvino mumwe mukuru wakamubvunza, akati: Mudzidzisi wakanaka, ndingaiteiko kuti ndigare nhako yovupenyu bwusingaperi? ¹⁹ Jesu akati kwaari: Unondiidzireiko wakanaka? Hakun awakanaka, asi mumwe chete, iye Mwari. ²⁰ Mirairo unoiziva, inoti: Usaita vupombwe, usavuraya, usaba, usapupura nhema, kudza baba vako namai vako. ²¹ Iye akati: Izvi zvose ndakazvichengeta kubva pavuduku bwangu. ²² Zvino Jesu achizvinzwa, akati kwaari: Unoshaiwa chinhu chimwe chete; tengesa zvose zvaunazvo, upe varombo, uve nefuma kudenga; ugovuya, unditevere. ²³ Zvino wakati achinzwa izvozvo, akabatwa neshungu kwazvo; nokuti wakanga anefuma zhinji. (Ruka 18:18-23)

Mubvunzo: Jesu akati jaya rakapfuma raifanira kuita sei? [Jesu haana kuudza mukomana uyu kuti aida zvimwe zvimudziyo kuti awane hupenyu husingaperi- Jesu akamuudza kuti ane zvaifanira kuita: Kwete kuve nezvimwe zvakawanda asi kupa].

Mubvunzo: Sei jaya rakatsamwa Jesu paakariti ritengese zvose zvaraive nazvo? [Akaita upfumi hwake chinhu chakakoshesesa muupenyu hwake- kutokosha kupfuura Mwari- Jesu aitogona kumupa zvose zvaaitodokwairira, asi jaya raisada kutenda izvi. Aidisisa huupfumi hwake zvakapfuurikidza].

Teerera zvinotaura vhangeri raRuka: “Chenjerai, muzvichengete pakuchiva kwose, nokuti vupenyu bwomunhu habwuzi pazvinhu zvakawanda zvaanazvo (Ruka 12: 15). Jaya harina kuona hupfumi hwaro zvakanyatsonaka uye kuchiva kwaro kwakaunza makaro.

Mubvunzo: Hupfumi zvinongoreva mari chete here? Ungaite makaro pane zvimwe zvinhu zvisiri mari here? [Kuda kuonekwa, rumbidzo, zvigaro, zvipo, ruzivo, midziyo]. Ngationei kuti tingashuvire nenzira yakanaka sei, tisingaite makaro: “Govanai navatsvene pakushaiwa kwavo” (VaRoma 12:13). Goverana nevamwe kana ukawana mukana. “... Ipa usinga tswinyirire’ (Zvrevu 21:26). Ipa nepaunogona napo.

“Makangopiwa henyu chingopai henyu” (Mateo 10:8). Ipa nokuti wakagamuchira. Zvose zvatiinazvo zvinobva kuna Mwari , uye anotarisa kuti tibatsire vamwe nezvaakatipa.

Mubvunzo: Zvakaipa here kuve noupfumi? [Kwete].

Mubvunzo: Zvakaipa here kusagoverana nevanotambura? [Hongu]. Jesu akati, “...muzvivunganidzire fuma kudenga...” (Mateo 6:20). Unogona kuve neupfumi kudenga nekupa panyika.

CHIDZIZDO # 10: TANGAI MATSVAGA

Usachiva Chowokwako
(Gutsikana Nezvainazvo)

Ongororo

Mubvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“Asi tangai kutsvaka vushe hwaMwari nokururama kwake...” (Mateo 6:33).

Hunhu

Kugutsikana

Mubvunzo Wehurukuro

Wakamboda chimwe chinhu chakanzi nevabereki vako haukwanise kuva nacho here?

[i.e. Makeke usati wadya kudya kwemanheru, imwe vhidhiyo gemu, kunonoka kurara neawa rimwe.]

Ongororo

Muchidzidzo cheBhaibheri chedu chakapera takataura pamusoro pokuti kuita makaro kunokutorera mufaro wokupa vamwe sei. Kugoverana nekupa vamwe zvimwe zvinhu zvauinazvo, kunobatsira kuvaka pfugwa dzakanaka pamusoro pezvokutambisa, mari nezvimwe zvinhu zvakakosha zvauinazvo.

Nhanganyaya

Nhasi tichanzwa nyaya yemuBhaibheri inotiratidza kuti vamwe vanhu vanodokwairira zvinhu zvakanzu naMwari havakwanise kuve nazvo. Tozotaura pamusoro pekuita sarudzo dzakanaka pamusoro pezvinhu zvakatonzi hatikwanise kuve nazvo kwandiri newe.

Tangai Matsvaga

(Magwaro: Mavambo 2: 4-9, 15-18; Mavambo 3:1-7)

“⁴ Ndiko kuvamba kwedenga nenyika, musu wazvakasikwa:

Nezuva iroro Jehovha Mwari raakasika naro nyika nedenga, ⁵ makwenzi esango akanga achigere kuvapo panyika, nemiriwo yesango yakanga ichigere kumera; nokuti Jehovha Mwari akanga asati anaisa mvura panyika, uye kwakanga kusina munhu kuzorima pasi; ⁶ asi mhute yaisikwira ichibva panyika ichinyorevesa nyika yose. ⁷ Jehovha Mwari akaumba munhu neguruva revhu, akafuridzira mweya woupenyu mumhino dzake; munhu akava mweya mupenyu. ⁸ Jehovha Mwari akasima munda muEdheni, kumabvazuva, akaisapo munhu waakanga aumba.

“Jhovha Mwari akatora munhu, akamuisa mumunda weEdheni, kuti aurime nokuuchengeta. ¹⁶ Jhovha Mwari akaraira munhu achiti, "Ungadya hako miti yose yomunda, ¹⁷ asi muti wokuziva zvakakanaka nezvakaipa usaudya; nokuti nomusi waunoudya, uchafa zvirokwazvo." ¹⁸ Jhovha Mwari akatizve, "Hazvina kunaka kuti munhu agare ari woga; ndichamuitira mubatsiri akamukwanira."

“¹ Zvino nyoka yakanga ina mano kupfuura mhuka dzose dzesango dzakanga dzaitwa naJhovha Mwari. Ikati kumukadzi, "Nhai, ndizvo here kuti Mwari akati, `Regai kudya miti yose yomunda?' " ² Mukadzi akati kunyoka, "Tingadya hedu michero yemiti pamunda, ³ asi kana iri michero yomuti uri pakati pomunda, Mwari akati, `Regai kuudya, kana kuubata, kuti murege kufa.' " ⁴ Nyoka ikati kumukadzi, "Hamungafi zviro kwazvo, ⁵ nokuti Mwari anoziva kuti nomusi wamunoudya nawo, meso enyu achasvinudzwa, mukava saMwari, muchiziva zvakakanaka nezvakaipa." ⁶ Zvino mukadzi akati achiona kuti muti wakanaka kudyiwa, uye kuti unofadza meso, uye kuti muti unodikanwa

kungwadza munhu, akatora muchero yawo, akadya, akapawo murume wake, akadya naiyewo. ⁷ Ipapo meso avo, ivo vaviri, akasvinudzwa, vakaziva kuti havana kusimira; vakasonanidza mashizha omuonde, vakazviitira nguvo.

Mwari wedu, Mwari mumwe chete iyeye akafemera hupenyu munaAdamu, Mwari mumwe chete akadyarira Adamu naEva bindu, anokuda.

Mubvunzo :Ndeipi nzira yatingazive nayo kuti Mwari anotida?[Chikonzero chimwe chete chatinoziva nacho kuti Mwari anokuda ndechekuti haakuite kuti umude].Anokupa sarudzo yokuti umude kana kusamuda. Dai Mwari aikumanikidza kuti umude, rwaisava rudo.

Mubvunzo: Ndeipi nzira imwe yaunga ratidza nayo Mwari kuti unomuda? [Nzira imwe yaungaratidze nayo Mwari kuti unomuda kumuteerera].

Regai nditaure chimwe chinhu pamusoro pezwi rokuti “teerera”. Ukatsvaga zvinoreva izwi iri muduramazwi rinoreva kuti “ita sezvawa taurirwa.” Asi rinogona kureva kuti “kuumbika.” Kuumbika kufanana neumwe munhu kana chimwe chinhu zvinoreva kuve semunhu iyeye kana sechinhu ichocho.

Gatorade yakashandisa mazimari pazvivitviti ichi shambadzira kuti “Ivai saMike,” vachitarisira kuti vanhu vaidawo kuve saMicheal Jordan. Kana uchida kufanana naMike enda kunonwa Gatorade.

Mwari haana “Ivai saMike,” asi akati, “Ivai saKristu”.

Mubvunzo: Unoita sei kuti ufanane nemumwe munhu? [Unotamba naye.]. Wakamboona kuti kana ukanyanyo tamba nemunhu unopedzisira wave kutaura nekuita saye?

Mubvunzo: “Unofanana naJesu ” sei? [Shamwaridzana naye]. Ukawana nguva naJesu unotanga kumuziva. Sekungofanana nemunhu waunoswera naye, ukaswera naJesu unotanga kuve salye. Unotanga kuumbika kufanana naye. Saka paunoteerera Mwari unotanga kuve salye.

Mubvunzo: Sei Mwari achimbotipa mirairo pakutanga? [Kuti zvitinakire].

Bhaibheri rinoti, “**O Izirairi Jehova Mwari wako anokutaurira chiiko asi kuti utye Mwari, nekufamba munzira dzake, nekumuda nekumushumira nemoyo wako nepfungwa dzako dzose uye kucheredza mirairo yaJehova yandinokupai nhasi uno kuti zvikunakirei.**”

Mwari anoti, “Ndakakusika neumwe mutowo uye unonyatso shanda zvakanaka ukatevedzera mirairo yangu, asi isarudzo yako kuteerera kana kusateerera. Rangarira kuti sarudzo yako ine mubairo wayo (zvibereko zvesarudzo yako).

Wakasununguka kuita sarudzo asi hauna kusununguka kusarudza mubairo wesarudzo yako.

Mubvunzo: Mwari akati kudii nenyaya yemuchero wemumuti wemubindu? [Mwari akaudza Adamu naEva kuti vasadye muchero waiva mumuti wepakati pebindu. Adamu naEva vakaita nharo nezvavainge vaudzwa naMwari vachibva varega kuteerera]. Pakave nemubairo wesarudzo dzavo.

Mubvunzo: Unoziva kuti chii chakaitika nekusateerera kwaAdamu naEva here? [Mubairo mukuru ndewekuti chivi chakapinda munyika].

Bhaibheri rinoti, “**Saka, zvivi sezvazvakapinda munyika nomunhu mumwe, norufu rukapinda nezvivi; saizvozvo rufu rwakasvika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza”** (VaRoma 5:12)

Mubvunzo: Unofunga kuti sei vabereki vako kana mudzidzisi wako achikurambidza kuita zvimwe zvinhu? [Zvakare kuti zvikunakire: kukudzivirira, kuti hupenyu huendeke, kugadzira hunhu nekuti uzive zvakakosha].

Kazhinji vabereki vako vanenge vachikuitira zvakatonaka pavanokurambidza zvimwe zvinhu.

Mwari anoti zvakaipa kushuvira zvinhu zvaunorambidzwa. Anoziva kuti tikaita zvatinoshuvira, maitiro edu anenge asisina kunaka uye anotipinza mumatambudziko.

Mubvunzo: Ungarega sei kushuvira zvinhu zvaunorambidzwa? [Idzi dzimwe pfungwa dziri pano]: **“Tangai kutsvaka vushe hwaMwari nokururama kwake, izvozvi zvose zvichawedzerwa kwamuri”**(Mateo 6:33). Funga kuti chinhu chakanaka kuita ndechipi usati waita zvaunoda.

“Asi anofarira murayiro waJehovha; Anofungisisa murayiro wake masikati nousiku....”(Mapisarema 1:2). Verenga bhaibhairi uzive zvinotaura nagwaro pamusoro pezvakanaka nezvakaipa.

“Regai kundipa urombo kana fuma; Mundigutse nezvokudya zvakandifanira..” (Zvirevo 30:8-10). Gutsikana nezvauinazvo.

“Zvino Mwari wangu uchazadzisa kushaiwa kwenyu kwose pafuma yake, mukubwinya, munaKristu Jesu.” (VaFiripi 4:19). Rangarira kuti Mwari anokupa zvose zvaunoda.

.....
Dzimwe nguva iwe neni tinoda zvinhu zvatinoambidzwa. Nekuti chivi chakapinda munyika nokuda kwekusateerera kwaAdamu uye nekuda kwesarudzo yake iwe neni tinotadza.

Nhau yakanaka ndeyekuti Jesu anokupa simba rekuita sarudzo yakanaka pazvinhu zvaunorambidzwa kuita. Kumbira Jesu akubatsire kugutsikana nezvauinazvo uye ranagrira kuti Mwari anokupa zvose zvakafanira zvaunoda.

CHIDZIDZO # 11: MAFURO ANOGARA AKASVIBIRA

Usachive Zvinhu Zvemuvakidzani Wako

(Gutsikana Nezvauinazvo)

Ongororo

Mubvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro ranhasi

“Wazvidzireiko shoko raJehovha, ukaita zvakaipa pamberi pake?”(2 Sameri 12:9).

Hunhu

Kugutsikana

Mubvunzo weHurukuro

Une shamwari yakabva kutengerwa chinhu here pabhavhadhe kana Kisimusi chaungade kuvewo nacho? Chii? Uchiri kuchida here?

Ongororo

Muchidzidzo chakapfuura takadzidza nezva Adamu naEva kushuvira kwavaiita zvinhu zvavaisatenderwa naMwari uye kuti nekuda kwekusateerera kwavo chivi chakapinda munyika. Takazo taura nezvekugutsikana nezvatiinazvo nekuti Mwari anotipa zvakatifanira.

Nhanganyaya

Greyhound yainge iri mumafungu eku maodzanyemba kweAtlantic kwevhiki. Pazuva regumi nerimwe mutyairi wayo John Newton akange aneta zvekusagona kupomba, saka akaramba ari pachivhiri achiedza kuti chikepe chisabude munzira yacho. Kubva nguva dza1 masikati kusvika pakati pehusiku ainge angori pachivhiri ichi. Mafungu achiwomba zvaityisa, Newton aifanira kufunga. Hupenyu hwake hwaiita sewakaputsika sechikepe chaaityaira change chasakadzwa nemafungu. Kubva aine makore gumi nerimwe ainge ararama hupenyu ari mumakungwa. Vatyairi vezvikepe vaive vasina hunhu asi Newton aive nehumhuka hwaiityisawo vamwe vatyairi.

Newton akarasa dzidziso yamai vake yeBhaibheri akatungamirira vamwe vatyairi kuve mahedheni. Chokwadi painge pasina tariro kana kufunga kuti aizoponeswa, kunyange magwaro ari echokwadi. Asi pfungwa dzake dzakatanga kufunga zvaJesu.

Musi iwoyo pachivhiri, Kurume 21, 1748 raive zuva rakarangarirwa naNewton zvichienda mberi, nekuti "Pazuva iroro Jehova akatumira kubva kumusoro kudenga akandidzikinura kubva pamvura zhinji." Tsitsi dzaMwari dzoga ndodzaigona kutora mutyairi wechikepe akafumuka, anoshoreka, anotengesa vanhu muutapwa kumuita mwana waMwari.

Nyangwe Newton akamboenderera mberi nekutyaira zvikepe nekutengesa vanhu muutapwa hupenyu hwake hwakashandurwa. Pamakore 39, John Newton akatanga makore makumi mana nematatu ekuparidza vhangeri raJesu Kristu.

Pamisa yesvondo manheru Newton aiwanzonyora nziyo yaivasvitsa pachidzidzo negwaro ramanheru iwayo. Nziyo yake yatinoziva nhasi uno se "AMAZING GRACE"

(Christian Holy Institute, Glimpes Article # 28, www.gospel.com.net)

Tsitsi dzinondishamisa

Dzakandiponesa

Ndakange ndisingaone

Zvino ndakuona

John Newton akange akarasika asi akazowanikwa. Aiziva kuti akange aipa sei, uye kuti Mwari akamutora sei kubva muhuipi. Nhasi tichanzwa nyaya yemuBhaibheri yemunhu akaita zvakaipa uye kuti Mwari akamubatsira sei uye kuti akazodavira Mwari sei paakamubatsira.

Davidi naBethsheba

(Magwaro: 2Sameri 11- 12: 1-10)

Ngano

Imwe nguva yechirimo, Davidi (Mambo welzirairi) akatuma Joabu (mukuru wemauto) nehondo yose yelzirairi kuenda kuhondo. Asi Davidi akasara kuJerusarema.

"² Zvino nenguva yamadekwana, Dhavhidhi akamuka panhovo dzake, akafamba pamusoro pedenga reimba yamambo; akaona, aripo padenga, mukadzi wakanga achishamba; zvino mukadzi uyo wakanga akanaka kwazvo pakuonekwa kwake. ³

Dhavhidhi akatuma munhu kundobvunza kuti mukadzi uyo ndianiko? Mumwe akati, "Ko haazi iye Bhatishebha mukunda waEriami, mukadzi waUriya muHiti here?" ⁴ Dhavhidhi akatuma nhume kundomutora ..."

Davidi akaita chinhu chakaipa munyaya iyi. Aida kuti Bethsheba ave mukadzi wake kunyange aiziva kuti aive mukadzi waUriah. Chimwe chinhu chakaipa chakaitika zvekare. Davidi akanzwa shoko kubva kuna Bethsheba. Shoko raiti, "Davidi ndakabata mimba musu wandakauya kumba kwako."

Davidi aiziva kuti akaita chinhu chakaipa uye Mwari haana kufara nazvo.

Mubvunzo: Unofunga kuti sei Mwari asina kufadzwa naDavidi? [Basa ramambo raive kutungamirira nekuchengetedza vanhu vaMwari kubudikidza kuita zvakanaka nekuteerera Mwari. Asi Davidi akaita chinhu chakarwadzisa umwe wevanhu vake uye akatyora murairo waMwari. Chishuwo chake chakaipa chakaita kuti abe, anyepe nekutouraya!]

Teerera kuti Mwari akati kudii nekusateerera kwaDavidi:

"¹ Zvino Jehovha akatuma Natani kuna Dhavhidhi. Akasvika kwaari, akati kwaari, "Kwakanga kuna varume vaviri muguta rimwe; mumwe wakanga akafuma, asi mumwe wakanga ari murombo. ² Mufumi wakanga ana makwai nemombe zhinji kwazvo; ³ asi murombo wakanga asine chinhu, asi gwayana rimwe duku resheshu, raakanga atenga, akarirera; rikakura kwaari pamwechete navana vake, rikadya zvokudya zvake, nokunwira pamukombe wake, nokuvata pachifuva chake, rikafanana nomukunda wake. ⁴ Zvino mufambi wakati achisvika kumufumi, iye akaramba kutora chipfuwo kumakwai ake kana kumombe dzake, kuti achigadzirire mufambi wakanga asvika kwaari, asi wakatora gwayana romurombo, akarigadzirira munhu wakanga asvika kwaari." ⁵ Ipapo kutsamwa kwaDhavhidhi kwakamukira munhu uyu kwazvo, akati kuna Natani, "NaJehovha mupenyu, munhu wakaita kudai, anofanira kufa. ⁶ Uye anofanira kuripira gwayana iro namana, zvaakaita izvozvo, uye zvaakanga asine nyasha." ⁷ Natani akati kuna Dhavhidhi, "Ndiwe munhu uyo! Zvanzi naJehovha Mwari walsiraeri, `Ndakakuzodza iwe kuti uve mambo walsiraeri, ndikakurwira paruoko rwaSauro, ⁸ ndikakupa imba yatenzi vako, navakadzi vatenzi vako pachifuva chako, ndikakupa imba yalsiraeri neyaJudha; uye dai izvo zvisina kuringana, ndaikuwedzera zvokuti nezvokuti. ⁹ Wazvidzireiko shoko raJehovha, ukaita zvakaipa pamberi pake? Wauraya Uriya muHiti nomunondo, ukatora mukadzi wake kuti ave mukadzi wako, ukamuurayisa nomunondo wavaAmoni. ¹⁰ Naizvozvo zvino munondo haungabvi paimba yako nokusingaperi; nokuti wakandizvidza, ukatora mukadzi waUriya muHiti kuti ave mukadzi wako." (2 Sameri 12: 1-10).

Mushure mokunge Natani ataura, "**Dhavhidhi akati kuna Natani, "Ndatadzira Jehovha."** (2 Sameri 12: 13). Davidi akabvuma kuna Mwari kuti zvaakaita zvakange zvakaipa, uye akatongerwa zvainge aita zvakaipa.

Mubvunzo: Unofunga kuti Davidi akaiti paakabvuma kuti akange aita zvakaipa?

[Mushure mokubvuma kuti akange aita zvakaipa akanyora Mapisarema 51].

Mapisarema acho anoti, "**Sikai mukati mangu moyo wakachena, Mwari (Mapisarema 51:10).** Davidi aiziva kuti akange abvumira muedzo wekuda zvisiri zvake kuti umuitise kuti akanganwe mirairo yaMwari uye agozvinga iye oga. Aiziva kuti aifanira kureurura pfungwa dzake dzakaipa nezvishuwo zvake okumbira ruregerero rwaMwari.

Mubvunzo: Unofunga kuti sei Mwari akaisa murairo wokuti "Gutsikana nezvauinazvo" pokupedzisira? [Nokuti kushuvira zvakaipa kunokuita kuti utyore mimwe mitemo mipfumbamwe yose].

Mubvunzo: Tingadzidzire kugutsikana nezvatiinazvo sei? [Heano mazano:]

Gutsikana nemakomborero mazhinji auinawo. Bhaibheri rinoti, "...nokuti ini ndakadzidza kutenda nezvose zvandinazvo (VaFiriipi 4: 11).

Funga kana mifungo nezviito zvako zvichafadza Mwari. Bhaibheri rinoti, “**Jaya ringaramba richinatsa nzira yaro neiko? Kana richichenjerera sezvinoraira shoko renyu.**”¹⁰
Ndakakutsvakai nomoyo wangu wose; Musanditendera kutsauka pamirairo yenyu.¹¹
Shoko renyu ndakariviga mumoyo wangu, Kuti ndirege kukutadzirai” (Mapisarema 119: 9-11).

Funga kana zvishuwo zvako zvichabatsira vamwe. Bhaibheri rinoti, “**Mumwe nomumwe ngaarege kutarira zvake, asi ngaatarire zvavamwe vo”** (VaFiripi 2:4).

CHIDZIDZO #12: BATA NEMAZVO (CHIKAMU 1)

Usabe

(Remekedza Midziyo Yevamwe)

Ongororo

Mubvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

“...**Ude wokwako sezvaunozvida iwe. Rudo haruitiri wokwako zvakaipa...**” (VaRoma 13: 9-10)

Hunhu

Hany’a nerukudzo

Mubvunzo wehurukuro

Pane here akambobirwa mumhuri yenyu kana iwe? Wakanzwa sei?

Nhanganyaya

Zviito zvako zvibereko zvepfungiro ako. Saka zvakakosha kuti ufunge zvakanaka.

Nhasi tichataura pamusoro penzira vanhu dzavanobirana nadzo uye kuti sei Mwari achiti, “Remekedza midziyo yevamwe.”

Bata Nemazvo

(Magwaro: magwaro akasarudzwa)

Mubvunzo: Zvikonzero zvipi zvaungawane zvekuti sei vanhu vachiba? [Vanhu vanoba nezvikonzero zvakawanda zvakasiyana asi hapana chakanaka]:

- Moyo yedu haina kuchena. Bhaibheri rinoti, **“Moyo unonyengera kupfuura zvinhu zvose, wakaora chose” (Jeremia 17:9)**”Hunhu hwedu hwepanyama hunoita kuti titadze.
- Vamwe havagutsikane nezvavainazvo uye vanoda zvimwe- dzimwe nguva vasingade kuzvimirira kana kuzvishandira.
- Vamwe vakatsauka pamirairo yaMwari.
- Vamwe Havana hany’ a nezvinonzwawo vamwe.
- Vamwe havatendi kuti Mwari anovapa zvavanoda zvakafanira.

Mubvunzo: Ndedzipi nzira nhatu vanhu dzavangagona kubira vamwe nadzo?

- Kutora midziyo usina kupihwa mvumo.
- Kuba ruremekedzo kana simba.
- Kuba nguva kana mukana.

Ngatitaurei nezveimwe mienzaniso:

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wekuti vana vangabire mudzidzisi wavo sei?

[Nekusateerera muchikoro]. Muzvare Smart anotora nguva yakawanda achigadzirira zvidzidzo zvenyu. Kana Billy Bob achitaura neshamwari achikanganisa zvidzidzo uye muzvare Smart achimbomira achimutsiura, Billy Bob anenge atovabira nguva yavo.

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wokuti vadzidzi vanobira vavanodzidza navo sei?

[Nekukanganisa zvidzidzo]. Panguva iri kutsiurwa Billy Bob vaanodzidza navo vatobirwa nguva yavo yokudzidza.

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wokuti ungabire vabereki vako sei? [Nekusateerera].

Mwana akaudzwa kuti adzime chivitiviti aite basa rekuchikoro. Mwana akaramba, simba revabereki vake rabiwa, nokuti haana kuteerera simba rakapihwa vabereki naMwari [Tarisa pa Kudza baba namai].

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wokuti vatambi vemitambo vangabirana sei?

[Nekusaenda kunodzidzira mutambo]. Kana Samantha akaregera kunodzidzira nhabvu nekuti haasi kungodawo , atoba mukana wokuti vange varipo vose kuti vadzidzire pamwe chete zvakanaka.

Mubvunzo: Ndedzipi njodzi dzinoonekwa pakuba?

Kuba chinhu chemunhu kunogona kukuisa panjodzi nemutemo

Kuba kunoparadza hushamwari.

Kuba kunobvisa kuvimba kwevanhu mauri.

Kuba kunoita kuti unyepa uchiedza kuvhara nyaya yako yekuba.

Kuba kunogona kuti ube zvimwe zvekare.

Mubvunzo: Ndeupi magwaro emuBhaibheri angakubatsire kuremekedza nekuita zvakanaka kune vamwe? “Ini ndakadzidza kutenda nezvose zvandinazvo” (VaFiriipi 4:11). Gutsikana nemakomborero akawanda auinawo.

- **“Jaya ringaramba richinatsa nzira yaro neiko? Kana richichenjerera sezvinoraira shoko renyu” (Mapisarema 119:11).** Isa Shoko raMwari mumoyo mako.

- “Mumwe nomumwe ngaarege kutarira zvake, asi ngaatarire zvavamwe vo” (VaFiripi 2: 4). Usati waita chinhu, tarisa kuti chishuwo chako chinobatsira vamwe here.
- “.... Venga zvakaipa....” (VaRoma 12:9). Wona kuba sechinhu chakaipa ukuvenge.

Mubvunzo: Unofanira kuita sei kana munhu akakubira? [Iva nounyoro pane kuti umutsive]. Bhaibheri rinoti,

“Chenjerai kuti mumwe arege kutsiva mumwe zvakaipa nezvakaipa; asi nguva dzose mutevere zvinhu zvakanaka, mumwe kuno mumwe, nokunavose. (1VaTesaronika 5: 15). Izvi hazvirevi kungogara woti, “Ah zvakanaka, zvakaipa, zvinosuwisa. Pane nzira zhinji dzekubata nadzo nyaya iyi.” Zvinoreva kusaita hasha womutorerawo chinhu chake saka ukamutorerawo unenge wakuita zvakaipa sezvaanenge aitawo.

Mwari anovenga kuba nokuti kunoputsa ukama. Sema Kristu tinoudzwa kuti **“Ude wokwako sezvaunozvida iwe. ¹⁰ Rudo haruitiri wokwako zvakaipa” (VaRoma 13:9-10).** Nerubatsiro rwaMwari, kutaridza hunyoro, nekuzvidzora kunobatsira mumwe kuti aone kuti nzira dzaMwari ndodzakanaka.

CHIDZIDZO # 13: WAGONA! (CHIKAMU 2)

Usabe

(Remekedza midziyo yevamwe)

Ongororo

Mubvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro ranhasi

“Zvakanaka muranda wakanaka, wakatendeka. Wakanga wakatendeka pazvinhu

**zvishoma, ndichakuisa pamusoro pezvinhu zvizhinji. Pinda pamufaro washe wako”
(Mateo 25:21)**

Hunhu

Kuita hany’a nebasa

Mubvunzo weHurukuro

Funga basa rawakabva kupihwa nomudzidzisi wako. Akafara nebasa rawakaita here?

Muchidzidzo chanhasi tirikutarisa nzira mbiri vanhu dzavanobira Mwari nadzo:

- Nekusava nehany’a nezvaakatiitisa kuti tigone kuita
- Nekusava nehany’a nezvinhu zvaakatipa

Ngatitarisei nyaya yemuBhaibheri inotibatsira kunzwisisa kuti tingave nehany’a sei nezvatinopihwa naMwari.

Nyaya yematarenda

(Magwaro: Mateo 25:14-30)

“Nokuti vushe hwokudenga hwakafanana nomunhu wakaenda kuneimwe nyika. Akadana varanda vake akavapa fuma yake. ¹⁵ Akapa mumwe matarenta mashanu, mumwe maviri, mumwe rimwe, mumwe nomumwe zvakanwanirana nesimba rake, akafamba rwendo. ¹⁶ Pakarepo iye wakapiwa matarenta mashanu akaenda akaita mhindu nawo, akawana mamwe mashanu. ¹⁷ Saizvozvovo wakapiwa maviri akawana mamwe maviri. ¹⁸ Asi wakapiwa rimwe wakaenda akachera pasi, akaviga mari yashe wake. ¹⁹ Nguva huru yakati yapfuvura, ishe wavaranda ivavo akasvika, akagadzira mashoko navo. ²⁰ Wakanga apiwa matarenta mashanu akavuya namamwe matarenta mashanu akati, ishe makandipa matarenta mashanu tarirai ndawana mamwe matarenta mashanu. ²¹ Ishe wake akati kwaari zvakanaka muranda wakanaka, wakatendeka. Wakanga wakatendeka pazvinhu zvishoma, ndichakuisa pamusoro pezvinhu zvizhinji. Pinda pamufaro washe wako. ²² Wakanga apiwa matarenta maviri akavuyavo akati, ishe makandipa matarenta maviri, tarirai, ndawana mamwe matarenta maviri. ²³ Ishe akati kwaari, zvakanaka muranda wakanaka, wakatendeka, wakanga wakatendeka pazvinhu zvishoma. Ndichakuisa pamusoro pezvinhu zvizhinji. Pinda pamufaro washe wako. ²⁴ Wakanga apiwa tarenta rimwe naiye wakavuya vo akati, ishe ndakanga ndichikuzivai imi kuti muri munhu une hashu. Munocheka pamusati makadzvara, munovunganidza pamusati makakusha. ²⁵ Zvino ndakatyia ndikanoviga tarenta renyu pasi, hecho chinhu chenyu! ²⁶ Ishe wake akapindura akati kwaari, iwe muranda wakaipa unovusimbe wakanga uchiziva kuti ndinocheka pandisina kudzvara, ndichivunganidza pandisina kukusha. ²⁷ Saka waifanira kuisa mari yangu kunavebhanga kuti pakusvika kwangu ndingadai ndapiwa zvangu zvawanda; ²⁸ Naizvozvo mutorerei tarenta rake mupe unamatarenta ane gumi. ²⁹ Nokuti mumwe nomumwe unazvo uchapiwa ave nezvishinji asi usina uchatorerwa nezvaanazvo. ³⁰ Budisirai muranda pasina kurima rokunze. Ipapo pachava nokuchema nokugeda-geda kwameno.”

Mubvunzo: Sei varanda vaviri ava vakapihwa mubairo? [Varanda vaviri vakaita zvakanaka nezvavainge vapihwa kuti vaite, uye vakashandisa zvipo zvavo zvakanaka].

Mubvunzo: Sei ishe akatsamwa neumwe muranda? [Muranda aisabatsira, aive nehuipe nenungo]. Aibira Mwari nokuti akatambisa zvipo zvaakapihwa naMwari nokutambisa zvakare mukana waaiva nawo kuita basa raMwari.

Mwari akaona zvakange zvaitwa nemuranda ane nungo sekuba nokuti Mwari aitarisira kuti muranda uyu aizoitika zvokuru asi hapana chaakazoita.

Mubvunzo: Ndechipi chidzidzo chakakosha chechokwadi chaunodzidza panyaya iyi? [Zvinhu zvose ndezva Mwari]. Bhaibheri rinoti, **“Nyika ndeyaJehovha, nokuzara kwayo; Nyika yose navageremo” (Mapisarema 24:1).**

Sevaranda vemunyaya yemuBhaibheri, Mwari anokupa imwe midziyo yake kuti uchengete, uye anopa zvipo kuti tigone kushandisa midziyo iyi nehany’a. Gwaro remuBhaibheri rinoti, **“Tinezvipo zvakasiyana, patakapiwa nyasha napo” (VaRoma 12:6).**

Ngationei kuti zvinomboshanda sei. Batsira kufunga mhinduro dzemienzaniso iyi:

- Mudzidzisi ane chipo cheku [batsira vanhu kudzidza].
- Chiremba anonzwisisa kushanda komuviri uye ane chipo cheku [batsira vanhu kuti vapore].
- Mudzidzisi wemitambo anogona kubatsira vatambi vake kunzwisisa [kutamba pamwe chete sechikwata].
- Munhu anoronga kuti imba inovakwa sei anogona [kudhirowa kuti imba ivakwe sei]
- Muvaki anoziva [kuvaka imba kuti isawire pasi].
- Munhu anobatsira vanhu nemazano anoziva [kuteerera vanhu nekuvapa yambiro yakanaka].
- Muparidzi anoziva [kubatsira vanhu kuziva Bhaibheri nezvarinotaura].
- Murimi anoziva [kudyara zvirimwa zvekudya].

Zvisinei nezvatinenge tapihwa kuti tiite, izvi ndozvinotarisirwa naMwari kune munhu wose, **“Zvose zvamunoita, muzviitei nomoyo wose, sokunaShe, musingaitiri vanhu....” (VaKorosi 3:23).**

Saka paunoita basa rekuitira kumba ita kuti uve netsika nekushanda zvinozokubatsira kushandisa ruzivo nezvidobi izvozvo kwehupenyu hwose

.....
Mudzidzisi aibatsira umwe mwana nesvomhu. Mudzidzi akati, “Ko ndinombofanira kudzidzirei izvi? Ndinoda kuve mutyairi wemarori kana ndakura.” Mudzidzisi akapindura, “Zvino, kana wave mutyairi wemarori, une basa rekuisa nekuburutsa zvinhu murori rako. Unofanira kuziva uwandu hwezvinotakurwa nengoro yako. Ndiyo inonzi vhorumu. Unofanira kuziva huremu huchawedzerwa parori yako nezvinhu zvaunenge watakura. Isvomhu idzodzo. Une mitengo yaunofanira kuzivisa vakuru vako. Isvomhu zvekare. Zvino tochtanga svomhu yedu nhai?”

Mubvunzo: Ndezvipi zvimwe zvinhu Mwari zvaanoda kuitirwa newe? [Chimwe chacho ikozvino kuve nehany’a nebasa raakakupa kuti uite, kungave kuteerera vabereki kana basa rawapihwa nemudzidzisi kuchikoro. Chimwe chinhu kudzidza nezvekuti Mwari anoda kuti urarame sei].

Mwari paanozoti kwauri, “Ndobasa randoda kuti undiitire iri,” unenge wakagadzirira. Kana wapedza Mwari anozokuti, “Wagona muranda akanaka nokutendeka!”

CHIDZIDZO # 14: RANGARIRA JEHOVA MWARI WAKO

Usabe

(Remekedza midziyo yevamwe)

Ongororo

Gwaro nemubvunzo resvondo rapera

Gwaro ranhasi

“Kuti urege kuzoti mumoyo mako, `Simba rangu nokugona kworuoko rwangu ndizvo zvakandiwanisa fuma iyi.’¹⁸ Asi unofanira kurangarira Jehovha Mwari wako, nokuti ndiye unokupa simba rokufuma” (Deutronomi 8: 17-18).

Hunhu

Kuremekedza

Mubvunzo weHurukuro

Wakambonyora tsamba yokutenda here? Wakainyorera ani uye sei wakainyora?

Ongororo

Muchidzidzo chakapfuura takadzidza nezveimwe nzira vanhu yavanobira Mwari nayo; nekusava nehany’a nezvaakavapa.

Nhanganyaya

Nhasi tichataura pamusoro penzira yekubira Mwari imwe: Kumubira rukudzo nembiri zvinokodzera kuva zvake iye Mwari.

Ngano

Vanhu velzirairi vave kuda kupinda munyika yechipikirwa mushure mekudzungaira makore makumi mana mugwenga mushure mokubuda muEgypita. Mosesi anoyambira vanhu kuti vasakanganwe kupihwa nekuchengetedzwa kwavakaitwa naMwari mumakore iwayo.

Rangarira Jehova Mwari wako

(Magwaro: Deutronomi 8)

“¹ Murayiro wose wandinokurairai nhasi munofanira kuchenjera kuti muuite, kuti mugorarama, nokuwanda, nokupinda munyika yakapikirwa madzibaba enyu naJehovha, muiite yenyu. ² Unofanira kurangarira nzira yose yawakafambiswa nayo naJehovha Mwari wako murenje makore awa makumi mana, kuti akuninipise, nokukuidza, kuti azive zvaiva mumoyo mako, kana wakanga uchida kuchengeta mirairo yake, kana kwete. ³ Akakuninipisa, akakuziyisa nenzara, akakugutsa nemana yawakanga usingazivi, kunyange madzibaba ako akanga asingaziviwo; kuti akuzivise kuti munhu haararami nezvokudya zvoga, asi kuti munhu unorarama nezvose zvinobuda mumuromo waJehovha. ⁴ nguvo dzako hadzina kukusakarira, netsoka dzako hadzina kuzvimba makore awa makumi mana. ⁵ Funga mumoyo mako, kuti Jehovha Mwari wako unokuranga somunhu unorange mwanakomana wake. ⁶ Unofanira kuchengeta mirairo yaJehovha Mwari wako, kuti ufambe nenzira dzake nokumutya. ⁷ Nokuti Jehovha Mwari wako unokupinza munyika yakanaka, nyika ine hova dzemvura, namatsime, namadziva akadzika, anobuda pamipata napamakomo; ⁸ nyika ine zviyo, nebhari, nemizambiringa, nemionde, nemitamba; nyika yemiorivhi ina mafuta, nouchi; ⁹

nyika kwauchadya chingwa, usingashaiwi, kwausingatongoshaiwi chinhu; nyika ina mabwe emhangura, napamakomo ayo uchachera ndarira”

Mubvunzo: Ndedzipi dzimwe nzira Mwari dzaakachengetedza nadzo vana velzirairi mugwenga? [Mwari akavatungamirira mugwenga, akavapa manna, akaita kuti nhumbi dzavo dzisasakare, akaita kuti vasakuvare sezvo vaifamba rwendo rukuru].

Mubvunzo: Mosesi aibatikana nei vanhu velzirairi pavazosvika munyika yechipikirwa? [Mosesi aibatikana kuti vana velzirairi pavaingopinda munyika yechipikirwa, vaibva vazokanganwa kuti Mwari akava chengetedza pavaive mugwenga]. Vaizokanganwa kupa Mwari mbiri nekuda kwemakomborero mazhinji avainge vave kugamuchira.

Mubvunzo: Ndeapi mamwe emakomborero Mwari aaizopa vana velzirairi pavaizopinda muyika yechipikirwa? [Nzizi nehova, zvokudya, nharaunda yakanaka]. Vaizove nezvose zvavaida kuti vararame.

Ngatiendererei nenyaya:

“Uchadya ukaguta, ukavonga Jehovha Mwari wako nokuda kwenyika yakanaka yaakakupa. ¹¹Chenjera kuti urege kukanganwa Jehovha Mwari wako, ukasachengeta mirairo yake, nezvaakatonga, nezvaakatema, zvandinokuraira nhasi; ¹²kuti kana wadya ukaguta, ukavaka dzimba dzakanaka, ukagara madziri, ¹³nemombe dzako namakwai ako akawanda, nesirivha yako nendarama yako ikawanda, nezvose zvaunazvo zvikawanda, ¹⁴moyo wako ukazvikudza, ukakanganwa Jehovha Mwari wako, wakakubudisa panyika yeljipiti paimba youranda” (Deutronomi 8: 10-14).

Mubvunzo: Chidzidzo chei chaungadzidze kubva panyaya iyi yemuBhaibheri? [Ukakanganwa kutenda Mwari uri kuba rukudzo rwake, sezvo zvose zviri zvake kubva pakutanga].

Magwaro anoti: “Nyika ndeyaJehovha, nokuzara kwayo; Nyika yose navageremo” (mapisarema 24:1).

Mwari anoda kuti urangarire kumutenda nezvose:mweya wekufema, mvura yaunonwa, nyangwe muviri wako, unokugonesa kunakirwa nezvipo zvose zvaunazvo.

Mubvunzo: Pane nzira nhatu dzatinobira Mwari nadzo. Ungafunge kuti ndedzipi? [Nezvatinoogona kuita (zvipo zvedu), nemari yedu, nemashoko nezviito zvedu].

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wekuti ungarega kubira Mwari nezvipo zvaakakupa? [Nekumutenda nezvaunogona kuita, matarenda nezvipo].

Sevanhu velzirairi, ukakanganwa kutenda Mwari nekukungonesa svomhu kana kuverenga, mitambo kana kiridza, kubira Mwari ikoko nokuti zvinomubira rukudzo rwaanokodzera nokuda kwezvaakakupa.

Rangarira kutenda Mwari nezvipo zvako. Uye zvishandise zvakakanaka.

Mubvunzo: Ndeipi muenzaniso wokuti ungarega sei kubira Mwari nemari yako?

[Nekupa chegumi nezvipo]. Mwari anoti, “...munondibira. Asi imi munoti, `Takakubirai pazvinhu zvipi?’[Mwari anoti] Pane zvegumi nezvipiriso zvinotsaurwa” (Maraki 3:8).

Mwari anoti udzosere kwaari chidimbu chezvaakakupa. Ukasapa unobira Mwari mukana wokuti abatsire vamwe vanotambura nezvaakakupa. Zvinokutadzisa kivimba muna Mwari neupenyu hwako zvakazara. Ukasateerara murairo waMwari muchikamu chimwe chehupenyu hwako, hupenyu hwako hwaunake sezvaunofanira kuva.

Rangarira kudzosera Mwari chidumbu chezvishinji zvaakakupa.

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wokuti ungarega sei kubira Mwari nemashoko nezviito zvako? [Kutaura nenzira inokudza Mwari] Bhaibheri rinoti, “Ava vanhu zvavanoswedera

kwandiri, vachindikudza nomuromo wavo uye nemiro yavo, asi moyo yavo vakaiisa kure neni” (Isaya 29:13).

Ukataura chinhu chimwe chinokudza Mwari, asi wotendeuka woita zvisingakudze Mwari, waba kubva pahunhu hwa Mwari nezita rake, uye Mwari anozvidzika kwauri nevamwe. Kudza Mwari nemashoko nezviito zvako.

Mubvunzo: Ndezvipi zviimwe zvinhu zvakanaka Mwari zvaakapa iwe nemhuri yako? [Imba, zvokudya, nhumbi, utano, shamwari, kereke yepamba, Mwanakomana wake Jesu].

Mubvunzo: Ungamutende nezvinhu izvi mazuva ose sei? [Nyora tsamba yokuvonga nehupenyu hwako].

CHIDZIDZO 15: RANGARIRA JEHOVA MWARI (CHIKAMU 4)

Usabe

(Remekedza Midziyo Yevamwe)

Ongororo

Gwaro nemibvunzo yesvondo rapera

Gwaro ranhasi:

“...kana kuri kuraira, pakuraira kwedu; unopa, ngaape nomoyo wose” (VaRoma 12:8).

Hunhu

Kupa

Mubvunzo hwehurukuro

Ndezvipi zvinhu zvaunogona kuita? Ungashandise zvaunogona kuita kubatsira vamwe sei?

Ongororo

Parizvino, tatarisa nzira mbiri vanhu dzavanogona kuba nadzo:

Kubva kune vamwe nekubva kuna Mwari.

Mubvunzo: Ndedzipi nzira mbiri vanhu dzavanobirana nadzo? [Kutora midziyo yevamwe usina mvim, kuba chimiro kana simba revamwe].

Mubvunzo: Ndedzipi nzira vanhu dzavananobira Mwari nadzo? [Kushaya hany'a nezvipi zvatakapihwa naMwari, kushaya hanya nezvinhu zveakatipa, kubira Mwari rukudzo rwake nembiri yake].

Nhanganyaya

Andrew Carnegie akaberekwa ku Scotland muna 1835. Kutambura kwemhuri yake kwakamudzidzisa chidzidzo. Mhuri yaCarnegie payakasvika muAmerica mugore ra1848, Andrew akazvipira kupfumisa mhuri yavo.

Carnegie akabva kumatangwena eku Pittsburgh kuenda kudzimba dzakanaka dzeku New York Mugore ra1868 Carnegie ainge ane \$400 000 (inoda kusvika \$5 minomi mazuvano). Kwemakore 30 aikunda vose muindastiri ye steel. Mugore ra1900 kambani yake yaigadzira *steel* yakawanda kupfura yaigadzirwa mu Britian yose. Paakatengesera kambani yake kuna J.P Morgan muna 1901, Carnegie akazviwanira \$250 mirioni (inoda kusvika \$4,5 birioni mazuvano).

Nhasi anoyekwa nezvipo zvake zvedzimba dzokuimbira, mari dzaabhadharira vana kuti vaende kuchikoro uye dzimba dzokuverengera dzinoda kusvika 3000. Panguva yekufa kwake muna 1919, akange apa \$350 mirioni (inopfuura \$3 birioni mazuvano).

Muchidzidzo chino tinoda kutaura nezveimwe nzira yekuba kwevanhu: Kuzvibira

Mubvunzo: Ungazvibire sei?[Nekusapa]. Mwari anokutaurira kuti upe chidimbu chezvaakakupa. Ukasapa, unozvibira mufaro unouya nekubatsira vamwe nekupa.

Zvakakomborerwa Kupa
(Magwaro: Mako12:41-44)

“⁴¹ Zvino Jesu wakanga agere akatarisana nechivigiro chemari, akatarira vanhu vazhinji vachiisa mari muchivigiro; vafumi vazhinji vakanga vachiisa zvizhinji. ⁴² Kukasvika chirikadzi, waiva murombo, akaisa tumari tuviri tuduku tunoita fadini. ⁴³ Akadanira vadzidzi vake kwaari, akati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Chirikadzi iyi, iri murombo yakaisa zvizhinji kunavo vose vakaisa muchivigiro; ⁴⁴ nokuti avo vose vakaisa vachitora pazvishinji zvavo; asi iye wakaisa achitora pakushaiwa kwake, zvose zvaakanga anazvo, zvose zvaafanira kurarama nazvo.

Mako 12:41-44”

Chinyararire pasina kufarirwa nechaunga, chirikadzi iyi yakaisa pose payaiva napo. Asi vadzidzisi vemutemo, vatungamiri ve Izirairi vaifarira kuonekwa, vaifamba nenhumbi dzainge dzakanakisa, vachionekwa nemunhu wose, vaine zvigaro zvikuru mukereke nenzvimbo dzinoonekera pamakungano.

Mubvunzo: Chii chakaita kuti Jesu ati chipo cheshirikadzi ndicho change chakakura pazvose zvakapihwa? [Akapa zvose zvaiva nazvo kuti ararame]. Chakakudza chipo chake maitiro ake maringe nekupa.

Ipfungwa idzi dzekupa dzatiri kudzidza nhasi

Mubvunzo: Pane akapa kupfura Mwari here? [Kwete]

Mubvunzo: Mwari akapa sei kwatiri?

Zvose zvatinazvo zvinobva pane zvatakupihwa naMwari. Bhaibheri rinoti, “**Nyika ndeyaJehovha, nokuzara kwayo ... (Mapisarema 24:1).**

“**Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi” (Johani 3:16).** Mwari anotipa hupenyu husingaperi sechipo.

“**Izvo zvisina kuvonekwa neziso, kana kunzwika nenzeve, Nezvisina kupinda mumoyo womunhu, Ndizvo Mwari zvaakagadzirira vanomuda” (1VaKorinde2:9).** Mwari anotipa kupfuura zvatinotarisa.

Mubvunzo: Sei vanhu vachipa? [Vanhu vanopa nokuti Mwari akaisa matiri chishuwo chokupa. Zvinoita kuti Mwari afare pauopa, nokuti zvinobatsira vamwe vanhu].

Mubvunzo: Pane nzira nhatu dzaunogona kupa nadzo. Unofunga kuti ndedzipi? [Nguva yako,zvatinogona (zvipo) nemari yako].

Takuda kutaura kuti sei uchifanira kupa, unofanira kupa chii, unopa sei, nekuti unopa rinhi.

Mubvunzo: Sei uchifanira kupa? [Nokuti wakagamuchira zvakawanda kubva kune vamwe]. Bhaibheri rinoti:

“**Makangopiwa henyu chingopai henyu.” (Mateu 10:8).**

“**Zvakakomborerwa kupa pane kugamuchira”Mabasa evapostori 20:25).**

Zvakanaka kungwana kana kuitirwa zvinhu, asi Mwari anoti paunopa zvinokubatsira nekubatsira vamwe zvekare.

Mubvunzo: Zvinokubatsirei kupa? [Zvinozadzisa chishuwo chekupa chakaiswa naMwari mauri].

Mubvunzo: Zvinobatsirei vamwe kana ukapa? [Vanowana zvavanoshaiwa].

Mubvunzo: Tinofanira kupa chii? [Ipa zvaunazvo nokuti unoda].

Bhaibheri rinoti, “Zvino rangarirai chinhu ichi: Unodzwara zvishoma, unocheka vo zvishoma; unodzwara zvizhinji, uchacheka vo zvizhinji. ⁷ Mumwe nomumwe ngaaitse sezvaakafunga pamoyo; arege kuita nokuchema, kana nokurovererwa; nokuti Mwari unoda munhu unopa nomufaro” (2VaKorinde 9:6-7).

Bhaibheri rinoti zvekare,

“Mwanakomana wangu, ndipe moyo wako; Meso ako ngaafarire nzira dzangu” (Zvirevo 23:26). Teerera Mwari kuti urame hupenyu hwakazara uye unehudzamu.

Mubvunzo: Tinopa sei? [Ipa nepaunogona napo]. Bhaibheri rinoti:

“...vakarurama vanopa vasingatswinyirire” (Zvirevo 21:26), rangarira shirikadzi yakanga isina zvakanwanda zvokupa, asi yakapa zvayaikwanisa.

Mubvunzo: Tinofanira kupa rinhi? [Goverana mukana paunosimuka]. Magwaro anotiudza kuti, “Govanai navatsvene pakushaiwa kwavo” (VaRoma 12:13).

Magwaro anotiudza zvekare,

“Munyengetere nguva dzose nokunyengetera kwose nokukumbira muMweya, muchirinda pazvinhu izvi nokutsunga kwose nokukumbirira vatsvene vose” (VaEfeso 6:18). Namata paunowana chekunamatira.

Mubvunzo: Ndevapi vanhu vakakupa uye vakakupa sei? [Vabereki vanokuratidza rudo rwaMwari, vadzidzisi vanokubatsira kudzidza kuchikoro, vadzidzisi vanokubatsira kugona mitambo, mauto anochengetedza nyika yenyu].

Mubvunzo: Funga kuti zvinofadza sei munhu akatora nguva kuti akubatsire.

Ungabatsira vamwe sei nhasi nekupa nguva yako, mari yako nekushandisa chipo chako?

CHIDZIDZO # 16: MWARI WANGU AKAKURA KUPFUURA MWARI WAKO

Usava nevamwe vamwari kunze kwangu

Namata Mwari Nenzira Dzaakatitaurira

Ongororo

Mubvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro ranhasi

“Mucharamba muchifunga mifungo miviri kusvikira rinhiko? Kana Jehovha ari Mwari, mumutevere, kana ari Bhaari, mumutevere iye” (1 Madzimambo 18: 21).

Hunhu

Kuva nehany'a

Mubvunzo Wehurukuro

Une shamwari yakatama kunogara kure here? Unomboichaira nhare kana kuinyorera here? Kana ukasabatana nayo kwechinguva chii chinoitika?

Nhanganyaya

Paive nemhembero yezororo mumusha weMei- hua kuChina, zvaisanganisira kupira kuzvimwari zvavo. Watchman Nee aiva nechikwata chevaparidzi vaiedza kuparidza vhangeri mumigwagwa panguva iyi. Asi vanhu vaisateerera. “Tina mwari wedu Ta- wang (zvinoreva mambo mukuru). Mabiko ake asara nemazuva maviri kuti asvike uye kwemakore 286 Ta- wang aitumira zuva kuitira mabiko ake asinga kundikane.... ” Zvino ndinokuvimbisai,

akachema Li (mumwe wevaparidzi vaive naWatchman Nee), “Mwari wedu anova Mwari mukuru achaita kuti panaye zuva remabiko aTa-wang.”

.... Ipapo vanhu vakada kuziva... “Tabvumirana!” vakachema. “Kana kwakanaya musi wemabiko aTa-wang zvinoreva kuti Jesu wako ndiMwari chaiye. Tinenge tagadzirira kunzwa nezvake.”

Pazuva remabiko aTa-wang kwaive nezuva. Watchman akaedzwa kukumbira Mwari kuti kunaye, asi akanzwa kazwi kakanyorovera kachiti, “Mwari waEriya ari kupi?” apo Watchman nevamwe vake pavakakotamisa huso kuti vanamatire kudya kwavo kwemangwanani, kwakatanga kunaya. Mvura yakazotanga kunaisa.

Vamwe vemumusha vakachema, “Jesu ndiMwari!” Vanamati vaTa-wang vakaenderera mberi nekutenderera nechimuumbwa chavo zvakadaro. Mvura yakazozara mumigwagwa vanhu vakatanga kutsvedza chimuumbwa chavo chakapwanyika. Musha wese wakabva wagadzirira kuteerera vhangeri ipapo.

(Kubva muHero Tales, naDave naNeta Jackson, Bethany House 1997, pp 98-100)

Muchidzidzo chanhasi Mwari anotuma murume anonzi Eriya kunomisidzana nemurume anonzi Ahabu akakanganwa nezvaMwari akatanga kuita zvinhu zvakaipa. Tichanzwa kubva kuna “Mwari waEriya” sezvakaita Watchman Nee nemusha weMei-hua.

Ngano

Ahabu aive mambo welzirairi uye aive mambo akaipisisa. Bhaibheri rinoti Ahabu akaita zvakanwanda kutsamwisa Mwari kupfuura vose vakamutangira kutonga. Ahabu akarooro Jezeberi aive mwanasikana wenyika yakavakidzana nelzirairi, uye akafurirwa kunamata chimwari chavo, Baari. Kwete izvozvo zvoga, Ahabu akaraira Izirairi yose kunamata Baari. Mwari akatsamwa akatumira muporofita Eriya kupa Ahabu shoko iri: “Hakusi kunaya kusvikira ndataura” (1 Madzimambo 17:1). Eriya akaenda kunozviviga kubva kuna Ahabu paakarairwa naMwari.

Mubvunzo: Mwari akagumbukirei Ahabu? [Rangarira kuti basa rikuru ramambo rakanga riri rekuva muenzaniso kuvana velzirairi kubudikidza kuchengetedza nokutevedzera mirawo nemitemo yaMwari. Ipapo Ahabu akange achiudza vanhu kuti vanamate mumwe mwari. Izvi zvakanwanda zvakaipa].

Makore matatu apfuura, Mwari akaudza Eriya kuti adzokere kunosangana naAhabu.

Mubvunzo: Unoziva kuti gore renzara ichii here? [Zvinoitika kana nyika isina zvekudya]. Munyaya yedu nhasi, kwaive nenzara mulzirairi nokuti kwainge kusina kunaya kwemakore matatu- nokuda kwehuipi hwaAhabu. Nzara yainge yakanyanya muSamaria (muguta maigara Ahabu), Ahabu akatumira Obadia aive mukuru wevashandi vake kunotsvaga chikafu. Obadia aive mutendi akasimba munaMwari. Mukadzi waAhabu paaienda achiuraya maporofita aMwari, Obadia akaverera akaviga maporofita zanamubako akavaendesera zvokudya nemvura. Obadia paaifamba, Eriya akasangana naye akati, “**Enda unoudza Ahabu, “Eriya aripano” (1 Madzimambo 18: 8).**

Mwari Wangu Mukuru Kupfuura Mwari Wako

(Magwaro: 1 madzimambo 18: 16-39)

“Naizvozvo Obhadhiya akaenda kuna Ahabhi, akamuudza Ahabhi akandosangana naEria. ¹⁷ Zvino Ahabhi wakati achiona Eria, Ahabhi akati kwaari, “Ndiwe here, iwe mutambudzi walsiraeri?”

Mubvunzo: Sei Ahabu akakwazisa Eriya nenzira iyi? [Rangarira kuti kwainge kuine nzara nekuda kwehuipi hwaAhabu, uye Eriya ange ati kwaizongonaya kana achinge ataura.

Kwemakore matatu, Ahabu anga ane vanhu vaitsvaga Eriya munyika yose. Ahabu ainenera nzara pana Eriya, kwete pazvivi zvake].

“¹⁸ Iye akati, "Ini handina kutambudza Isiraeri; asi ndiwe neimba yababa vako, nokuti makasiya mirairo yaJehovha, mukatevera vaBhaari. ¹⁹ Naizvozvo zvino chituma vanhu uunganidze valsiraeri vose pagomo reKarimeri, navaporofita vaBhaari vana mazana mana vanodya patafura yalzebheri," ²⁰ Naizvozvo Ahabhi akatuma vanhu kuvana valsiraeri vose, akaunganidza vaporofita pagomo reKarimeri. ²¹ Zvino Eria akaswedera kuvanhu vose, akati, "Mucharamba muchifunga mifungo miviri kusvikira rinhiko? Kana Jehovha ari Mwari, mumutevere, kana ari Bhaari, mumutevere iye." Asi vanhu havana kupindura shoko rimwe”

Mubvunzo: Eriya aida kuti vanhu velzirairi vaite sei? [Eriya aiudza vanhu kuti vaite sarudzo yavo yekuti vaida kunamata ani- Mwari welzirairi here kana Baari. Rangarira kuti mambo welzirairi airaira vanhu kuti vanamate Baari].

“ Asi vanhu havana kupindura shoko rimwe. ²² Ipapo Eria akati kuvanhu, "Ini, iyeni ndoga, ndini ndasara kuvaporofita vaJehovha, asi vaporofita vaBhaari vanosvika varume vana mazana mana namakumi mashanu." ²³ Naizvozvo ngavatipe nzombe mbiri, ivo vazvitsaurire nzombe imwe, vaiguranye, vaiise pamusoro pehuni, asi varege kuisa moto pasi payo; neniwo ndichagadzira imwe nzombe, ndichiisa pamusoro pehuni, asi ndisingaisi moto pasi payo. ²⁴ Zvino imi mudane zita ramwari wenyu, ini ndidanewo zita raJehovha, Mwari unopindura nomoto, iye ngaave Mwari. Vanhu vose vakapindura, vakati, "Zvarehwa zvakanaka.”

Mubvunzo: Unofunga kuti Eriya aida kuratidzei nemakwikwi aya? [Kuti Mwari welzirairi ndiye oga Mwari wechokwadi, uye kuti Baari haasi mwari zvachose].

“²⁵ Ipapo Eria akati kuvaporofita vaBhaari, "Chizvitsaurirai nzombe imwe, mutange kuigadzira, nokuti muri vazhinji; mudane zita ramwari wenyu, asi murege kuisa moto pasi payo." ²⁶ Ivo vakatora nzombe yavakanga vapiwa, vakaigadzira, vakadana zita raBhaari kubva mangwanani kusvikira masikati makuru, vachiti, "Bhaari, tinzwei!" Asi kwakanga kusine inzwi kana unopindura. Vakapoterredza aritari yakanga yavakwa vachipembera. ²⁷ Zvino panguva yamasikati makuru Eria akavaseka, akati, "Danidzirai kwazvo; nokuti mwari, zvimwe ari pakufunga, zvimwe waenda kumwe, zvimwe wafamba rwendo, kana zvimwe uvete hake, anofanira kumutswa." ²⁸ Ipapo vakadanidzira kwazvo, vakazvicheka netsika dzavo neminondo namapfumo, kusvikira ropa richidzutuka kwavari. ²⁹ Masikati makuru akati apfuura, vakaporofita kusvikira panguva yokubayira chipo chamadekwana; asi kwakanga kusina inzwi kana unopindura, kana wakanga achiteerera. ³⁰ Ipapo Eria akati kuvanhu vose, "Swederai kwandiri," vanhu vose vakaswedera kwaari. Zvino wakagadzira aritari yaJehovha yakanga yaputswa. ³¹ Eria akatora mabwe ane gumi namaviri akaenzana namarudzi avana vaJakobho iye wakanga audzwa naJehovha zvichinzi, "Zita rako richanzi Isiraeri." ³² Akavaka aritari namabwe iwayo nezita raJehovha, akachera goronga rakakomba aritari rakanga rakaenzana napangadzvarwa zviyero zviviri zvezviyo. ³³ Akaronga huni, akaguranya nzombe, akaiisa pamusoro pehuni, akati, "Chizadzai zvirongo zvina nemvura, muidire pamusoro pechipiriso chinopiswa, napamusoro pehuni." ³⁴ Akati, "Itai izvozvo rwechipiri," vakazviita rwechipiri. Akati, "Itai izvozvo rwechitatu;" vakazviita rwechitatu. ³⁵ Mvura ikayerera, ikapoterredza aritari; akazadza negorongawo nemvura. ³⁶ Nenguva yokubayira chipo chamadekwana, muporofita Eria akaswedera, akati, "Imi Jehovha, Mwari waAbhurhamu, nowalsaka, nowalsiraeri, uye

kuti ini ndiri muranda wenyu, uye kuti ndakaita izvi zvose ndarairwa nemi. ³⁷ Ndinzwei Jehovha, ndinzwei, kuti vanhu ava vazive kuti imi Jehovha ndimi Mwari, uye kuti ndimi makadzozave moyo yavo." ³⁸ Ipapo moto waJehovha wakaburuka, ukapedza chipiriso chinopiswa, nehuni, namabwe, neguruva, ukananzva mvura yakanga iri mugoronga. ³⁹ Vanhu vose vakati vachizviona, vakawira pasi nezviso zvavo, vakati, "Jehovha ndiye Mwari, Jehovha ndiye Mwari!" cc vhesi 25-39”

Mubvunzo: Eriya akaratidza chii nemakwikwi aya? [Kuti Mwari welzirairi ndiye oga Mwari, uye Baari haasi mwari. Vanhu pavakaona zvakaikwa naMwari zuva iroro, vakaona kuti vainge vakanganwa nezvake uye vakarangarira kuti Jehova ndiye Mwari].

Mubvunzo: Ucharangaira mubvunzo wedu wehurukuro here- Chii chinaitika kana ukasataura nekuonana nemunhu kwenguva refu? [Zviri nyore kukanganwa munhu wausinga taure nekuonana naye, ndizvoka?].

Mubvunzo: Vanhu velzirairi vakanganwa kuonana nekutaura naMwari here? [Hongu].

Mubvunzo: Chii chinogona kuitika kana ukasataura naMwari kwechinguva? [Unogona kukanganwa nezvake].

Tinofanira kurangarira kuwana nguva naMwari. Chikoro, shamwari, mitambo nyangwe zvidzidzo zveBhaibheri zvakaikwa zvose. Mwari akatipa zvose kuti tifare timutende nezvose zvaakatiitira. Asi Mwari haadi kuti tikoshese izvi kudarika iye.

Mubvunzo: Ungawana sei nguva naMwari? [Taura naye paunomuka nepaunoenda kunorara. Taura naye paunoita basa rako masikati, Mukumbire aende kuchikoro newe, kukubatsira kuve shamwari yakanaka, kuenda newe kumitambo, kuve mwana akanaka. Mwari ane zvakaikwa iwe naye zvamunokwanisa kuita pamwe chete. chingomukumbira].

CHIDZIDZO #17: CHIMUUMBWA CHEMIGANHU

Musazviitire zvimuumbwa

(Namata Mwari nenzira dzaakatitaurira)

Ongororo

Gwaro nemubvunzo zvevhiki rakapera

Gwaro ranhasi

“...asi kana ndirini naveimba yangu tichashumira Jehovha.” Joshua 24:15”

Hunhu

Kunamata

Mubvunzo wehurukuro

Unoitei nemari yaunopihwa nevabereki?

Stuart Briscoe mufundisi akashanda nevehidiki, vafundisi, *mamissionary* munyika dzinipfuura zana. Akataura nyaya iyi, “Pakushanya kuIndia mufundisi mumwe shamwari yangu neni takapinda mumotokari. Ndaifanira kusunda kamwe katsapo kamwe kuti ndikwanise kugara. Zvinhu zvaive mukatsapo zvakarira ndikabvunza shamwari yangu kuti maive nei. Akati “marara””

Ndakabuditsa zvimwe mutsapo, zvaive zvimuumbwa zvekuIndia zvemhangura.

Ndakabvunza, “Muri kurasirei izvi?”

Shamwari yangu yakapindura, “Chimuumbwa chemaHindu. Vaive varidzi vatendeuka, saka ndakurasa zviumbwa zvavo. Vazvirasa saka ndave kuzviparadza.”

Saka ndakati, “Ndinoda, kuenda nechimwe kumba.” Chivezwa chakanaka semaonero angu. Chinozova chimuumbwa kana ndikapfugama ndichichinamata.

(Nyaya inowanikwa muMirairo ineGumi yakanyorwa naStuart Briscoe pgs 20-21).

Ngano

Vanhu velzirairi vaive vatapwavevaEgypita kwemakore anopfuura 400, Mwari paakaudza Mosesi kuti atungamire vanhu kubva kuEgypita. Mushure mokubuda Egypita vanhu vakatanga kusateerera Mwari uye nekusateerera kwavo Mwari haana kuvatendera kupinda munyika yechipikirwa kusvika kwapera makore makumi mana. Nguva payakakwana Joshua akatungamira vanhu kupinda muKenani, “Nyika Yechipikirwawa”, Mwari akabatsira vanhu velzirairi kubuditsa marudzi ainge ari muKenani. Rudzi rwelzirairi parwakagara muKenani Mwari akaudza Joshua kuti ape vanhu yambiro iyi:

Musaite Zviumbwa Zvemifananidzo

(Gwaro: Joshua 23: 6-8)

“Naizvozvo simbai kwazvo kuti muchengete nokuita zvose zvakanyorwa mubhuku yomurairo waMozisi, murege kutsauka kwazviri kana kurudyi kana kuruboshwe; ⁷ kuti murege kuvhengana nendudzi idzo dzakasara pakati penyu, kana kureva mazita avamwari vavo, kana kupikisa navo, kana kuvashumira, kana kuvapfugamira; ⁸ asi namatirai Jehovha Mwari wenyu, sezvamakaita kusvikira nhasi.”

Vanhu vaigara munyika yakapihwa Izirairi naMwari Vanhu vaigara munyika yakapihwa Izirairi naMwari vainamata “zvimwari”zvakanwanda. Mwari akati kuvanhu velzirairi, “Musadyidzane nemarudzi akakukomberedzai.”

Mubvunzo: Murairo wechipiri unoti, “Musazviitira zvimufananidzo.? Chimuumbwa kana chimufananidzo ichii? [Chimufananidzo chinhu chinovezwa nemunhu nemuti kana dombo chichimirira mwari. Vakawanda vanozvivezera nokuzvinamata samwari].

Mubvunzo: Sei Mwari achiti, “Musazviitire zvimufananidzo kana kuzvinamata?”

[Ngatizvionerei.]

Mubvunzo: Zviumbwa zvinokubatsira here? [Kwete.] Teerera zvinotaura Bhaibheri pamusoro pezviumbwa:

“Zvifananidzo zvavo sirivha nendarama, Basa ramaoko avanhu. ⁵ Zvinemiromo, asi hazvitori; nameso zvinawo, asi hazvioni; ⁶ Zvinenzeve, asi hazvinzwi; Nemhino zvinadzo, asi hazvinhuwidzi”(Mapisarema 115: 4-7)

Saka Mwari anoti chekutanga mifananidzo haigone kukubatsira. Zvakagadzirwa nemiti inoshandiswa kubatidza moto (Isaya 44: 15). Zviumbwa hazvina kana zvazvinomboita.

Mubvunzo: Sei mifananidzo ine njodzi? [Vanhu vanotanga kuchikoshesa vachisiya Mwari].

Heuno muenzaniso: Kana uchipihwa \$1 nevabereki, mufungo wako wekutanga ndewekupa chegumi here, kana kuti unongofunga zvaunoda kutenga chete? Nyangwe zvinhu zvikakukoshera sei, Mwari anoda kuiswa pokutanga muupenyu hwako.

Mubvunzo: Sei Mwari achida kukosheswa kupfuura zvinhu zvose? [Kana Mwari asina kutikoshesha kupfuura zvinhu zvose muupenyu tinozoteerera vamwe vatinoda uye tongoita zvatinoda].

Mubvunzo: Chii chaitika dai munhu wose aida kutamba nhabvu nemitemo yake oga?

Maizova nemutambo wakaita sei?

Mubvunzo: Ko mudzidzisi wako akati, “Nhasi unogona kuita zvaunoda kune vanhu. Kana uchida kupindira mumutsara kana kupindura zvaunoda kumukuru wechikoro-zvakanaka! Ringave zuva rakaita sei pachikoro penyu?”

Unoona, unoda chiero chekueresa hunhu, kuziva kuti zvakanaka here kana kuti zvakaipa. Jesu Kristu ndiye chiero chatakapihwa naMwari kuti tizive kurarama tichiteerera Mwari. Ziva Jesu kuti utange kufanana naye [kuumbika kuva saye] kuti uzive kuti Mwari anoda kuti urarame sei.

Muchidzidzo 16 takataura kuti ukasawana nguva naMwari unogona kukanganwa nezvake. Ukarangarira ndozvakaitika kune Izirairi. Rudzi rwose rwakakanganwa nezvaMwari pamwe nevana vavo.

Nyika dzainge dzakavakomberedza padzainamata vamwari vakawanda, Izirairi yaitenda muna Mwari mupenyu uye ndozvaiva siyanisa- vaionekera kupfuura mamwe marudzi sezvainge zvarongwa naMwari. Izirairi payakatanga kudiyidzana nemarudzi aya, vakatanga kusateerera Mwari, vakavhiringidzika vakakanganwa Mwari. Vakatanga kutevera vamwe vamwari.

Mubvunzo: Sei vabereki vako vachikudzidzisa nezvaMwari? [Vakasakudzidzisa unogona kupedzisira usisazive nezvaMwari]. Ndosaka zvakanakosha kuti unamate Mwari nenzira dzaakatiraira bedzi, kuti usakanganwe nezvake, uye vana vakowo vasazomukanganawo.

Mubvunzo: Vanhu vane mifananidzo yei mazuva ano? [Bhaibheri rinoti zvinhu zvaunodisira kuti unoita chose chaunogona kuti uzviwane zvimuumbwa]. Zvinhu izvi zvinobvisa pfungwa dzako pana Mwari.

Mubvunzo: Ndezvipi zvinhu zvinodisira nevanhu zvavanokoshesa kupfuura Mwari? [Nhumbi dzakanaka, doru, mishonga, kugona mitambo, kuda kudiwa neshamwari dzaunoda, zvose izvi zvinogona kukosheswa kupfuura Mwari].

Mubvunzo: Ungaitse sei kuti mitambo neshamwari zvisakoshe kupfuura Mwari? [Bhaibheri rinoti rangarira kutenda Mwari pazvose, ita zvose kupa mbiri kuna Mwari kwete kwauri nemamwe mashoko kudza Mwari pamusoro pako].

Rangarira mashoko aJoshua okuti, “...asi kana ndirini naveimba yangu tichashumira Jehovha” (Joshua 24:15).

CHIDZIDZO 18: MUGOMBA REMOTE MUNOTONHORERA

Usazviitire Mifananidzo

(Namata Mwari Nenzira Dzaakatitaurira Dzoga)

Ongororo

Mubvunzo negwaro zvevhiki rakapera

Gwaro ranhasi

“Kana zvikaitika hazvo, Mwari wedu watinoshumira angagona kutirwira pavira romoto unopfuta kwazvo; iye achatirwira paruoko rwenyu, imi mambo. ¹⁸ Asi kana zvikasaitika, zivai imi mambo, kuti hatingashumiri vamwari venyu kana kunamata chifananidzo chendarama chamakamisa imi”(Danieri 3: 17-18).

Hunhu

Kuvimba neKutendeseka

Mubvunzo Wehurukuro

Kana shamwari yako isingatendi muna Mwari ikakubvunza kuti unotenda muna Mwari here, unoti chii?

Pane nyaya yakaitika ku Germany paWorld War 2, dzimwe mhuri dzakaungana mune imwe imba kuti dzinamate nokuverenga Bhaibheri. Mhuri idzi padzainamata gonhi rakapazwa mauto eku Germany ainge aine pfuti akapinda mumba. Mauto akamisa vanhu mumutsara pamadziro akavanongedzera pfuti.

Umwe wemauto akati, “Tinoziva kuti muri kusangana kuti munamate nekuverenga Bhaibheri. Nekuda kwezvi tatumwa kuzokuurayi. Asi uyo anoti haasi muKristu anogona kuenda kumba kwake”

Vamwe vakaenda pakasara vashoma vakatendeka vari mumba iyi pamwe chete nemauto.

Pakabuda munhu wokupedzisira mauto akaisa pfuti zawo pasi akati, “Kana nesuwo tiri maKristu, uye tirikuda kunamata nemi. Asi tangatichida kunyatsoziva kuti muri maKristu echokwadi here, uye kuti muchamutevera nyangwe zvichireva kuurayiwa here”

Ngano

Muna 600 BC, Nebhukadhineza mambo weBhabhironi akaenda kuJerusarema kunoirwisa.

Nebhukadhineza akaraira mukuru wevashandi vake kuti auye nevamwe vakomana vehumambo nedzimwe mhuri dzepamusoro dzeku Izirairi kuenda kuBhabhironi. Vakomana ava vainge vakasimba vakatsvinda, vakasimba, vakangwara uye vaigona kudzidza nekukasika. Kwemakore matatu vaidzidziswa chirudzi cheku Bhabhironi nezvose zvavaifanira kuziva kuti vagone kushumira mambo. Vakapihwa mazita matsva!

Vana vevakomana ava vainzi Danieri, Shadhireki, Misheki, naAbedinego, uye Mwari akavabatsira kudzidza nekunzwisisa zvose zvavaidzidziswa.

Pazvose izvi vakaramba vakatendeka kuna Jehova Mwari welzirairi, asi kuvimba Mwari kwavo nekutendeseka kwavo kuna Mwari kwainge kwave kwoda kuedzwa!

Mugomba Remote Munotonhorera

(Magwaro: Danieri 3)

“¹ Zvino mambo Nebhukadhinezari akaita chifananidzo chendarama chakanga chakaita mamita makumi matanhatu pakureba, namamita matanhatu paupamhi; akachimisa pabani reDhura munyika yaBhabhironi. ² Ipapo mambo Nebhukadhinezari akatuma vanhu kundokokera machinda navarayiri namadzishe navatongi navachengeti vefuma namakurukota navazivi vemirayiro navabati vose vamativi enyika, kuti vauye kumutambo wokugadzwa kwechifananidzo chakanga chamiswa naNebhukadhinezari. ³ Ipapo machinda navarayiri namadzishe navatongi navachengeti vefuma namakurukota navazivi vemirayiro navabati vose vamativi enyika vakaungana kumutambo wokugadzwa kwechifananidzo chakanga chamiswa naNebhukadhinezari; vakamira pamberi pechifananidzo chakanga chamiswa naNebhukadhinezari. ⁴ Zvino mudanidziri akadanidzira achiti, “Munorayirwa imi vanhu, namarudzi, namarimi, ⁵ kuti nenguva yamunonzwa kurira kwomumanzi nomutopota nembira norudimbwa nomutengeranwa namarimba, nezvimwe zvose zvinoridzwa, muwire pasi muchinamata chifananidzo chendarama chakamiswa namambo Nebhukadhinezari; ⁶ ani naani asingawiri pasi achinamata, nenguva iyo achawisirwa mukati mevira romoto unopfuta kwazvo.” ⁷ Naizvozvo nenguva iyo vanhu vose vachinzwa kurira kwomumanzi nomutopota

nembira norudimbwa nomutengeranwa nezvimwe zvose zvinoridzwa, vanhu vose namarudzi ose namarimi ose vakawira pasi vakanamata chifananidzo chendarama chakanga chamiswa namambo Nebhukadhinezari. ⁸ Zvino nenguva iyo vamwe vaKaradhea vakaswederwa vakapomera vaJudha. ⁹ Vakapindura, vakati kuna mambo Nebhukadhinezari, "Imi mambo, raramai nokusingaperi. ¹⁰ Imi mambo makatema chirevo, chokuti munhu mumwe nomumwe kana achinge achinzwa kurira kwomumanzi nomutopota nembira norudimbwa nomutengeranwa namarimba, nezvimwe zvose zvinoridzwa, awire pasi achinamata chifananidzo chendarama; ¹¹ asi ani naani asingawiri pasi achinamata, achawisirwa mukati mevira romoto unopfuta kwazvo. ¹² Zvino vamwe vaJudha varipo, vamakagadza vave varayiri vezvinhu zvose zvenyika yeBhabhironi, vana Shadhireki naMisheki naAbhedhinego; varume ava havana hanya nemi, imi mambo; havashumiri vamwari venyu, kana kunamata chifananidzo chendarama chamakamisa." ¹³ Ipapo Nebhukadhinezari akarayira nehasha nokutsamwa kwake kuti Shadhireki naMisheki naAbhedhinego vauiyiswe. Zvino vakauyisa varume ava pamberi pamambo. ¹⁴ Nebhukadhinezari akapindura akati kwavari "Mavune here, imi Shadhireki naMisheki naAbhedhinego, kuti munoramba kushumira mwari wangu, nokunamata chifananidzo chendarama chandakamisa ini?" ¹⁵ Zvino kana muchitenda kuwira pasi muchina mata chifananidzo chandakaita nenguva yamunonzwa kurira kwomumanzi nomutopota nembira norudimbwa nomutengeranwa namarimba, nezvimwe zvose zvinoridzwa, zvakanaka hazvo; asi kana musinganamati, muchawisirwa nenguva iyo mukati mevira romoto unopfuta kwazvo; mwari achakurwirai mumaoko angu ndoupiko?" ¹⁶ Shadhireki naMisheki naAbhedhinego vakapindura, vakati kuna mambo, "Imi Nebhukadhinezari, hatingafaniri hedu kukupindurai pamusoro peshoko iri. ¹⁷ Kana zvikaitika hazvo, Mwari wedu watinoshumira angagona kutirwira pavira romoto unopfuta kwazvo; iye achatirwira paruoko rwenyu, imi mambo. ¹⁸ Asi kana zvikasaitika, zivai imi mambo, kuti hatingashumiri vamwari venyu kana kunamata chifananidzo chendarama chamakamisa imi." ¹⁹ Ipapo Nebhukadhinezari akatsamwa kwazvo, chiso chake chikashandukira Shadhireki naMisheki naAbhedhinego; akataura akarayira kuti vira romoto riveserwe moto unopisa kwazvo kukunda unosiveserwamo kanomwe. ²⁰ Akarayira vamwe varume vane simba guru vaiva pahondo yake, kuti vasunge Shadhireki naMisheki naAbhedhinego, vavawisire muvira romoto unopfuta kwazvo. ²¹ Ipapo varume avo vakasungwa vana majasi avo namabhuruku avo nengowani dzavo nedzimwe nguo dzavo, vakawisirwa mukati mevira romoto unopfuta kwazvo. ²² Zvino murayiro wamambo zvawakanga une hashu, uye vira zvarakanga richipisisa kwazvo, murazvo womoto wakauraya varume vakanga vachiisako Shadhireki naMisheki naAbhedhinego. ²³ Varume ava vatatu, vana Shadhireki naMisheki naAbhedhinego, vakawira pasi vakasungwa mukati mevira romoto waipfuta kwazvo. ²⁴ Ipapo mambo Nebhukadhinezari akavhunduswa, ndokukasira kusimuka, akataura, akati kumakurukota ake, "Hatina kuwisira varume vatatu vakasungwa mukati momoto here?" Ivo vakapindura, vakati kuna mambo, "Ndizvozvo, imi mambo." ²⁵ Iye akapindura, akati, "Tarirai, ndinoona varume vana, vakasununguka, vachifamba mumoto, vasina pavakakuvadzwa; wechina pakuonekwa kwake akaita somwanakomana wamwari." ²⁶ Ipapo Nebhukadhinezari akaswederwa kumuromo wevira romoto wakanga uchipfuta kwazvo, akataura, akati, "Nhai imi Shadhireki naMisheki naAbhedhinego, imi varanda vaMwari Wokumusoro-soro, budai muuye pano." Ipapo

Shadhireki naMisheki naAbhedhinego vakabuda mukati memoto. ²⁷ Zvino machinda navarayiri namadzishe namakurukota amambo vakaungana vakaona varume ava, kuti moto wakanga washaiwa simba pamiviri yavo, kunyange nevhudzi remisoro yavo rakanga risina kubviswa, namajasi avo akanga asina kubvuraudzwa; kunyange nomunhuwi womoto wakanga usina kusvika kwavari. ²⁸ Nebhukadhinezari akataura akati, "Mwari waShadhireki naMisheki naAbhedhinego ngaarumbidzwe, iye akatuma mutumwa wake, akarwira varanda vake vakanga vachivimba naye, ivo vakanga varamba shoko ramambo, vakaisa miviri yavo, kuti varege kushumira kana kunamata mwari upi noupi, asi iye Mwari wavo. ²⁹ "Naizvozvo ndinotema chirevo, kuti vanhu vose namarudzi ose namarimi ose, vanotaura zvisina kufanira pamusoro paMwari waShadhireki naMisheki naAbhedhinego, vatemwe-temwe, nedzimba dzavo dziitwe muturunhuru; nokuti hakuna mumwe mwari anogona kurwira saizvozvo." ³⁰ Ipapo mambo akawedzera ukuru hwaShadhireki naMisheki naAbhedhinego panyika yeBhabhironi. cc Danieri 3: 1-30"

Mubvunzo : Chii chinonzi kutendeseka?[Kutendeseka kunge wakazvipira kana kusanyengera kune mumwe munhu].

Mubvunzo: Unofunga kuti sei Mwari akanunura Shadhireki, Misheki, naAbedinego mugomba remote? [Nokuti vakaramba vakatendeseka kuna Mwari, nekusanamata mifananidzo yainge yamiswa naNebhukadhineza].

Mubvunzo: Unofunga kuti nei Shadhireki, Misheki naAbedinego vakaramba vakatendeka kuna Mwari, vachiziva kuti vaigona kuuraiwa nekuda kwekutendeka kwavo? [Vakanzwisisa kuti ndiMwari akavapa hutano hwakanaka, ruzivo, kunzwisisa, nezvipozvavo, zvakaita kuti vakwanise kushumira mambo nemazvo].

Vainyatsoziva kuti Mwari airambidza sei kunamata zvifananidzo. Shadhireki, Misheki naAbedinego vaiziva kuti vakanga vasingazo namati vamwe vamwari nokuti Mwari oga ndiye anokodzera kunamatwa. Vaida kuramba vakatendeseka kuna Mwari.

Mubvunzo: Ndeupi hunhu humwe chete hweshamwari yakanaka? [Hunhu humwe chete hweshamwari yakanaka kuve akatendeseka].

Shamwari yakanaka munhu anenge ari shamwari, mazuva ose kunyangwe zuva rako risina kumira zvakanaka.

Unoziva kuti une shamwari inokuda zvakananyanya kupfuura mumwe munhu. Zita rake ndiJesu. Jesu akatendeka kwauri zvizere kunyangwe zuva rako risina kufamba zvakanaka.

Akagadzirira kuve nenguva newe.

Mubvunzo: Ndezvipi zvinhu zvinoda nguva yako? [Basa rechikoro rekuita kumba, mitambo, shamwari].

Mubvunzo: Izvi zvinozove zvakanakosha kupfura Mwari sei? [Kana ukatanga kuzvipa nguva yakawanda kana kuzviteerera kupfuura Mwari].

Mubvunzo: Ungachengete sei zvimwe zvinhu kuti zvisave zvakanakosha kwauri kupfuura Mwari? [Kana chimwe chinhu chakauya chinoda kukosha kupfuura Mwari rangarira kuti Mwari akatendeka kwauri].

Mubvunzo: Mwari ishamwari yakatendeka kwauri sei nevanhu vose? [Bhaibheri rinoti, "Jesu akaradzika hupenyu hwake kuitira iwe kuti uzova naye kudenga mumwe musi." Chinhu chinoshamisa ndechekuti Jesu akaita izvi kunyangwe iwe neni tisinga kodzeri zvaakatiitira].

Mubvunzo: Ungave shamwari yakatendeka sei? [Kuve nerudo, kuve nemoyo munyoro, kuita zvakanaka].

CHIDZIDZO # 19: KUNAKA SEGORIDHE

Kudza baba namai vako
(Kukudza nekuremekedza vabereki vedu)

Ongororo

Mibvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro ranhasi

“Munhu, awana uchenjeri, anomufaro, Naiye munhu, anowana njere. ¹⁴ Nokuti kuhuwana ihwo kunopfuura kuwana sirivha; Nokufuma nahwo kunopfuura kufuma nendarama” (Zvirevo 3: 13-15).

Hunhu

Rukudzo

Mubvunzo wehurukuro

Ndechipi chinhu chakanyanyokosha chaunacho?

Kunaka Segoridhe

(Magwaro: Zvirevo 3: 13 -15)

Mubvunzo; Chii chinonzi huchenjeri? [Duramazwi rinotsanangura huchenjeri seruzivo kana kunzwisisa kwezvakanaka nechokwadi]. Asi huchenjeri hunopfuura zvinogamuchirika sezvakanaka nechokwadi. Huchenjeri hwechokwadi kuziva zvinotaurwa naMwari kuti zvakanaka uye kushandisa ruzivo urwu musarudzo dzemazuva ose.

Bhaibheri rinoti, hapana chaungashuvira chingava chakakosha kupfuura huchenjeri, kwete kana bhasikoro idzva, kana kukunda mumakwikwi *ebaseball*, kwete goridhe, sirivha kana zvicherwa zvakanosha zvingave zvakananyokosha pane kudzidza huchenjeri.

Mubvunzo: Unofunga kuti sei huchenjeri hwakakosha? [Ngatitaurei pamusoro pezvikonzero zvitatu sei huchenjeri hwakakosha].

Kukosha Kwehuchenjeri

Huchenjeri hunokuudza zvakanaka (chokwadi) nezvakaipa (nhema).

Mubvunzo: Unoziva here musiyano pakati pezvakatikoshera nehunhu hwakanaka?

[Zvakatikosheera zvinoshanduka zvichienderana nezvine mukurumbira. Hunhu hwakanaka ichokwadi chakapihwa naMwari chisingashanduke nokusingaperi].

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wehunhu hwaunoziva kuti hwakanaka? [Kutendeseka, moyo munyoro, rudo].

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso hwemaitiro aunoziva kuti akaipa? [Ruvengo, humbimbindoga].

Mubvunzo: Ungadzidzire maitiro akanaka aungave nawo sei? [Ziva Jesu nekuverenga Bhabheri, uchikumbira Mwari kuti akubatsira kuziva maitiro akanaka aungave nawo, kubva pamuenzaniso wevabereki vanoziva nekutevera zvinotaura Mwari muBhaibheri, mimhanzi yechiKristu].

Huchenjeri hunokubatsira kuita zvakanaka nezvakafanira.

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wekuita zvakanaka? [Munhu wese anokwanisa kuwana mukana wakaenzana mumitambo, kupa Mwari zvimwe zvaakakupa].

Huchenjeri hunokubatsira kuita sarudzo dzakanaka.

Mubvunzo: Ndeupi muenzaniso wekuita sarudzo yakanaka? [Kuremekedza nekuteerera mudzidzisi wako, kuteerera vabereki vako, kutevera mirairo yemurairidzi wako, kutarisa mativi ose usati wayambuka mugwagwa].

Ungaite Sei Kuti Uwane Uchenjeri

Dzidza kuremekedza Mwari.

“Kutya Jehovha ndiko kuvamba kwezivo; Mapenzi anoshora uchenjeri nokurairirwa”

(Zvirevo 1:7). Imwe tsanangudzo “yekutya” kuremekedza. Naizvozvo “kutya Mwari” kuve neruremekedzo kuna Mwari.

Mubvunzo: Ndedzipi nzira dzaungaratidze ruremekedzo kune mumwe munhu? [Imwe nzira ndeyekuteerera zvinotaura mumwe].

Dzidza Kuremekedza Vabereki Vako

“Ude Jehovha Mwari wako nomoyo wako wose, nomweya wako wose, nesimba rako rose. ⁶ Zvino mashoko awa andinokuraira nhasi, anofanira kuva mumoyo mako, ⁷ unofanira kushingaira kuadzidzisa vana vako, nokuataura kana ugere mumba mako, kana uchifamba munzira, kana uchivata pasi, kana uchimuka” (Deutronomi 6: 5-7). Imwe nzira yakasarudzwa naMwari kukudzidzisa Shoko rake, kushandisa vabereki vako. Ndosaka zvakanakisa kuremekedza nekuteerera vabereki vako. Gwaro remuBhaibheri ratabva kuverenga rinotitaurira zvakanakisa pamusoro pekuti Mwari anoda vabereki vako kuti vakudzidzise kana makagara kumba.

Mubvunzo: Unodzidzei kubva kuvabereki vako kumba? [Kupindirana nevamwe zvakanakisa, kudzidza Bhaibheri, kuve nehany’a, tsika, kubatsirwa basa rechikoro, kupa chegumi].

Kana Uchifamba Munzira

Mubvunzo: Munotei panguva yenyu mese, iwe nevabereki vako? [Kuvhakacha, kuverenga, zviringwa zvakasiyana siyana, kugadzira kudya kwemanheru, kunamata].

Paunorara

Mubvunzo: ndezvipi zvinhu zvaunowanzoita usati warara? [Kudzidzira hutsanana, kurangarira zvaitika muzuva iroro, minamoto].

Paunomuka

Mubvunzo: ndechipi chidzidzo chaungadzidze mangwanani ezuva? [Kuronga zvokuita nebasa rezuva iri, kutenda Mwari nemakomborero ake].

Gwaro rino reBhaibheri rinotiudza kana kureva kunyange risingazvitaure pachena, kuti unofanira kurega vabereki vako kuti vakudzidzise, nekuteerera mirairo neyambiro yavo. Heano magwaro maviri eBhaibheri anokudzidzisa kukosha kwekuteerera vabereki vako.

“Mwanakomana wangu, inzwa kurairira kwababa vako; Usarasha kudzidzisa kwamai vako” (Zvirevo 1:8). Rangarira , Mwari akapa vabereki vako basa rekudzidzisa zvakanakisa kubva pane zvakaipa. Ibasa rako rekuvateerera nekudzidza kubva kwavari.

“Mwanakomana, akachenjera, anofadza baba; Asi mwanakomana benzi anoshuwisa mai vake” (Zvirevo 10:1). Bhaibheri rinoti mwana akanaka anoteerera nekudzidza

zvakanakisa kubva kune zvakaipa, nekuita zvakanakisa anounza mufaro kuvabereki vake.

Bhaibheri rinoti zvekare mwana anoziva zvakanakisa kubva kune zvakaipa asi anosarudza kuita zvakaipa ibenzi uye anokonzeresa matumbudziko akasiyana siyana.

Bhaibheri rinonyatso taura kuti vabereki vako kunyanya vana baba, vane basa rokudzidzisa vana Shoko raMwari. Magwaro anoti zvekare une basa rekudzidza vabereki vako nekuvateerera kuti unzwisise kuti zvakanakisa ndezvipi uye zvakaipa ndezvipi uye kudzidza kuita zvakanakisa.

Mubvunzo: Vana, mungaiti panguva yamunenge muri mese nevabereki venyu nhasi?

Mubvunzo: Vabereki mungawana nguva sei yokuti mupedze nevana venyu nhasi?

CHIDZIDZO # 20: TIGASHIRE (CHIKAMU 1)
Kudza Baba Namai Vako
(Kudza Nekuremekedza Vabereki Vako)

Ongororo

Mubvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro ranhasi

“Wakati achiri kure, baba vake vakamuvona, vakamunzwira tsitsi vakamhanya, ndokumufungatira, nokumutsvoda”(Ruka 15: 20).

Hunhu

Kuve nehany’a nebasa

Mubvunzo Wehurukuro

Nderipi rimwe basa raungavimbwe nevabereki vako kuti uite?

Mubvunzo: Zvinorevei kuti kuve nehany’a nebasa? [Kuve wakatendeseka kana kuvimbisika nezvaunenge wapihwa kuti uite].

Mubvunzo: Ndeapi mamwe mabasa anofanirwa kuitwa nevana mazuva ano? [Kuenda kuchikoro, kuteerera vabereki, vadzidzisi, varairidzi, vashumiri, mabasa epamba].

Mubvunzo: Ndeapi mamwe mabasa ane vabereki? [Kupa zvokudya, zvokupfeka, pokugara, nekutungamira, kudzidzisa vana vavo Shoko raMwari].

Chidzidzo chanhasi chiri pamusoro pekuva nehany’a nebasa. Nyaya yemuBhaibheri yatichanzwa iri pamusoro pababa nevanakomamana vavo vaviri. Nhasi tichataura pamusoro pababa nemwanakomana wavo mudiki. Mumwe nemumwe wavo aive nebasa rake. Regai tione kuti vakaita sei nawo.

TIGASHIRE (Chikamu 1)

(Magwaro: Ruka 15:11-24)

“¹¹ Zvino wakati: Mumwe munhu waiva anavanakomana vaviri. ¹² Muduku wavo akati kunababa vake: Baba, ndipei mugove wenhaka uchazova wangu. Akavagovera fuma yake. ¹³ Mazuva mashoma akati apfuvura, mwanakomana muduku akavunganidza zvose, akaenda kunyika iri kure; akaparadza’ko nhaka yake achifamba nemitovo yakaipa. ¹⁴ Zvino wakati apedza zvose; nzara huru ikasvika panyika iyo, akatanga kushaiwa. ¹⁵ Ipapo akaenda, akandozviisa kunomumwe wavanhu venyika iyo; iye akamutumira kuminda yake, kundofudza nguruve. ¹⁶ Wakanga achida kuzvigutsa namateko aidyiwa nenguruve; asi kwakanga kusinomunhu waimupa. ¹⁷ Zvino wakati achizvifunga, akati: Varanda vazhinji sei vababa vangu vanezvokudya zvakawandisa, asi ini ndofa pano nenzara. ¹⁸ Ndichasimuka, ndiende kunababa vangu, nditi kwavari: Baba ndatadzira kudenga, napamberi penyu, ¹⁹ handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu; mudiite somumwe wavaranda venyu. ²⁰ Akasimuka, akaenda kunababa vake. Wakati achiri kure, baba vake vakamuvona, vakamunzwira tsitsi vakamhanya, ndokumufungatira, nokumutsvoda. ²¹ Mwanakomana akati kwavari: Baba, ndatadzira kudenga napamberi penyu, handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu. ²² Asi baba vakati kuvaranda vavo: Kurumidzai, muvuye nenguvo yakaisvonaka, mumupfekedze iyo; muise mhete pamunwe wake, neshangu patsoka dzake; ²³ muvuye nemhuru yakakodzwa, muibaye, tidye, tifare; ²⁴ nokuti mwanakomana wangu uyu wakanga afa, wararama zve; wakanga arashika, wawanika zve. Zvino vakatanga kufara.

Chekutanga ngationgorore magwaro kubva munyaya iyi tione kuti ungazive here mwanakomana mudiki paainge ane hany'a nezvaainge apihwa uye paainge asina hany'a nezvaainge apihwa.

“Mazuva mashoma akati apfuvura, mwanakomana muduku akavunganidza zvose, akaenda kunyika iri kure; akaparadza'ko nhaka yake achifamba nemitovo yakaipa.(vhesi 13).

Mubvunzo: Mwanakomana mudiki aive nehany'a nezvaainge apihwa nababa vake here? [Kwete. Mwanakomana mudiki aida mugove wake wose waaizowana hupenyu hwose, akakumbira baba vake kuti vamupe mugove wake kamwe chete! Baba vake vakabvuma vakapa mwana wavo mugove wose. Mwanakomana uyu akaenda akauparadza nokutambisa wose].

Mubvunzo: Mwanakomana uyu akakudza baba vake nezvaakange aita here? [Mumazuva akanyorwa Bhaibheri, kunzvimbo yakanyorwa izvi, kana mwana akakumbira sezvakaitwa nemwanakomana uyu, zvaingoreva kuti, “Baba sekuziva kwangu makafa. Ndiri kuzvipatsanura kubva pamhuri yedu.” Naizvozvo mwanakomana uyu anga asingori benzi chete nemari yake asi akanyadzisa nekusvora mhuri yake yose].

Dai wainge uri kupihwa mubairo wekugona chimwe chinhu nemazvo, mhuri yako yaizo pembera newe here? Kune rimwe rutivi kana ukanzi waita zvakaipa mabasa anoratidzira kwete kwauri chete asi kune nemhuri yako.

Heino mienzaniso

Ukawana mubairo wekuve mugari wemunyika akanaka nekuzvipira nguva yako, mudzidzisi wako anogona kufunga kuti, “Ibasa rakanaka riri kuitwa nevabereki vake kumudzidzisa tsika dzakanaka!” Tomboti waonekwa uchipindira mumutsara wekutenga. Mudzidzisi wako anogona kufunga kuti, “Kamukomana aka hakana hunhu. Vabereki vake havamudzidzise hunhu here? Pamwe mhuri yake yose haina hunhu!”

Mubvunzo: Mwanakomana akakudza nguva yakatorwa nababa vake vachimudzidzisa zvakanaka kubva kune zvakaipa here? [Hazvina kutaridzika saizvozvo pakutanga].

Ngatitarisei rimwe gwaro:

“Zvino wakati achizvifunga, akati: Varanda vazhinji sei vababa vangu vanezvokudya zvakanakandisa, asi ini ndofa pano nenzara. ¹⁸ Ndichasimuka, ndiende kunababa vangu, nditi kwavari: Baba ndatadzira kudenga, napamberi penyu, ¹⁹ handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu; mudiite somumwe wavaranda venyu. ²⁰ Akasimuka, akaenda kunababa vake. Wakati achiri kure, baba vake vakamuvona, vakamunzwira tsitsi vakamhanya, ndokumufungatira, nokumusveta. (vhesi 17-20).

Mubvunzo: Unoti chii iko zvino? Mwanakomana mudiki akange aine hany'a nezviito nemafungiro ake here? [Mushure mekanguva mwanakomana mudiki akaziva kuti ainge aita zvakaipa. Akasarudza kudzokera kumba kwababa vake uye kunokumbira ruregerero].

Mubvunzo: Izvi zvinokuudzei pamusoro pekukosha kwekudzidzisa kwababa vana vavo zvakanaka kubva kune zvakaipa? [Kudzidzisa kwakafanana nekudyara mbeu. Kana mbeu yechokwadi nezvakanaka ikadyarwa, inodzika midzi, uye nekurangarirwa].

Bhaibheri rinoti, **“Nokuti mvura nechando sezvazvinoburuka zvichibva kudenga, zvisingazodzokeriko, asi zvinodiridza nyika, zvichiiberekesa nokuitungisa maruva, ichipa mudzviri mbewu, nomudyi zvokudya, ¹¹ ndizvo zvichaita shoko rangu rinobuda mumuromo mangu; haringadzokeri kwandiri risina, asi richaita zvandinoda, richiendika pane zvandakaritumira”(Isaya 55: 10-11).** Mashoko aMwari anozadzikisa zvinodiwa

naMwari kuti aite. Apo mashoko nedzidziso yababa yakaita sekunge yakakundikana pakutanga, asi pokupedzisira, haina kukundikana.

Mubvunzo: Izvi zvinokuudzei pamusoro pebasa rako rekuteerera dzidziso yevabereki vako? [Kuteerera nekunzwa dzidziso yevabereki vako nderimwe basa guru rauinaro iwe semwana. Pfungwa yaMwari yokutanga yokudzidza zvakanaka kubva pazvakaipa ndeyekuti vabereki vadzidzise vana vavo Shoko raMwari- zvakanaka nechokwadi].

Mubvunzo: Sei vabereki vako vachikudzidzisa kuve nehany'a nebasa? [Zvinoda kudzidzira kwakanyanya kuti ukwanise kuve nehany'a. ndicho chimwe chikonzero vabereki vako vachikuita kuti uite mamwe mabasa epamba, mudzidzisi wako achikupa basa rekunoitira kumba. Vanokubatsira kudzidzira kuve nehany'a nebasa].

Mwari vanoda kuti uve nehany'a nebasa zvakare. Anotarisa kuti uite basa rakanaka pane zvose zvaunaita. Nzira imwe yaungave nehany'a nebasa kuna Mwari ndeyekuremekedza nekuteerera vabereki vako, nekuti Mwari anoti zvakanaka kukudza baba namai vako uye nekuti zvinomufadza!

CHIDZIDZO # 21 TIGASHIRE (CHIKAMU 2)

Kudza Baba Naamai Vako

(Kudza Nekuremekedza Vabereki Vako)

Ongororo

Mibvunzo negwaro resvondo rapera

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

“Rudo runomoyo murefu, runomoyo munyoro; rudo harunegodo; rudo harunamanyawi, haruzvikudzi; ⁵ haruiti zvisingafaniri, haruzvitsvakiri zvarwo; harutsamwi, harunezvishura; ⁶ harufariri zvisakarurama, asi runofarira zvokwadi; ⁷ runofukidza zvose, runotenda zvose, runetariro pazvose, runotsungirira pazvose” (1 Vakorinte 13: 4-7).

Hunhu

Kuve nehany'a nebasa

Mubvunzo Wehurukuro

Ndezvipi zvinhu zvaungafunge zvinoedza vabereki vako kudzidzisa nemaitiro avanozviita, nemuenzaniso wavo? [Kudya muriwo, kutaura chokwadi, tsika dzakanaka, kupa chegumi, nezvimwewo].

Tigashire! (Chikamu 2)

(Magwaro: Ruka 15: 11-31)

“Zvino wakati: Mumwe munhu waiva anavanakomana vaviri. ¹² Muduku wavo akati kunababa vake: Baba, ndipei mugove wenhaka uchazova wangu. Akavagovera fuma yake. ¹³ Mazuva mashoma akati apfuvura, mwanakomana muduku akavunganidza zvose, akaenda kunyika iri kure; akaparadza'ko nhaka yake achifamba nemitovo yakaipa. ¹⁴ Zvino wakati apedza zvose; nzara huru ikasvika panyika iyo, akatanga kushaiwa. ¹⁵ Ipapo akaenda, akandozviisa kunomumwe wavanhu venyika iyo; iye akamutumira kuminda yake, kundofudza nguruve. ¹⁶ Wakanga achida kuzvigutsa namateko aidyiwa nenguruve; asi kwakanga kusinomunhu waimupa. ¹⁷ Zvino wakati achizvifunga, akati: Varanda vazhinji sei vababa vangu vanezvokudya zvakawandisa, asi ini ndofa pano nenzara. ¹⁸ Ndichasimuka, ndiende kunababa vangu, nditi kwavari:

Baba ndatadzira kudenga, napamberi penyu, ¹⁹ handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu; mundiite somumwe wavaranda venyu. ²⁰ Akasimuka, akaenda kunababa vake. Wakati achiri kure, baba vake vakamuvona, vakamunzwira tsitsi vakamhanya, ndokumufungatira, nokumusveta. ²¹ Mwanakomana akati kwavari: Baba, ndatadzira kudenga napamberi penyu, handichafaniri kunzi mwanakomana wenyu. ²² Asi baba vakati kuvaranda vavo: Kurumidzai, muvuye nenguvo yakaisvonaka, mumupfekedze iyo; muise mhete pamunwe wake, neshangu patsoka dzake; ²³ muvuye nemhuru yakakodzwa, muibaye, tidye, tifare; ²⁴ nokuti mwanakomana wangu uyu wakanga afa, wararama zve; wakanga arashika, wawanika zve. Zvino vakatanga kufara. (Ruka 15: 11-31)

Ongororo

Muchidzidzo chakapfuura, takadzidza pamusoro pemwana muparadzi. Munyaya iyi mukomana uyu aida nhaka yake yose munguva isina kufanira. Baba vake vakabvuma kumupa. Mukomana akatora mari, akabva pamba, akanoparadza mari yose yaainge apihwa nababa vake. Paakaona kukanganisa kwake, akadzokera kumba kwababa vake. Paakaona kukanganisa kwake, akadzokera kumba kwababa vake akavakumbira ruregerero. Muchidzidzo chanhasi, ngationei kuti vanodzidzisa vana vavo sei kuve nehany'a nezvinhu nekuvaratidza semuenzaniso.

“Rudo runomoyo murefu, runomoyo munyoro; rudo harunegodo; rudo harunamanyawi, haruzvikudzi; ⁵ haruiti zvisingafaniri, haruzvitsvakiri zvarwo; harutsamwi, harunezvishura; ⁶ harufariri zvisakarurama, asi runofarira zvokwadi; ⁷ runofukidza zvole, runotenda zvole, runetariro pazvole, runotsungirira pazvole” (1VaKorinte 13: 4-7).

Nekutaridza mienzaniso mitatu yerudo kune mwana wavo, baba vane mukana wokudzidzisa mwana wavo zvidzidzo zvakakosha nezve kuva nehany'a nebasa.

Rudo rwunotivirira

Mubvunzo: Ndepapi paungaone muenzaniso wekutivirira munyaya iyi? [Magwaro anoti baba vakaona mwanakomana wavo achiri kure, sekunge vaigara vari pahwindi vakatarisira musi waizodzoka mwana wavo kumba (vhesi 20)].

Pane zvidzidzo zvakakosha pamusoro pekuve nehany'a nebasa baba zvavaida kudzidzisa mwana wavo, vakamirira nekutivira kusvikira vawana mukana wokudzidzisa mwanakomana wavo.

Mubvunzo: Ndepapi mamwe mabasa auine hany'a nawo vabereki vako avakakudzidzisa nekutivira? [Kuchengetedza mudziyo, kuita basa rekuchikoro kumba, zvegumi nezvipo, tsika dzakanaka]. Kudzidzisa kunoda kutivira. Kudzidzira kuve nehany'a nebasa kunotorora nguva nekudzidzira. Nekutivira kwevabereki vako kwauri vanenge vachiti, “Kuve nehany'a nemidziyo yako itsika yakakosha kwauri kuti udzidze uye zvakakosha kwandiri kuti ndiwane nguva newe kuti ndikudzidzise izvi.”

Rudo Haruzvitutumadze

Mubvunzo: Ndepapi munyaya iyi paunowana muenzaniso wekuregerera? [Baba vaisazvitutumadza kuti havaisazoregerera mwanakomana wavo pane zvakaipa zvaainnge aita. Asi baba vakave nemufaro mukuru apo mwanakomana wavo paakabvuma kukanganisa kwake, vakatambira mwanakomana wavo nemabiko makuru (vhesi 22-24)].

Baba vaigona kutsamwira mwanakomana wavo zvikuru, kana kumurambidza kudzokera kumba. Dai baba vasina kuregerera mwanakomana wavo, paisazova nemukana wekuti vadzidzise mwanakomana wavo chimwe chinhu zvekare.

Mubvunzo: Ndedzipi tsika dzakanaka (Chokwadi chaMwari chisingashanduke nokusingaperi) chawakadzidziswa nevabereki vako chakanaka? [Kutaura chokwadi, kusaba nezvimwewo].

Mubvunzo: Ungakudza here baba kana amai vako kana vakakuregerera mushure mokunge wakanganisa? Munyaya yedu yemuBhaibheri, baba vanobatsira mwanakomana wavo kudzidza kuti angava nehany'a sei nekumusiya kuti adzidze kubva kune zvaakapindana nazvo. Vabereki vako vangakubatsire kuti udzidze kubva pane zvaunenge wapindana nazvo zvekare.

Rudo Runopembera Nechokwadi

Mubvunzo: Ndepapi munyaya paunowana muenzaniso wekupembera? [Baba vake vakapembera kuti mwanakomana wavo mudiki akanga aziva zvakaipa akatendeuka kubva pazviri (vhesi 21-24)].

Baba vakabatsira mwanakomana wavo kudzidza zvakanaka nekumugadzirira muenzaniso wakanaka. Mwanakomana akaziva zvakare kuti baba vake vainge vakavimbika- aiziva kuti baba vake vaikwanisa kuvepo paaivada. Baba vake vaivepo kunyangwe paaisavada kuti vavepo.

Mubvunzo: Nderipi basa raunofunga kuti muenzaniso webasa rakanaka rinoitwa nababa namai vako? [Kukupa zvokudya, nepekugara].

Mubvunzo: Sei zvakanakosha kuti baba vako namai vako vange vakavimbika pamabasa avo? [Kuti udzidze nemuenzaniso wavo, kukuitira zvausinga kwanise kuzviitira wega].

Mubvunzo: Sei zvakanakosha kuti unge wakavimbika pamabasa ako? [Kuti unge wakagadzirira mabasa makuru akawanda pauno tanga kugona vamwe vanhu vanozovimba newe kuti uchaita basa rakanaka].

Munyaya yedu yemuBhaibheri yanhasi, baba vakaratidza muenzaniso wavo kuti ungakudza baba namai vako sei. Sekudiwa kwaunoitwa nevabereki vako vadewo.

Mubvunzo: Ungada vabereki vako sei nhasi? [Teerera nguva yekutanga!]

Sekuvimbika kwevabereki vako mumabasa avo, iva wakavimbika neakowo.

Mubvunzo: Ungavimbwa pamabasa api nhasi? [Iva wakagadzirira chidzidzo chako chemumhanzi, ita basa rako rechikoro kumba].

Sekuremekedzwa kwaunoitwa nevabereki vako, varatidzewo ruremekedzo.

Mubvunzo: ungaratidze vabereki vako ruremekedzo sei nhasi? [Nekutaura mazwi ekuti ndinokumbirawo nekuti maita basa, chengetedza zvaunenge wapihwa]. Apo vanokudzidzisa nemuenzaniso wavo wezvakanaka, kudza dzidziso yavo nekuita zvakanaka.

Mubvunzo: Ungadzidzire sei kuita zvakanaka nhasi? [Kumbira Mwari akubatsire kuita sarudzo dzakanaka, nekuve nehunyoro].

CHIDZIDZO # 22: ZVIMUTI NEMATOMBO

Usauraya

Remekedza Hupenyu Hwevamwe

Ongororo

Mubvunzo negwaro zvevhiki rakapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“Mumuromo wenyu murege kubuda shoko rakavora, asi rakanaka, ringasimbisa pakafanira...” (VaEfeso 4:29).

Hunhu

Kukurudzira

Gadziriro

Unoda mushonga wemazino nepepa nhau. Svinira mushonga wemazino wese papepa. Chipa mumwe mwana madhora makumi kana akakwanisa kudzosera mushonga wemazino mugaba rawo (mari yako yakachengeteka- nokuti hazviitike). Nyaya ndeyekuti shoko rinorwadza kana rango taurwa, haridzoserwe.

Zvimuti Nematombo

(Magwaro: Mateo 5: 21-22)

“Makanzwa kuti zvakanzi kunavekare, usavuraya. Aninani unovuraya uchapara mhosva ingatongwa. ²² Asi ini ndinoti kwamuri, unotsamwira hama yake pasinemhaka, uchapara mhosva ingatongwa. Unoti kuhama yake Raka, uchapara mhosva pamakurukota. Unoti benzi uchapara mhosva kuti atongerwe Gehena romoto” Jesu akataura mashoko aya kuungano yevanhu vakanga vakaungana kuti vamunzwe achidzidzisa.

Mubvunzo: Unofunga kuti Jesu airevei paaitaura izvi? [Regai tione].

Chimbofunga kuti dai waigara mulzirairi panguva iyo Jesu aipfuura muJerusarema. Mumwe musu ungangano huru yakaungana pachikomo chiri kunze kweguta, wotsvaga nzvimbo yaungamire uchiona zviru kuitika. Paunosvika unowwana Jesu akagara pachikomo achidzidzisa ungangano yakamukomberedza!

Mukudzidzisa kwake, Jesu anoti, “Kana ukauraya mumwe munhu, unopedzisira wave pamberi pemutongi wedare remutemo.” Panguva iyoyo munhu ari pedyo newe anozevezera, “Ah, haasi kutaura pamusoro pangu- handisati ndauraya munhu.” Jesu anoenderera mberi, “Kana wakatsamwira mumwe munhu, kana ukamuvenga nekumutuka, zvakatopfuura kuponda mumwe munhu!”

Mubvunzo: Unofunga kuti Jesu ari kutaura kunani iko zvino? Jesu ari kutaura newe kana mumwe munhu ari pedyo newe here? [Chaizvo ari kutaura newe. Pane imwe nguva iwe neni takambotsamwira mumwe munhu].

Mubvunzo: Asi sei Jesu akati zvakaipa kutsamwira umwe munhu? [Nekuti Jesu anoziva kuti ipfungwa dzedu dzinoti svitsa mumaitiro edu. Jesu anoziva kuti mifungo yedu yekutsamwa inotivitsa mumaitiro anoogona kukuvadza mumwe munhu].

Wakambonzwa here, “Zvimuti nematombo zvinogona kutyora mapfupa angu asi mashoko haambofa akandikuvadza?” ndinofunga kuti chidimbu chemashoko aya ichokwadi. Zvimuti nematombo zvinogona kutyora mapfupa ako, asi mashoko anogona kunyatso kukuvadza, haakwanisi here?

Mubvunzo: Ndeapi marudzi emashoko anokwanisa kurwadzisa mumwe munhu kana akataurwa kune munhu iyeye? [Kutukwa, kutsvinyirwa, mashoko ataurwa mukutsamwa].

Nzira imwe inokwanisa kukurumidza kutsamwisa mumwe munhu, kutaura zvinhu zvinosunda hana yake.

Mambo Soromoni welzirairi, murume angaakachenjera kupfuura vanhu vose vakararama aiziva izvi. Mambo Soromoni akanyora bhuku muBhaibheri rinonzi Zvirevo. Mune chimwe cheZvirevo, akanyora achiti, “..... shoko rehasha rinomutsa kutsamwa.” (Zvirevo 15:1).

Mubvunzo: Ungarangarira pawakanyatsotsamwiswa nemumwe munhu here? Chii chakanyatso kutsamwisa? [Nguva zhinji zvinogona kunge zviri zvimwe zvinhu zvakataurwa nemumwe munhu zvakakutsamwisa].

Mubvunzo: Unofanira kuita sei kana mumwe munhu akatanga kukutsamwisa?

[Mumhinduro dzacho, rangarira kukumbira Mwari kuti akubatsire kuti usatsamwe. Hazvisi nyore kuita, asi zvinokubatsira kurarama hupenyu hunodiwa naMwari kuti urarame]. Pane zvinobatika, zvinokuyambutsa kubva mumatambudziko akawanda.

Pandainge ndiri mugore rechitanhatu kuchikoro ndakarwa nemudzidzi aive mugore rechina ainzi Paul Phillips. Ndaive mubatsiri wevana pakuyambuka mugwagwa (honour guard), Paul ainge asingadi kubatsirwa kuyambuka. Pakaita kuchinjana kwemashoko kuzosvikira tafunga kuti regai tirwe. Zuva raitevera takasaangana paruvanze pemuvakidzani wangu. Mhanda yakatanga, pasina chinguva vanhu vainge vaungana. (Handina kumboita pfungwa yekuti nditsvage nzvimbo yandisinga onekwe nemuvakidzani wangu). Naizvozvo, muvakidzani wangu akabuda- aive nemakore zana okuberekwa- akatidzinga. Takaenda kuchikoro chaive chinhabwe chipfupi kubva pataive. Chaunga chakatevera kusanganisira shamwari dzaPaul dzaive dzapindirawo mukurwa uku. Ipapo vakange vave vatatu vachindirwisa ndiri ndoga! Fembera kuti ndiani akakunda? Fembera kuti muvakidzani wani ane makore zana akasvika pamba pedu akaudza vabereki vangu zvainge zvaitika pandaingosvikawo pamba? Fembera kuti ndiani akaziva kuti mudzidzi wegore rechitanhatu akarohwa nemudzidzi wegore rechina? Bhaibheri rinoti kuvenga, kutuka nekudzikisira vamwe haasi maitiro anodiwa naMwari kuti tive nawo. Chikonzero nei mashoko ekutuka nekutsvinyira achirwadza zvakanyanya ndechekuti kana mashoko iwayo angoiswa mupfungwa, anoogaramo uye anokwanisa kurangarirwa. Hatifanire kurwadzisa vanhu nemashoko nemaitiro edu.

Rangarira mushonga wemazino? Kana mashoko iwayo anorwadza angotaurwa, haukwanisi kumadzosa. Uyezve anoramba arimo mupfungwa kwenguva yakareba.

Mubvunzo: Kunze kwekuti tirwadzise vanhu nemashoko nemaitiro edu, tinofanira kuita sei? [Tinofanira kukurudzira vanhu nemashoko nemaitiro edu].

Kukurudzira kunoreva kubatsira kupa mumwe munhu tariro kana ushingi kana kusatya. Bhaibheri rinoti, “Mumuromo wenyu murege kubuda shoko rakavora, asi rakanaka, ringasimbisa pakafanira...” (VaEfeso 4: 29).

Mubvunzo: Ndiani waunoziva anoda kukurudzirwa? Ungatii kuti umukurudzire?

CHIDZIDZO # 23: ZVAKANAKA KUNZWA KUBVA KWAURI

Usauraya

Remekedza hupenyu hwevamwe

Ongororo

Mubvunzo negwaro zvevhiki rakapera

Mubvunzo Rechidzidzo Chanhasi

“Mumuromo wenyu murege kubuda shoko rakavora, asi rakanaka, ringasimbisa pakafanira..” (VaEfeso 4:29)

Hunhu

Kukurudzira

Mubvunzo wehurukuro

Ndechipi chimwe chinhu chakanaka chawakaitirwa nemumwe munhu munguva pfupi yakadarika? Wakanzwa sei mushure meizvi?

(Inotevera ie-mail inemukurumbira yakatenderera kwechinguva. Website yeTruth or fiction.com yakaongorora kwakabva nyaya iyi nechokwadi chayo).

Mumwe musiki masikati Shaya nababa vake vakapfuura nemupaki umo Shaya aiziva kuti vamwe vakomana waitamba baseball.

Shaya akabvunza, “Munofunga kuti vangandibvume kutambawo here?”

Baba vaShaya vaiziva kuti mwana wavo aisagona zvemitambo uye vakomana vazhinji vaisamuda muchikwata chavo. Asi baba vaShaya vakanzwisisa kuti mwana wavo akasarudzwa kuti atambe zvaimupa pfungwa yekuti akafanira kutambawo nevamwe.

Baba vaShaya vakakumbira mumwe wevakomana waitamba kuti Shaya atambawo.

Mukomana uyu akatarisa vamwe vake kuti vamuudzewo zvekuita. Haana kuwana mhinduro, akabva aisa nyaya iyi mumaoko ake akati, “Takakundwa nemaruns matanhatu apa mutambo uri mumainning echisere. Ndinofunga kuti anogona kuuya kuchikwata chedu toedza kumuisa kuti arove mabhora muinning yechipfumbamwe.”

Baba vaShaya vakafara zvikuru vakanyemwerera. Shaya akanzi apfeke girovhosi aende kunotamba *short centre field*.

Mukupera kweinning yesere, chikwata chana Shaya chakakwanisa kuita maruns mashoma asi chakaramba chiri kumashure nemaruns matatu. Mukupera kweinning yepfumbamwe, chikwata chana Shaya chakaita mamwe maruns asi vaine vanhu vaviri vainge vabuda uye mabase ose aive nevanhu vaikwanisa kuzoita maruns okuhwinisa chikwata, Shaya ndiye ainge oda kurova bhora. Chikwata ichi chaikwanisa kusiya Shaya kuti arove bhora here

panguva yakadai vachirasa mukana wavo wokuhwina mutambo? Zvakashamisa pakapihwa Shaya tsvimbo yokurovesa bhora.

Munhu wose aiziva kuti zvaisakwanisika nokuti Shaya aisatokwanisa kana kunyatsobata tsvimbo yacho zvakanaka, kana kutozorova bhora nayo. Zvisinei apo Shaya anosvika paairovera bhora ari, *pitcher* akadzokeraa kumashure zvishoma kuti akande bhora zvinyoro nyoro kuti Shaya akwanise kurigumha haro.

Bhora rokutanga rakauya, Shaya akaedza kurova bhora asi akapotsa. Mumwe mutambi wechikwata chana Shaya akauya kuna Shaya ndokubata vose tsvimbo vakatarisa kune anokanda bhora vakamirira kukandirwa rimwe. *Pitcher* akaenda kumberi zvishoma zvekare ndokukandira Shaya bhora zvinyoro nyoro. Paiuya bhora Shaya nemumwe wake vakazamura tsvimbo vose vakarova bhora repasi rakakunguruka zvishoma rakananga kuna *pitcher*. Uyo akanhonga bhora repasi iri achikwanisa kuri kanda zviri nyore kuna *baseman* wekutanga. Shaya aibva abuda uye mutambo waibva wopera. Asi anokanda bhora akatora bhora ndokurikanda mudenga kumutambi wokunze wokurudyi kusingasvikirwi *nabaseman* wokutanga.

Munhu wese akatanga kudeedzera, “Shaya mhanya pekutanga, mhanya pekutanga.” Akange asati azviita muhupenyu hwake zvekumhanya achienda *pabase* rokutanga. akamhanya ari mumucheto wenhandare ziso rakavhurika nekuvhundutswa. Panguva yaakasvika *pabase* rokutanga mutambi wekunze wekurudyi akanga aine bhora. aikwanisa kukandira mutambi we*pabase* rechipiri aikwanisa kuguma Shaya uyo akanga achiri kumhanya obuda. Asi akanzwisisa chinangwa *chapitcher* akapotsera bhora nepamusoro *pabaseman* wechipiri. Munhu wese akadaidzira, “Mhanya pechipiri, mhanya pechipiri.” Shaya akamhanya akananga *pabase* rechipiri vamwe vamhanyi vaive pamberi pake vakamhanya vachitenderera *mabase* vachiswederera kune rokupedzisira. Shaya akasvika *pabase* rechipiri *short stop* wechikwata chavaikwikwidzana nacho akauya kwaari akamutenderedza achimunongedzera *kubase* rechitatu, akadeedzera, “Mhanyira kune rechitatu.” Vakomana vose vezvikwata zviviri vakamhanya vachimutevera. “Shaya mhanyira kune rokupedzisira.”

Shaya akamhanyira kune rokupedzisira, akatsika *base* rokupedzisira vakomana vose gumi nesere vakamusimudza pamapendekete avo vakamuita gamba, sekurova kwainge aita chibodzwa chikuru nekuita kuti chikwata chake chikunde.

Zvakanaka Kunzwa Kubva Kwauri
(Magwaro: Mabasa avapostora 3: 1-10)

“¹ Zvino Petro naJohane vakakwira kutembere nenguva yokunyengetera yakanga iri nguva yepfumbamwe. ² Zvino mumwe murume, waikamhina kubva padumbu ramai vake, wakanga achitakurwa; vaimuisa zuva rimwe nerimwe pamukova wetembere, wainzi Wakanaka, kuti akumbire zvipo kunavaipinda mutembere. ³ Iye wakati achivona Petro naJohane voda kupinda mutembere, akakumbira kuti apiwe chipo. ⁴ Zvino Petro akamutarisisa, naJohane vo, akati: Titarire. ⁵ Akavatarira, achiti ndichapiwa chinhu navo. ⁶ Asi Petro akati: Sirivheri nendarama handina; asi chandinacho ndinokupa: Nezita raJesu weNazareta, simuka ufambe. ⁷ Akamubata ruvoko rworudyi, akamusimudza; pakarepo tsoka dzake nezvizo zvetsoka dzake zvakasimba. ⁸ Akavhazuka, akamira, ndokufamba; ndokupinda navo mutembere, akafamba achipembera, achirumbidza Mwari. ⁹ Vanhu vose vakamuvona achifamba, achirumbidza Mwari. ¹⁰ Vakamuziva, kuti ndiye waigarira zvipo pamukova Wakanaka wetembere; vakakatyamara zvikuru nokushamiswa nezvaakaitirwa.”

Mubvunzo: Ucharangarira kuti kukurudzira zvinorevei here? [Kukurudzira kunoreva kupa mumwe munhu tariro, hushing nekusatya]

Murume uyu akagara pamusuwo wetemberi kwemakore makumi mana kubva achizvarwa. Haana kumbobvira agona kumhanya, kusvetuka kana kufamba hako. Mazuva ose aigara pamusuwo wetemberi achikumbira vanhu mari.

Ngatii baba vako kana amai vako vawira mutsaona uye havachakwanisa kushanda. Hauna dzimwe hama dzinga kubatsire, uye mari yose yaperera. Chinhu chimwe chaunga funge kuita, kumira pamusuwo wekereke musi wesvondo mangwanani, uchikumbira vanhu kuti vakupe mari kana chimwe chinhu chokudya.

Mubvunzo: Ndezvipi zvinhu zvaunofunga kuti vanhu vanotaura kumhuri yako?

Mubvunzo: Funga kuti vanhu vashoma vakamira kubatsira mhuri yako. Izvi zvinokuita kuti unzwe sei?

Mashoko nemabasa ekurudzira anesimba. Anoporesa, anosimudzira mweya yevanhu uye anounza shanduko muhupenyu hwevanhu.

Mubvunzo: Pane nzira nhatu dzokukurudzira nadzo mumwe munhu. Unofunga kuti ndedzipi? [Nemashoko, nemunamato nebasa]. Ngatitauri pamusoro penzira nhatu dzekukurudzira vamwe.

Mashoko anokurudzira

“Kutambudzika pamoyo womunhu kunouremedza; Asi shoko nyoro rinoufadza” (Zvirevo 12:25). Dzimwe nguva mumwe munhu anongoda shoko rakanyorovera kumusimudzira.

Mubvunzo: Ndiani waunoziva anoda kuimudzirwa nhasi? [Mumwe munhu ari kurwara kumba, mumwe munhu ari muchipatara, mumwe munhu ari kutama].

Munamato Unokurudzira

“Zvino panenge pakati povusiku, Pauro naSirasi vakanga vachinyengetera nokuimbira Mwari nziyo; vakanga vakasungwa vakavaterera” (Mabasa avapostora 16:25), Pauro naSairasi vaive mamissionaries vakaiswa mutirongo nokuda kwekutaurira vanhu pamusoro paJesu. Pava pakati peusiku, panguva yavaifanira kuva vakarara, vaiimbanekunamata kuna Mwari. Minamato yavo yakakurudzira vamwe vasungwa nevaivanzwa.

Mubvunzo: Ndiani munhu waunga namatira nhasi? [Mumwe munhu wemhuri yako, shamwari, mamissionaries anenge (Pauro naSairasi), mufundisi wako, mutungamiriri wenyika].

Mabasa anokurudzira

“Nokuti shoko raMwari ibenyu, rinesimba” (VaHeberu 4:12). Ngatitarisei kuti Shoko raMwari ringave benyu muhupenyu hwako sei kuti rikurudzire vamwe. Rangarira nyaya yemuSamaria akanaka?

³⁰ ... Mumwe munhu wakabva Jerusarema, akaburukira Jeriko; akawirwa namakororo, akamupamba nguvo, akamurova, akaenda, ndokumusiya oda kufa. ³¹ Zvino mumwe muPirisita wakanga achingoburuka hake nenzira iyo; akati achimuvona, akanyenyeredza. ³² Nokudaro muRevhi vo wakasvikapo, akamuvona, akanyenyeredza.

³³ Zvino mumwe muSamaria, wakanga ari parwendo, wakasvika kwaari; akati achimuvona, akamunzwira tsitsi, ³⁴ akaenda kwaari, ndokupombera mavanga ake, akaadira mafuta newaini; akamukwidza pachipfuwo chake, ndokumuisa kuimba yavaeni, ndokumuchengeta. ³⁵ Zvino, ava mangwana, oenda akabudisa madhenari maviri,* akaapa mwene weimba, akati: Muchengete; vuye zvose zvaunomuripira kupfuvura izvi, ndichakupa zve, kana ndichidzoka”(Ruka 10: 30-35).

Mubvunzo: Ndedzipi nzira dzakanaka dzakashandiswa nemuSamaria akanaka kukurudzira murume ainge akuvadzwa? [Akava nemoyo munyoro kwaari].

Mubvunzo: Mabasa ako angakurudzire vamwe sei nhasi?

Mumwe munhu mutsva pachikoro asina shamwari? [Shamwaridzana naye].

Mumwe munhu ane mhuri inoshaya? [Goverana naye zvakawanda zvauinazvo].

Mumwe munhu asiiwa muchikwata? [Mukoke muchikwata chako].

Mumwe munhu anogara akasiwa panosarudzwa zvikwata zvevitambo? [Goverana naye rubatsirro rwako].

Mumwe munhu anonetsekana kudzidza? [Goverana naye nguva yako kumubatsira kudzidza].

Mashoko nemabasa ako anogona kukurudzira vanhu. Asi rangarira, mashoko anokwanisa kudzikisira vanhu.

Bhaibheri rinoti, “**Mumuromo wenyu murege kubuda shoko rakavora, asi rakanaka, ringasimbisa pakafanira..**” (VaEfeso 4:29).

Kana ukachenjera kuti ukurudzire, unobatsira kuti uite hupenyu hwemumwe munhu kuti uve nani. Kurudzira mumwe munhu nhasi mumunamato wako nemashoko ako.

CHIDZIDZO # 24: CHII CHIRI MUZITA?

Usashandisa Zita Rajehova Mwari Wako Pasina

(Kudza Zita Ramwari Nenzira Yaunoita Nekutura)

Ongororo

Mibvunzo negwaro zvevhiki rakapera

Gwaro rechidzidzo chanhasi

“**Naizvozvo tiri nhume nokuda kwaKristu..**” (2VaKoronike 5:20).

Hunhu

Muvakidzani akanaka

Mubvunzo Wehurukuro

Unoziva kuti zita rako rinorevei here?

Chii Chiri Muzita?

(Magwaro: Eksodo 34: 5-7)

“**Jehovha akaburuka ari mugomo, akamirapo naye, akadana zita raJehovha. ⁶ Jehovha akapfuura pamberi pake, akadanidzira, achiti, "Jehovha, Jehovha, Mwari azere nyasha nengoni, anononoka kutsamwa, ane tsitsi huru nezvokwadi, ⁷ anochengetera vane zviuru zvamazana nyasha dzake, anovakanganwira zvakaipa zvavo nokudarika kwavo nezvivi zvavo, asi asingapembedzi munhu ane mhosva, anorova vana nokuda kwezvakaipa zvamadzibaba avo, navana vavana vavo kusvikira kurudzi rwechitatu norwechina."**

Mubvunzo: Mwari anokuudzei nezvake muzita rake? [Mwari ane tsitsi, nyasha, (ngoni) haakurumidze kutsamwa azere nerudo nekuregerera]

Mazuva Bhaibheri risati ranyorwa neparainyorwa, mazita ainge akakosha. Mazita aitura zvakawanda pamusoro pevanhu naizvozvo mazita aisarudzwa neungwaru.

Rangarira Abramu? Zita rake raireva baba vakakwiridzirwa. Mwari vakazoshandura zita rake kuti Abrahamu zvinoreva kuti baba vevazhinji. Abrahamu akave baba verudzi rwevaJudha, nevana vake vakave vazhinji senyenyedzi dzedenga.

Zita rokuti Mosesi rinoreva “kubuditswa”. Mwanasikana waFarao akamuti Mosesi paakamubuditsa murwizi Nile.

Mubvunzo: Unoziva kuti zita rokuti Jesu rinorevei here? [MuTestamende yekare Jesu anopihwa zita Emanueri, rinoreva Mwari anesu. Zita rokuti Jesu izita rechiGreek rinoreva Joshua, rinoreva Mwari anoponesa].

Naizvozvo zita raJesu rinoreva Mwari anesu uye Mwari anoponesa. Unoona mazita akakosha kwazvo.

Zita rako rinoratidza kuti uri ani. Unogona kutarisa mubhuku rokuudza zvarinoreva. (Tsvaga pa:

http://staging.parenthoodweb.com/parent_cfmfiles/babynames.cfm uye unogona kutsvaga chero zita nezvarinoreva). Asi zita rako rinoudza vamwe zvakawanda pamusoro pako.

Mubvunzo: ndezvipi zvinhu zvingataurwe nezita rako kune vamwe pamusoro pezvako? [Kwaunogara, kuti vabereki vako ndianani, kwaunoenda kuchikoro, shamwari dzako ndianani, zvaunoda kuita].

Zita raMwari rinokosha nokuti rinotaridza kuti Mwari ndiani. Paakaudza Mosesi zita Rake, akazviratidza sezvaAri. Mumamwe mazwi, Mwari paakaudza Mosesi zita rake, Akaudza Mosesi kuti Aimbove ani.

Mubvunzo: Unoziva kuti mumiriri chii here? [Mumiriri anogadzwa (kuserudzwa) kumiririra mumwe munhu].

SemaKristu, munhu watinomiririra ndiJesu nezvinoreva Zita rake kune vamwe. 2VaKorinte inoti, **“Naizvozvo tiri nhume nokuda kwaKristu...” (2 Vakorinte 5:20).**

Kana uri muKristu, Mwari akakugadza kumiririra Jesu Kristu nekumukudza nezvaunoita, nekutaura nekufunga. Ibaso rako remumiririri.

Mubvunzo: Rangarira nyaya yemuSamaria akanaka? Aive mumiririri waMwari sei?

[Akamira akabatsira murume ainge akakuvara apo vamwe vaingopfuura kune rumwe rutivi rwenzira].

Mubvunzo: Pane vamwe vanhu vaungazive here vangarwadziwe nokuti wakapfuura nokurimwe rutivi rwehoro kuchikoro? Zvichida:

Mumwe munhu ane ruvara rweganda rakasiyana kana werimwe rudzi?

Mumwe munhu asinga varaidze kutarisa?

Mumwe munhu asina hutsanana sevamwe?

Mumwe munhu asingapfeki hembe dzakanaka?

Mumwe munhu ari muguta idzva?

Mumwe munhu akaremara?

Mibvunzo: Ungava mumiririri waJesu kuchikoro kwako sei?

CHIDZIDZO # 25: CHOKWADI

Usareva Nhema

(Rarama Muchokwadi)

Ongororo

Mibvunzo negwaro zvevhiki rakapera

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

“Ude wokwako sezvaunozvida iwe. Rudo haruitiri wokwako zvakaipa”(VaRoma 13:10).

Hunhu

Kuvimbika

Kuvimbika Itsika Yakanaka
(Magwaro: VaRoma 13: 8-10)

Mutemo wepfumbamwe unoti, ⁸ **Musava nechikwerete nomunhu, asi chokudana; nokuti unoda mumwe, wazadzisa murairo.** ⁹ **Nokuti izvo zvokuti: Usaita vupombwe, usavuraya, usaba, usapupurira wokwako nhema, usachiva; kana murairo upi noupi, zvakavunganidzwa pashoko rokuti: Ude wokwako sezvaunozvida iwe.** ¹⁰ **Rudo haruitiri wokwako zvakaipa...**

mutemo wepfumbamwe unoti, **"Usapupurira wokwako nhema"** (Eksodo 20:16) Zvakaiswa mumashoko ari nyore, "Rarama muchokwadi"

Mubvunzo: Unofunga kuti sei Mwari akaisa "usareva nhema" pamitemo inegumi?

[Mhinduro iri muhunhu hwaMwari- Zvaari].

Mwari Ichokwadi

Pakati pakati pehunhu hwaMwari pane chokwadi. Jesu anove, **"...mufananidzo waMwari usingavonekwi (VaKorosi 1:15) anoti, "Ndini Nzira, Chokwadi neHupenyu..." (Johani 14:6)**

Mwari Chiedza

Mumagwaro, chiedza chinowanwo fananidzwa nechokwadi. Magwaro anoti, **"Heyi mharidzo yatakanzwa kwaari, yatinokuparidzirai vo, kuti Mwari chiedza, hamunerima maari"** (1Johani 1:5). Mwari azere nechokwadi hamuna nzvimbo maari yechinhu chisiri chokwadi.

Mwari Akasika Vanhu Kuti Vave Salye

"Tarirai, munoda zvokwadi pamoyo; Munoda kundidzidzisa uchenjeri mukati makavanda" (Mapisarema 51:6). Sezvo wakasikwa mumufananidzo waMwari, Mwari anoda kuti uratidze hunhu hwake muupenyu hwako. Mwari anoda kuti urarame muchokwadi.

Kureva nhema kunopikisana nekutaura chokwadi

⁹ **Regai kureverana nhema, zvamakabvisa munhu wekare, namabasa ake,** ¹⁰ **mukafuka munhu mutsva, unovandudzwa pakuziva, afanane nowakamusika"** (VaKorosi 3: 9-10).

Mubvunzo: Sei Bhaibheri richiti tisareva nhema? [Nokuti kunyepa kuno rwadzisa vanhu].

Gwaro redu ratavhura naro rinoti rudo rwunoita zvakanaka, nokuti rudo harurwadzise mumwe munhu. Kutaura uchiziva mashoko asiri echokwadi kunogona kurwadzisa mumwe munhu.

Ngatitarisei mienzaniso mitatu yezvinoita nhema.

1) Kureva Nhema Kunokuvadza Zita Remunhu.

"Miromo, ine nhema, inonyangadza Jehovha; Asi vanoita nokutendeka vanomufadza" (Zvirevo 12:2).

Rangarira nyaya yaDanieri mugomba reshumba. (Danieri 6)? Ngatiendei kwekutanga kwenyaya iyi:

³ **Zvino Dhanyeri uyu akapfuura vamwe vakuru namachinda, nokuti maari makanga muno mweya wakanaka kwazvo; mambo akada kumuita mukuru woushe hwake hwose.**

⁴ **Ipapo vakuru namachinda vakatsvaka mhosva yavangapomere Dhanyeri pamusoro poushe, asi vakashayiwa shoko kana mhosva, nokuti akanga akatendeka, uye kwakanga kusina kutadza kana mhosva kwaari.** ⁵ **Zvino varume ava vakati, "Hatingatongowani shoko pamusoro paDhanyeri uyu, kana tisingamutsvakiri iro pamusoro pomurayiro waMwari wake"** (Danieri 6:3-5).

Mubvunzo: Sei vatariri vasina kukwanisa kuona chipomero pana Danieri? [Danieri aive akatendeseke uye akavimbika pane zvainge apihwa kuti aite].

Mubvunzo: Danieri akaripwa sei nokuda kwokurarama muchokwadi? [Akaitwa mutariri mukuru muhumambo hwose].

Mubvunzo: Ungararira zvakaitika kumachinda amambo akanyepa nezvaDanieri here? [Mushure mekuona kuti Danieri ainge asina mhosva, mambo akakanda varume vakaipa mugomba reshumba]. Naizvozvo munyaya yaDanieri chokwadi itsika yakanaka. 2) Nhema Dzinoisa Mutoro Wakakura Pamusoro Pemunhu.

“ Chiyero chinonyengedzera chi nonyangadza kuna Jehovha; Asi kurema kwakakwana kunomufadza” (Zvirevo 11:1).

Rangarira Zakeo? Ngatitarisei mutoro wakaiswa pamusoro pevanhu naZakeo nekuda kwekusatendeka kwake uye kuti samba raMwari rakashandura sei hupenyu hwake.

“Zvino Jesu wakapinda Jeriko, akapfuvura napakati. ² Zvino murume waivapo, wainzi Zakeo; iye wakanga ari mukuru wavateresi, vuye waiva mufumi; ³ akatsvaka kuvona Jesu, kuti ndiye ani; asi wakanga asingagoni, nokuti wakanga akafupika. ⁴ Ipapo akamhanyira mberi, akakwira mumuvonde kuti amuvone, nokuti wakanga opfuvura napo. ⁵ Zvino Jesu wakati achisvikapo akatarira kumsoro, akamuvona akati kwaari: Zakeo, kurumidza uburuke; nokuti nhasi ndinofanira kugara mumba mako. ⁶ Iye akakurumidza kuburuka, akamugamuchira nomufaro. ⁷ Vose vakazvivona, vakan'un'una, vachiti: Wapinda kundogara nomurume uri mutadzi. ⁸ Ipapo Zakeo akamira, akati kunaShe; Tarirai, Ishe, hafu yefuma yangu,ndinoipa varombo, vuye kana ndatorera mumwe chinhu chake nokunyengera, ndinomudzosea zvava zvina. ⁹ Jesu akati kwaari: Nhasi rponeso rwasvika paimba ino; nokuti naiye vo mwanakomana waAbhuramu.(Ruka 19:1-9).

Zakeo aive muteresi, vateresi vaizivikanwa nekutora mutero wakapfuura hwainge wakataurwa, vochengeta imwe mari kuita yavo. Vanhu vechiJudha vainge vakavavenga uye zviri pachena kuti nei.

Mubvunzo: Kusatendeka kwaZakeo kwakapa vanhu mutoro sei? [Vanhu vaizobhadhara mutero wakawanda kupfuura wavaifanira bhadhara].

Mubvunzo: Zakeo akazoshanduka sei? [Nekusangana naJesu]. Chibereko chekushanda kwesimba raMwari muhupenyu hwaZakero chakamubatsira kuti ararame muchokwadi. Kuna Zakero, chokadi yakave tsika yakanaka.

Nhema Dzinorwadzisa Vanhu

“...shoko rinorwadza moyo rinomutsa hasha.”(Zvirevo 15:1).

Rangarira zvidzidzo zvishoma zvapfuura (Chidzidzo # 22) patakasvinira mushonga wese wemazino papepanhau, tikavimbisa kukupa madhora gumi kana ukakwanisa kudzosera mushonga wese mugaba rawo? Hauna kuwana madhora makumi ayaka?

Mubvunzo: Ucharangarira zvataiedza kuburitsa nekuita muenzaniso uyu here? [Kuti kana wangotaura haukwanise kutora kana kudzosa mashoko iwayo anorwadza akaipa].

Mubvunzo: Sei mashoko ekutuka, ekutsvinya nokunyepa achirwadza zvakananyanya? [Kana mashoko akangopinda mupfungwa dzako, anogaramo uye unoarangarira kwenguva yakareba].

Mubvunzo: Kunze kwekurwadzisa vanhu mashoko edu anofanira kuita sei? [Mashoko edu anofanira kukurudzira vanhu].

Kukurudzira zvinoreva kubatsira kupa mumwe munhu tariro, hushing kana kusatya. Bhaibheri rinoti, **“Mumuro mo wenyu murege kubuda shoko rakavora, asi rakanaka, ringasimbisa pakafanira...” (VaEfeso 4:29).**

Iva nechokwadi kuti chokwadi itsika yakanaka.

Parizvino tataura pamusoro penzira nhatu nhema kana kusatendeseka kuti kunga kuvadze vanhu sei:

Nhema dzinokuvadza zita romunhu

Nhema dzinoisa mutoro unorema kutakura pamusoro pemunhu

Nhema dzinorwadzisa munhu.

Mubvunzo: Ungafunga zvimwe zvikonzero nei Mwari achiti “Rarama muchokwadi?”

- Nhema dzinoita kuti usavimba munhu akunyepera. Kana uchinge wanyeperwa, zvakaoma kuti uvimbe munhu iyeye zvekare.
- Nhema dzinoita kuti urambe uchinyepa kuti uvharidzire nhema dzekare.
- Nhema dzinoparadza hushamwari nemunhu anonyepa.

Mubvunzo: Ndezvipi zvimwe zvikonzero nei Mwari akatipa Mitemo ineGumi?

[Kutidzidzisa kuti tingade Mwari sei, tingarame nekugarisana nevamwe zvakaanaka sei, kutichengetedza kubva mukuita sarudzo dzakaipa uye dzinokuvadza vamwe].

Shoko raMwari rinotiudza:

“Ude wokwako sezvaunozvida iwe. Rudo haruitiri wokwako zvakaipa..” (VaRoma 13:10).

Patinoreva nhema, tinorwadzisa vamwe nekuzvikuvadza pachedu. Kana tikararama muchokwadi, tinoratidza hunhu hwaMwari. Ndicho chikonzero nei Mwari vachiti, “Rarama muchokwadi”. Ndicho chikonzero nei chokwadi iri tsika yakangonaka.

CHIDZIDZO # 26: NZIRA GUMI DZEKUTI UVE MUNHU AKANAKA

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

“Munondiidza Mudzidzisi, vuye Ishe; munoreva zvakanaka, nokuti ndini iye. ¹⁴ Zvino kana ini, Ishe noMudzidzisi, ndakashambidza tsoka dzenyu, nemi vo munofanira kushambidzana tsoka dzenyu. ¹⁵ Ndikakuratidzai makwara kuti muite imi sezvandakakuitirai ini(Johane 13: 13-15).

Hunhu

Remekedza Mwari nevamwe vanhu

Mubvunzo wehurukuro

Ndezvipi zvinhu gumi zvokutanga zvaungati zvakakunakira?

Nhanganyaya yeMitemo uneGumi

Tomboti wapinda muchidzidzo chako chegym mamwe mangwanani, hapana kana murairidzi aripo. Wobva wangoona katsamba kakanzi, “Itai zvamunoda kuita.”

Mubvunzo: Mungaita chidzidzo chegym chakaita sei? [Mutambo webasketball unogona kutanga pakati pemutambo wevolleyball. Vamwe vakomana nevasikana vanogona kusarudza kungogara zvavo].

Mubvunzo: Panguva yakadai, ndeupi mutambo wakanaka kuita? [Hapana anokwanisa kutaura. Chiyero- kana chironywa- chinofanira kumiswa panzvimbo kuitira kuti tikwanise kupindura mubvunzo uyu].

Mubvunzo: Panguva iyi ndeupi munhu ane mvumo yekutaura kuti mutambo uyu ngaitwe? [Hapana munhu akafanira. Pane munhu anofanira kuiswa kuti ave mutungamiriri asati atanga kutaura kuti totamba mutambo upi].

Mubvunzo: Panguva yakadai ndechipi chinhu chinoitika? [Munhu wese anoita zvaanoda].

Mubvunzo: Unowana maiitiro aya kupi nhasi? [Munzvimbo inonzi neBhaibheri “munyika”].

Mubvunzo: Ndeipi nzvimbo iyi inonzi neBhaibheri nyika? [Nyika iri pese vanhu pavanosarudza kusateerera Mwari. Nyika inokudzidzisa kuti ungozvitarisira zvido zvako iwe chete kwete zvido zvevamwe].

Nyika ine chiero chayo chezvakanaka nezvakaipa. Chiero chemunyika chinopesana nezvinonzi naMwari zvakanaka.

Nyika ine mafungiro ayo ekuti unorarama sei. Mafungiro enyika anopesana nemafungiro aMwari ezvaanoda kuti tive takaita.

Mubvunzo: Ndiani anodzika tsanangudzo yezvakanaka nezvechokwadi munyika?

[Tsanangudzo yezvakanaka, zvinogamuchirika nezvakafanira munyika zvinongoramba zvichi shanduka]. Zvinogona kushanduka nesarudzo yedare remutemo, nezvinotaurwa munhau nezvinemukurumbira.

Mubvunzo: Ungafunge mimwe mienzaniso inonzi nenyika yakanaka, yakafanira kana kutambirika here? [Kana ukasabatwa uchinyepa kana kubirira, hazvina kuipa. Kana munhu akakuitira zvakaipa unofanira kumudzoserawo nezvakaipa].

Mubvunzo: Tsanangudzo yaMwari yakasiyana neizvi sei? [Tsanangudzo yaMwari yakanaka ndeyechokwadi uye haishanduke].

Bhaibheri rinoti, “**Unganidzo yeshoko renyu izvokwadi; Zvose zvamakatonga, zvakarurama, zvinogara nokusingaperi**” (Mapisarema 119:160).

Nyika haizivi kuti chii chakanaka uye kuti unganake sei. Asi Mwari anogona uye akatiudza!

Mubvunzo: Iwe neni tingazive sei tsanangudzo yaMwari yezvakanaka? [Mwari akatonyora nzira dzake gumi dzokutanga dzokuti uve munhu akanaka].

Nzira Gumi Dzokuva Munhu Akanaka

(Magwaro: Eksodo 20: 3-17)

1. Usava navamwe vamwari kunze kwangu.

Sarudza kufadza Mwari kwete vanhu. Mwari anoziva kuti angakupe hupenyu hwakanakisa sei.

2. Usazviitira mufananidzo wakavezwa, kana uri mufananidzo wechinhu chiri kudenga kumusoro, kana wechiri panyika pasi, kana wechiri mumvura pasi penyika. Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira.

Tanga kuziva Mwari nekuwana kuva naye.unobva waziva kuti anoshuvira kuti umunamate sei.

3. Usareva zita raJehovha

Mwari wako pasina

Iva mumiriri waJesu pane zvose zvaunoita.

4. "Rangarira zuva reSabata, kuti urichengete rive dzvene.

Zorora uwane guva naMwari.

5. Kudza baba vako namai vako.

Kudza kuti ugokudzwawo.

6. Usauraya.

Kurudzira nekubatsira vamwe.

7. Usaita upombwe

Chengeta muviri,pfungwa, mazwi nezviito zvako zvakarurama.

8. Usaba

Ita zvakanakira vamwe.

9. Usapupurira wokwako nhema.

Rarame muchokwadi.

10. Usachiva imba yowokwako.

Tenda.

Mubvunzo: Sei zvakanaka kurarama munzira dzaMwari? [Kurarama munzira dzaMwari kunokubatsira kuti unakidze kuva newe. Kurarama munzira dzaMwari kunokubatsira kuti ubudirire muchikoro. Kurarama munzira dzaMwari kunokuita mutambi akanaka]. Kurarama munzira dzaMwari kunokubatsira nezvose izvi nezvakawanda kana ukazvipira kurarama madziri.

Mubvunzo: Mitemo ineGumi inokubatsira kurarama munzira dzaMwari here? [Mitemo ineGumi inenge chiringiso. Inokuratidza zvaurikuita tichizviyenzanisa nechiero chakaiswa naMwari kuti urarame nacho].

Mubvunzo: Ungararame munzira yaunoudzwa neMitemo ineGumi sei? [Kuburikidza nesimba raJesu Kristu riri muupenyu hwako]. Jesu oga ndiye aneimba rekuti urarame hupenyu hwakasiyana newe nyika. Bhaibheri rinoti, **“Shoko raKristu ngarigare mukati menyu riwande...” (VaKorose 3:16)**Kana pfungwa dzake dzikava dzako, Maitiro ake akave ako.

Jesu akauya kuzoratidza muenzaniso wake kwauri neni kuti tingave vanhu vakanaka sei. Asi akauyazve kuti atipeimba rekuti tizviite. Sarudza nhasi kurega Jesu akubatsire kurarama hupenyu hwako uye wakaanyatsonaka.

KUVONGA
NGUVA YEKUTENDA NEKUPA

“Vongai Jehovha, mudane zita rake; Zivisai zvaakaita pakati pendudzi dzavanhu. Muimbirei, mumuimbire nziyo dzokukudza; Rondedzerai mabasa ake ose anoshamisa” (Mapisarema 105:1-2).

Kuvonga kuri pamusoro pekutenda zvaunenge wapihwa. Ngatimbofungi pamusoro pezvatakagamuchira kwechinguva. Verenga gwaro rinotevera:

“Nyika ndeyaJehovha, nokuzara kwayo...” (Mapisarema 24:1).

Mubvunzo: Zvose zvaunazvo zvinobvepi? [Zvose zvatiinazvo zvinobva kune zvatakapihwa naMwari].

Mubvunzo: Pane akambokupa kupfuura Mwari here?

- **“Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi”?** (Johani 3:16). Mwari anotipa hupenyu husingaperi sechipo.
- **“Izvo zvisina kuvonekwa neziso, kana kunzwika nenzeve, Nezvisina kupinda mumoyo womunhu, Ndizvo Mwari zvaakagadzirira vanomuda”** (VaKorinde 2:9). Mwari anotipa kupfuura zvatinfofungidzira.

Mwari anovimbisa maKristu (avo vakagamuchira Jesu Kristu salshe nomuponesi muhupenyu hwavo) kuti mumwe musu vachararama nokusingaperi Naye muimba yake kudenga! Asi ... dzimwe nguva tinokanganwa chimwe chivimbiso chakaitwa naMwari kwatiri:

“...Ini ndakavuya, kuti ave novupenyu, uye ave nehwakazara” (Johani 10:10). Jesu anoti haangotiite kuti tive vagari vekudenga asi kuti uve nehupenyu hwakanakisisa pano pasi! Mwari vanotivimbisa zvakanaka kumativi ose.

Mubvunzo: Ndevapi vanhu vakapa kwauri? [Vabereki vanokuratidza rudo rwaMwari, vadzidzisi vanokubatsira kudzidza kuchikoro, varairidzi vanokubatsira kudzidzira kutamba mitambo, vanhu vari muchiuto vanochengeta nyika yedu kuti ive nerunyararo]. Funga kuti unonzwa zvakanaka sei kana mumwe munhu akatora nguva kupa kwauri.

Takapihwa zvizhinji kwazvo naizvozvo tine zvakanakawanda zvekuti titende.

Mubvunzo: Gunyana 11, 2001- zuva iro vamwe varume vakabhururutsa ndege mu World Trade Centre muNew York- chii chakanga chiripo chekutenda? [Kuti Mwari akatendera kuparadzwa kushoma pane zvaizokwanisa kuitika, vanhu vazhinji vakaisa kutenda nekuvimba kwavo muna Jesu samuponesi, kubatana nekupa kwakanakawanda kuumbiridzwa kwehupenyu hwekunamata nekuenda kukereke].

Mubvunzo: Pane hurwere hwakanyanya mumhuri yenyu. Ungawanei chekutenda? [Hutano hwauinawo, rudo rwaJesu ririkushanda apo vanhu vanenge vachibatsira, tariro yeremangwana riri nani].

Mubvunzo: Chikwata chako ndicho chokupedzisira mumitambo. Ungawane chii chekutenda? [Hutano, kungogona kutamba, kudzidza, nekukura mukunzwisisa mutambo, zvidzidzo zvaunogona kushandisa kunze kwemutambo, kuzvidzora, kutivira, moyo munyoro].

Mubvunzo: Tarisa mumba menyu, ungawana chii chokutenda? [Mhuri, kuti mune imba, mbatya, zvokudya nezvimwewo].

Mubvunzo: Tarisa pakereke yenyu, chii chaunotenda nacho? [Jesu Kristu, mufundisi wako, nzvimbo yekunamatira makasungunuka].

Mubvunzo: Toti wasangana nemunhu asina pekugara okubvunza kuti “Ndine chii chekutenda nacho?” [Mwari vanokupa zvaunoda, vanhu vane hany’a uye vanobatsira - hauna kukanganikwa, une mikana yokusimukira zvakare].

Tine zvakawanda zvekutenda nazvo. Asi chikamu chinotevera ndechekupa. Saka ngatitaure nezve kupa.

Mubvunzo: Pane nzira nhatu dzaungape nadzo. Unofunga kuti ndedzipi?

1. Tinogona kupa nguva yedu
2. Tinogona kupa kubudikidza nezvipa zvedu
3. Tinogona kupa mari yedu.

Mubvunzo: Sei tichifanira kupa? Bhabheri rinoti, “Makangopiwa henyu chingopai henyu” (Mateo 10:8). [Ipa nokuti wakapihwawo]. “Zvino rangarirai chinhu ichi: Unodzwara zvishoma, unocheka vo zvishoma; unodzwara zvizhinji, uchacheka vo zvizhinji. ⁷ Mumwe nomumwe ngaaitse sezvaakafunga pamoyo; arege kuita nokuchema, kana nokurovererwa; nokuti Mwari unoda munhu unopa nomufaro” (2VaKorinde 9:6-7). [Ipa zvauinazvo nokuti unoda].

Mubvunzo: Tinofanira kupa papi? [Goverana kana ukawana mukana]. Bhabheri rinoti, “Govanai navatsvene pakushaiwa kwavo” (VaRoma 12:18). Nguva yose yakangonaka! Sezvo kuvonga kuchizarura Nguva Yezororo, iyo nguva yatakagara tichitsvaga nzira dzekupa.

Ungadzidze sei kushandisa zvaunogona, nguva yako uye mari yako?

Ndinogona kushandisa chipo changu:

Kumba neku	Kubatsira kuronga zvekuita nemhuri
Kuchikoro neku	Batsira mumwe mudzidzi <i>nescience project</i>
Kukereke neku	Kuimba muchikwata.
Munharaunda neku	Kubatsira muvakidzani akwegura kutsvaira pachivanze.

Ndigona kushandisa nguva yangu:

Kumba neku	Kuita mabasa epamba ndisati ndaona chivhitivhiti.
Kuchikoro neku	Kubatsira muchirongwa chekuunganidza mari.
Kukereke neku	Kubatsira kuchikoro chevana.
Munharaunda neku	Kubatsira muchirongwa chekubatsira vanoshaya kana chokushanda.

Ndinogona kushandisa mari yangu:

Kumba neku	Kutengera mhuri yangu chipo
Kuchikoro neku	Kutengera shamwari yangu chokudya
Kukereke neku	Kupa chegumi changu kukereke
Munharaunda neku	Kupa kumhuri inoshaya.

CHIDZIDZO CHAKAKOSHA CHEKISIMUSI

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

**“Uchava nemimba, uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi Jesu”
(Ruka1:31).**

Mubvunzo weHurukuro

Ndedzipi dzimwe ndangariro dzaunofarira dzekisimusi?

Nyaya yeKisimusi.

Magwaro: (Ruka2:1-7)

“¹ Zvino namazuva iwayo chirevo chakaitwa naKesari Augusto, kuti nyika yose inyorwe mazita. ² Uku ndokwaiva kunyorwa kwokutanga, kwakaitwa Kurinosi ari mubati weSiria. ³ Vanhu vose vakaenda kundonyorwa, mumwe nomumwe kuguta rake. ⁴ NaJosefa vo wakabva Garirea, muguta reNazareta, akaenda Judhea, kuguta raDhavhidhi, rinonzi Bhetirehemu, nokuti waiva weimba yaDhavhidhi, noworudzi rwake; ⁵ kuti anyorwe naMaria, wakanga anyengwa naye, ava nemimba. ⁶ Zvino vakati varipo, mazuva okuzvara kwake akasvika; ⁷ akazvara dangwe rake mwanakomana, akamuputira nemicheka, akamuvanzarika muchidziro chezvifwuwo, nokuti vakashaiwa nzvimbo muimba yavaeni.”

Nyaya yeKisimusi, hupenyu hwakanakisisa, Minana na34th street. Zvirinyore kupotsa zvinonyatsoreva Kisimusi. Kana zvaunoziva pamusoro peKisimusi zvirizvo zvaunoona pachivitiviti, muzvitoro unogona kufunga kuti kisimusi ndeyekupenga nekuwana zvipo, kuita mhembero *naSanta Claus*. Asi kisimusi inodarika izvi.

Mubvunzo: Chii chinonzi Kisimusi? [Kisimusi imhembero yechiitiko chakakosha chakaitika makore zviuru nezviuru zvakapera].

Mubvunzo: Kisimusi yakanyatso tanga rinhi? [Kisimusi yakatanga mumoyo maMwari vasati vasika nyika].

Pakutanga Mwari akasika nyika yakanga yakanaka. Mwari akasika munhu wokutanga, Adamu, nomukadzi wekutanga, Eva. Vaive vakakosha kwazvoo pakusika kwaMwari. Pakutanga vainge vakarurama- sezvaidiwa naMwari.

Mubvunzo: Mwari vaida kuedza rudo rwa Adamu naEva. Kuedza uku kwaiva kwei? [Kuedza kwaMwari kwerudo rwevanhu kwaari kwaiva kwekuteerera]. Asi Adamu haana kusarudza kuve zvaidiwa naMwari kuti ave. Akasarudza kusateerera Mwari panguva iyoyo akabva abva pakururama. Ipapo Adamu ainge avekufunga nenzira yaaida. Akanga sisiri munhu aidiwa naMwari sepakutanga.

Mubvunzo: Chii chakaitika nekuda kwekusaterera kwaAdamu? [Nokuti Adamu haana kuteerera, iwe neni takaparadzaniwa naMwari].

Bhaibheri rinoti, **“Saka, zvivi sezvazvakapinda munyika nomunhu mumwe, norufu rukapinda nezvivi; saizvozvo rufu rwakasvika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza”
(VaRoma 5:12).** Munhu wose kubva pana Adamu akawana nhaka yehunhu hwekusarudza

kusateerera Mwari. Rimwe zita rekusateerera Mwari “chivi”. Nokuti Mwari wedu mutsvene akapatsanurwa kubva kuchivi- munhu ane zvivi haakwanise kumira muhuvapo hwaMwari. Kunyange nyika yakasikwa naMwari, yakarasikirwa nerunako rwayo.

Mubvunzo: Mwari akazoita sei? [Akaita chivimbiso. Chivimbiso chacho ndeichi:

“Handikusiyei makadaro nekusingaperi-musina nzira yekuponeswa nayo kubva kuzvivi nekupatsanurwa kubva kwandiri. Ndichakupai nzira kuti muuye kwandiri. Nzira yandichakupai ichakuratidzai rudo rwandinaro kwamuri nerudo rwandinoda kuti muve naro kwandiri uye kune vamwe vanhu.”].

Kubva Mwari vakangoita chivimbiso chekutanga ichi pane vakatenda machiri. Ava ndivo vanhu vakaisa kutenda nekuvimba kwavo mushoko raMwari.

Makore zviuru zviviri zvakapfura, nguva yainge yakafanira kwaive nemusikana ainzi Maria aigara mumusha weNazareta muGariri. Maria aive mhandara, asina kuroorwa, asi Maria akatenda muchivimbiso chainge chaitwa naMwari. Akavimba muna Mwari. Mumwe musi achinamata, ngirozi, mutumwa waMwari akauya kwaari.

Mubvunzo: Mutumwa akamuunza kuti chii? [Mutumwa akamuunza kuti astye- uchazove nemwana, achasiikwa maari kuburikidza nesimba reMweya waMwari. Azomupa zita rekuti Jesu- aizotiratidza kuti Mwari vanotida zvakaita sei].

Apo Maria akanga akamirira kuzvara mwana uyu, mukuru aiona nezve nzvimbo iyi akaudza vanhu vose kuti vaende kwavakabererkerwa kuti vaverengwe muchirongwa che *census*.

Maria naJosefa vakaenda kuBeterehema, pavakasvika yakabva yasvika nguva yekuti Maria asununguke mwana. Beterehema yakanga yakazara navanhu zvokuti mahotera nenzimbo dzekuzororera dzakanga dzakazara dzose, asi Maria naJoseph vakawana pokugara, Maria akabara mwana wake akamuisa muchidyiro.

Mubvunzo: Chii chinonzi chidyiro? [Chidyiro inzvimbo inodyirwa nezvipfuwo]

Mubvunzo: Ndiani mwana uyu anonzi Jesu? [Mwana uyo aive chipo chaMwari kunyika- munhu mupenyu, akazvarwa nemukadzi, asi Ari Mwanakomana waMwari. Jesu ave Mwari azere, munhu azere. Sekuraira kwakaita Mwari, Josefa naMaria vakamupa zita rokuti Jesu (zita rine mbiri rinoreva Jesu nhasi uno ndiJoshua, zvichireva Mwari anoponesa uye Mwari anesu), nokuti aizove Muponesi wenyika.]

Panuva iyi muminda irikunze kwe Beterehema, kwaiva nevafudzi vaitarira makwai avo. Ipapo vakabva vaona chiedza chikuru mudenga manheru, ngirozi ikazviratidza kwavari.

Mubvunzo: Ngirozi yakatii kwavari? [Magwaro anoti, “**Musatya, nokuti tarira, ndinokuparidzirai mashoko omufaro mukuru, uchava wavanhu vose; ¹¹ nokuti nhasi mazvarirwa muguta raDhavhidhi Muponesi, ndiye Kristu Ishe. ¹² Ichi ndicho chiratidzo kwamuri; Muchandowana rushiye, rwakaputirwa nemicheka, ruvete muchidyiro chezvipfuwo” (Ruka2:10-12)].**

Ipapo ngirozi zhinji dzakazviratidza pamwechete nengirozi iyi, dzichirumbidza Mwari dzichiti “**Mwari ngaakudzwe kumusoro-soro, rugare ruve panyika, nomoyo muchena kuvanhu.**”Vafudzi vakavepo pane avo vakatenda muchiumbiso cha-Mwari, naizvozvo vakamhanyira kuchidyiro, vakapfugama nekunamata mwana Jesu.

Mubvunzo: Mauro akazvarwa Jesu. Unofunga kuti nei ngirozi, dzakazviratidza kuvafudzi pane kune madzimambo kana machinda ehurumende kana vatungamiri vechitendero? [Unoona nekusviba, tsvina yebasa ravo, vaitarisirwa pasi nevanhu. Vainge vanhu vasina anoda kuwirirana navo- sokunge vanhu vasina pokugara nhasi. Jesu akauya kuzove nevarombo – avo vanoshaya. Kuna Jesu hapana munhu akanyanya kudzikira kuenda kwauri]. Ungafunga

here mufaro wakava nevafudzi apo ngirozi dzokudenga dzakatanga kuzviratidza kwavari Mauro akazvarwa kristu?

Kurimwe rutivi rwenyika kwainzi Persia, yavekunzi Iran ne Iraq ikozvino, kwaive nevachenjeri vaipa mambo, vaiziva nezve nyenyedzi. Vakashamiswa zvikuru apo nyenyedzi itsva yaipenya payakabuda. Vakanzwa chivimbiso chainge chaitwa naMwari. Naizvozvo vakatanga rwendo rwavo kuteera nyenyedzi iyi kuti vaone kwayaienda. Hatinyatso zivi kuti vachenjeri vangani vakauya kuzoona Jesu asi tinoziva kuti vakaunza zvipo zvitatu.

Mubvunzo: Ndezvipi zvipo zvakaunzwa nevachenjeri? [Goridhe, zvinonhuwira nemura].

Mubvunzo: Zvipo izvi zvaimirira chii? [Chipo choga choga chinomirira chikamu choupenyu hwaJesu Christu ne chinangwa chaakatumwa naMwari kuti azadzikise]. Goridhe chipo chakafanira mambo nekuti Jesu ndimambo wedu wekudenga. Zvainhuwira zvaishandiswa kunamata Mwari, nokuti Jesu Mwari akazviratidza mumunhu Jesu Kristu. Mura mushonga unonhuwirira unoshandiswa kugezesa zvitunha kuti zvingwe, nechikodzero Jesu akauya kuzofa kuburikidza nerufu rwake, kubhadhara muripo waidiwa kuregererwa kwezvivi zvataka tadzira Mwari.

Zvino yawanzwa parizvino ndiyo nyaya inowanzo taurwa paKisimusi. Asi haireve chinhu kana isina chikamu chinotevera.

Maria naJosefa vakadzokera nemwana wavo kuNazareta. Jesu ainge azere nemweya waMwari. Akararama hupenyu hwakarurama. Aigara achiteerera Mwari.

Mubvunzo: Jesu aideedza Mwari achitii? [Jesu aideedza Mwari kuti baba]. Jesu anotirangaridza kuti Mwari anoda hukama hwepedyo nesu sezvinodiwa nababa vane rudo kune mwana wavo. Jesu anotirangaridza kuti Mwari anouda nokukutambira sezvauri, nenzira imwe chete iyo Mwari vanoshuvira kuti tide vanhu.

Mubvunzo: Jesu akauya kuzoitei? [Jesu akauya kuzopa hupenyu hutsva uye wakasiyana kune uyo anoukumbira]. Hupenyu hwakanakisa mumwe munhu waangafungidzire. Hupenyu hunopihwa naJesu hupenyu husingaperi- hunotanga paunongoisa kutenda kwako Maari. Pamakore 33, mushure mekunge adzidzisa nekuita zvinhu zvakawanda. Jesu akarovererwa pamuchinjikwa nevarume vaisamugamuchira sezvaari. Ava vaive varume vainge varamba rudo rwaMwari.

Mubvunzo: Jesu akafirei? [Jesu haana kufira kusateerera kwake- Hupenyu hwake hwakange hwakarurama. Asi akafa sechiratidzo chekuteerera Mwari- Baba vake]. Jesu akafira kuti agadzirire nzira yeavo vanosarudza kuponeswa kubva muchivi nekupatsanurwa kubva kuna Mwari.

Patinoita chivi tinoita mhosva kunaMwari. Nokuti tirivanhu munhu oga ndiye aikwanisa kubhadhara muripo wacho. Asi nokuti mhosva yaive kuna Mwari asi ngagume, Mwari oga ndiye aikwanisa kubhadhara muripo uyu ndicho chikonzero nei Mwari akatumira Mwanakomana wake kwatiri Jesu munhu azere, akararama hupenyu usina chivi – hupenyu hwakarurama Jesu Mwari azere, akwanisa kutora zvivi zvose nekuzvibvisa kubva kwatiri.

“Uyo, wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari” (2Vakorinde 5:21).

Pakafa Jesu, akatora paari zvakaipa zvose iwe neni takaita nezvatichazoita. Zvakaipa izvi zvakatiparadzana naMwari. Asi nguva younosarudza kumukumbira kuti auye muhupenyu hwako. Hausisina kupatsanurwa kubva kuna Mwari. Jesu ndiye Nzira yokudzokera kuna Mwari yakavimbiswa kare kare.

Mazuva matatu mushure mekunge afa akavigwa, Jesu akamuka kubva muvakafa, akafambazve panyika semunhu mupenyu. Kumuka kwa Jesu chiratidzo chokuti Mwari akagamuchira chipiriso chaJesu chovanhu vose.

Pane zvakawanda munyaya iyi. Asi parizvino mumwaka we kisimusi, Kunyanya apo tichipanana zvipo ucharangarira chipo chikurusa chakapihwa. Icho chakapihwa naMwari kwatiri tose – Jesu Kristu Ndiye chikonzero tinopemberera kisimusi.

PASIKA:KUROVERERWA

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

“Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi.(Johanne 3:16)

Nhanganyaya.

Kuti unzwisise chikonzero nei Kisimusi ichipemberera Pasika, unofanira kunzwisisa zvinoreva Kisimusi. Naizvozvo ngationgororei zvekare chidzidzo chedu pamusoro peKisimusi. Pakutanga Mwari akasika nyika. Mwari akazosika murume nemukadzi. Pakutanga – vainge vakarurama- sezvaida Mwari kuti vave.Asi Adhamu akasarudza kusateerera Mwari panguva iyoyo akabva ave asina kururama. Panguva iyoyo,chivi chakabva chauya panyika.

Bhaibheri rinoti,” **Saka, zvivi sezvazvakapinda munyika nomunhu mumwe, norufu rukapinda nezvivi; saizvozvo rufu rwakasvika kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza”**

Munhu wese kubva panaAdhamu akatadza, nokuti takawana chivi senhaka kubva kunaAdhamu. Nokuda kwesarudzo iyi iwe neni takaparadzana naMwari, tisina nzira yedu toga kuti tidzokere kwaari. Tinoda kuponeswa kubva kuzvivi zvedu.

Nguva yakafanira, Mwari akatumira mutumwa Gabrieri kumusikana ainzi Maria. Gabrieri akamuudza kuti achava nemwana, akasikwa kubudikidza nesimba reMweya waMwari.

Aizofanira kumupa zita rokuti Jesu rinoreva Muponesi - kana Mwari vanoponesa.Ichi chaive chirongwa chaMwari kupa “nzira” yekuti tidzokere kwaari.

Mwari agara aine hurongwa. Hurongwa hweroponeso rwedu runozorora pachipiriso.Apa ndipo panotangira Pasika kubva paKisimusi.

Kugadzirira Kurovererwa

Mubvunzo: Zvinorevei kuti kuponeswa?[Kudzikinurwa].

Mubvunzo: Tinoda kudzikinurwa kubva pachii? [Zvivi].

Mubvunzo: Chii chinonzi chivi? [Chivi kusateerera Mwari].

Mubvunzo: Sei tichida kudzikinurwa kubva kuchivi? [Patinotadza, tinoita mhosva kuna Mwari.Nokuti tiri vanhu munhu oga ndiye aikwanisa kubhadhara muripo.Asi nokuti mhosva yaive kuna Mwari, Mwari oga ndiye aikwanisa kubhadhara muripo.Ndicho chokonzero nei Mwari akatumira Mwanakomana wakeJesu kwatiri.Jesu munhu azere akararama hupenyu husina chivi- hupenyu hwakarurama. Jesu, Mwari azere ,anokwanisa kutoura zvivi zvosekubva kwatiri].

“Uyo, wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari ”. (2 VaKorinde 5:21).

Nhau dzinofadza ndedzekuti Mwari anoti unokwanisa kudzikinurwa kubva muzvivi zvako kana

Ukatenda kuti Mwari akamutsa (akamuunza muhupenyu zvekare) Jesu kubva kuvakafa uye wodana Jesu kuti apinde muhupenyu hwako.

Inzwa tsanangudzo yezvakaitika kune Mwanakomana waMwari, Jesu, kuti akudzikinure kubva kuzvivi uye kuvhura nzira yokudzokera kunaMwari. Pamauro eChirairo chokupedzisera, mushure mekunge Jesu agudura chingwa akachipa kuvadzidzi vake, akatora mukombe, akapa kutenda, akavapa, vakabuda vakaenda kugomo reOrivhi.

Kurovererwa

(Magwaro: Matteo 26:36-39 naRuka 22:43-44)

Gethsemane

“³⁶Zvino Jesu wakasvika navo panzvimbo inonzi Getsemani. Akati kuvadzidzi, garai pano ini ndichaenda kunonyengetera uko. ³⁷ Akatora Petro navanakomana vaZebedi vaviri, akatanga kuva neshungu nokudumbirwa. ³⁸ Akati kwavari, mweya wangu uneshungu kwazvo kusvikira pakufa, garai pano murinde neni. ³⁹ Akapfuvura mberi zvishomanene, akawira pasi nechiso chake, akanyengetera achiti, Baba vangu kana zvichibvira mukombe uyu ngaupfuvure kwandiri. Kunyangwe zvakadaro kurege kuva kuda kwangu asi kuda kwenyu.”

“⁴³ Ipapo mutumwa akavonekwa naye, wakabva kudenga, akamusimbisa. ⁴⁴ Zvino, ari pakutambudzika kukuru, wakanyanya kunyengetera; ziya rake rikaita samadonhwe eropa, akadonhera pasi.(Ruka 22:43-44).

Kunyange asati arovererwa, Jesu akatanga kupindana nezvaityisa muGethsemane yezvinhu zvaazopindana nazvo panyama nepamweya kuti atidzikinure - kuzadzikisa chirongwa chaMwari cheruponeso rwangu nerwako. Jesu akabatikana zvokuti Mwari akatumira ngirozi kuti imusimbaradze. Jesu akanamata katatu kuti kwete kuda kwangu asi kwaBaba vake kuitwe.

Kusungwa kwaJesu

Husiku uhwu, mumwe wavadzidzi vaJesu ainzi Judasi, akamupindukira akatungamira chaunga chevarume vaive nehasha kuna Jesu. Vakasunga Jesu vakaenda naye kunaCaiphas, mupirisita mukuru, nenhengo yeSanhedrin, nedare *Supreme Court* remaJuda. Ikoko, vakamusvipira, vakamurova nezvibhakera zvavo.(Matteo 26:67).

Ava mangwana vaPirisita vakuru vose navakuru vavanhu vakarangana pamsoro paJesu kuti vamuvuraye. ² Vakamusunga vakaenda naye vakamuisa kuna Pirato mubati.(Matteo 27:1-2).

Pirato akaraira Jesu kuti arohwe nekurovererwa. Chombo chakashandiswa mukuranga kwekurohwa chainzi *Flagra*. Chaisanganisira tambo gumi nembiri dzeganda remhuka nezvidimbu zvesimbi dzinobaya, kana bhonzu rakasungirirwa kwekupedzisira kwetambo. Jesu akasungirirwa pamuti akarohwa kanokwana makumi matatu nemapfumbamwe kumusana nechombo ichi.

“²⁷ Zvino varwi vomubati vakaisa Jesu mumba momubati, hondo yose ikavunganira kwaari. ²⁸ Vakamubvisa nguvo dzake, vakamufukidza nguvo tsvuku, ²⁹ Vakaruka korona yeminzwa, ndokuiisa pamusoro wake, norutsanga muruvoko rwake rworudyi.

Vakafugama pamberi pake vakamuseka vachiti, Kwaziwai, Mambo wavaJudha! ³⁰ Vakamupfira mate, vakatora rutsangavakaramba vachimurova musoro. ³¹ Vakati vamuseka, vakamubvisa nguvo tsvuku, vakamupfekedza nguvodzake vakaenda naye kundumovera pamuchinjikwa (Matteo 27:27-31).

Kurovererwa

Mushure mekunge mauto aita kuti Jesu, arukutike nekurasikirwa neropa, nekurohwa, nekutakura muchinjikwa wake kumuendesa kunzvimbo inonzi Gorogota kunomuroverera. Paakanga asisakwanise kuenderera mberi, vakabata murume ainzi Simoni, aibva kuCyrene vakamumanikidza kutakura muchinjikwa waJesu. (John 19:16-17 , Mako 15:21).

Pavakazovika kuGorogota, vakatambanudza Jesu, pamuchinjiko vakatora chipikiri chirefu chesimbi vakachiroverera paruoko rwake. Vakatora rumwe ruoko rwake vakaruroverera. Pese paiovererwa nyundo pasi, ndinofunga Jesu aiti, "Baba, varegererei, varegererei. Havazivi zvavanoita."

Mauto akatora makumbo ake vakamatambanudza, vakasiya akagonya zvishoma, nokuti ndiwo wakange urimutowo wavo wekuroverera nawo. Vakaroverera zvipikiri patsoka dzake. Jesu arovererwa pamuchinjiko, vakausimudza vakauisa mugomba rave pasi. Danda remuchinjikwa rinogona kunge rakatyora bendekete raJesu. Ipapo kutya kukuru nemarwazo ekurovererwa akabva tanga.

Unoona, pakurovererwa, Jesu aigona kufemera mukati , asi zvainge zvisingagoneke kuti afemere kunze- ainge asingakwanise kubuditsa mweya mumapapu Ake.

VaRoma vaiziva zvavaiita. Ndicho chikonzero nei vakasiya mabvi aJesu akagonya zvishoma. Apo Jesu aida kufema, Aizvikiridzira kuti afemere kunze . Odzikira zvakare. Akarwisa kwemaawa aripo. Vanotaura ngano vanotiudza kuti vanhu vairovererwa vaitaura mashoko akaipa kune vainge vakamuunganira. Bhaibheri rinoti

"Vakarovera pamwe chete naye makororo maviri, mumwe kurudyi, mumwe kuruboshwe. ³⁹ Vakanga vachipfuvura vakamutuka, vachidzungudza misoro yavo ⁴⁰ vachiti lwe wokuputsa tembere nokuivakazve namazuva matatu, chizviponesa. Kana uri Mwanakomana waMwari, buruka pamuchinjikwa. ⁴¹ Saizvozvo vaPirisita vakuru navanyori navakuru vakamuseka vachiti ⁴² Wakaponesa vamwe, iye haagoni kuzviponesa. Kana ari lye mambo wavalraeri, ngaburuke zvino pamuchinjikwa titende kwaari. ⁴³ Waivimba naMwari, ngaachimusunungura zvino pamuchinjikwa kana achimuda nokuti wakati ndiri Mwanakomana waMwari. ⁴⁴ Namakororo akanga aroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye, akamuzvidza saizvozvo."

Mubvunzo: Chii chinonzi chipiriso? [Chipiriso chimwe chinhu chakakosha chinopihwa kubatsira vamwe]. Jesu akazvipira hupenyu hwake kuti tigodzikinurwa kubva kuzvivi.

Mubvunzo: Unofunga kuti nei Jesu akarohwa, kusvipirwa nekutukwa? [Uye waive mukana waSatani (dhiabhorosi) kukurira chironywa chaMwari cheruponeso rwevanhu vese kusanganisira ini newe]. Satani akaronga zvokurohwa nekusvipirwa, kutukwa, nekusvereredzwa, nekusekwa. Mufungo wekutsamwa, shoko rekutsamwa kubva kunaJesu, ruponeso rwako neni rwaibva rwarasika.

Mubvunzo: Dai Jesu akatadza nekutsamwira vanhu vaimurova, kumusvipira nekumutuka, zvaizoita kuti chironywa chaMwari cheruponeso chikundikane sei? [Unoona uyo aibairwa vanhu vose- Jesu- aifanira kuve akarurama uyo asina chipomero- uyo asina chivi].

Satani akanga apererwa nenguva , naizvozvo akawedzera moto. Kuzvamburwa kwairwadza, kutukwa kwakanyanya, kusekwa kwakawedzera, nekurwadza kukuru panyama

kwekurovererwa, chaunga chaalinge chakamukomberedza chichidaidzira chichimutuka. Zvokwadi Jesu aizotsamwa, kamwechete hako. Asi,” **Jesu akati: Baba, muvakanganwire, nokuti havazivi chavanoita. Vakagovana nguvo dzake, vachikanda mijenya pamusoro padzo.” (Ruka 23:34).**

Chinhu chainyanya kutyisa chaityiwa na Jesu kwaisava kurohwa, kutukwa kana kuroverwa. Zvaive zviripamusoro pezvaida kuitika. Ndizvo zvaikumbirwa na Jesu kuna Baba Vake muBindu reGetsemani kuti asapindane nazvo.

Mubvunzo: Unofunga kuti chii chainyanyo tyiwa na Jesu? [Bhakibheri rinotiudza].

“⁴⁵ Zvino kubva panguva yechitanhatu kusvikira panguva yepfumbamwe, rima rakavapo panyika yose. ⁴⁶ Nenguva inenge yepfumbamwe Jesu akadana nenzwi guru achiti, Eri, Eri ramasabakatani! Ndokuti Mwari wangu, Mwari wangu mandisiyireiko?” (Matteo 27:45-46).

Jesu akapatsanurwa kubva kuna Baba Vake - kubva kuna Mwari. Kubva pakutanga kwenguva, Jesu aive nehukama hwakanaka na Baba Vake. Asi rangarira kuti chivi hachimiri pahuvepo hwa Mwari. Jesu chipiriso cha Mwari, hwayana ya Mwari, awana mkutongo wezvivi zvevanhu vose - kutsamwa kuzere kwa Mwari – pamuviri Wake. Jesu akachema nezwi guru, **“Zvapera!” (Johanne 19:30).**

Mubvunzo: Sei Jesu achinzi, “Hwayana ya Mwari”? [Panguva yakarama Jesu, kwaive nechipiriso mazuva ose mutemberi muJerusarema. Chipiriso, chaiwanzove hwayana, yaiuraiwa nenguva dzetatu masikati (paawa repfumbamwe) kusanganisira [pazuva rePasika]. Panguva iyi, mupirisita aimira panzvimo yakakwirira yetemberi woridza hwamanda sechiratidzo chokuti vaive voda kubaira hwayana.

Jesu achinge akaremba pamuchinjikwa, Akanzwa kurira kukuru kwehwamanda ichirira muguta rose. Jesu akaziva panguva iyoyo kuti nguva yake yokuti achibairwa yakange yasvika. Pakapedza mupirisita kuuraya hwayana yePasika, Jesu akatarisa kudenga akati, **“Zvapera!”** Panguva iyoyo, hwayana yePasika nechipiriso cha Mwari – Jesu- Hwayana yedu yePasika – yakafa panguva dzetatu masikati.

Bhaibheri rinoti apo Jesu akabuditsa Mweya Wake, jira remutemberi rakabvaruka nepakati. Vanotaura ngano vanotiudza kuti jira romutemberi raiva rakagadzirwa namazvo uye rakakora zvokuti kana mahachi mana akasungirirwa pajira iri ainge asingakwanise kuribvarura. Jira remutemberi raipatsanura vanhuwo zvavo kiubva mutemberi yemukati yainzi Tsvene yevaTsvene. Umo maisvikira huvepo hwa Mwari.

Mubvunzo: Nei jira romutemberi rakabvaruka nepakati? [Mwari akaribvarura nepakati, kuti vanhu vese vazive kuti havachafanirwa kupatsanurwa Naye nekuda kwezvivi].

Jesu akati, **“Zvapera! Zvapera.** Hapana chaungawedzera paruponeso rwa Mwari. Chipa cha Mwari kwauri. Jesu ihwayana ya Mwari anatora zvivi zvako nezvivi zvavanhu vose

vanotenda kuti Ndiye Mwanakomana waMwari, womukumbira kuti apinde muhupenyu hwavo saMuponesi.

Mubvunzo: Wakambokumbira Mwanakomana waMwari kuti akudzikinure kubva kuzvivi zvako here? Wakambokoka Jesu muhupenyu hwako saMuponesi wako here? Kana usati, unogona nhasi, iyezvino kana zvirizvo zvaunoda kuita, namata munamato uyu, chinyararire mumoyo mako kana nezwi riripasi neni iyezvino:

Anodikanwa Jesu,
Ndinobvuma kuti ndirimutadzi. Ndinokumbira kuti mundiregerere zvivi zvangu zvose. Ndinoda kukugamuchirai ikozvino saMuponesi wangu. Huyai muhupenyu hwangu, mutange kundiita munhu wamuda kuti ndive. Amen.

CHIDZIDZO CHEMUNAMATO CHAKAKOSHA*

Cheezuva reMunamato Rakakosha

“Kana vanhu vangu, vakatumidzwa nezita rangu, vakazvinipisa, vakanyengetera nokutsvaka chiso changu, nokurega nzira dzavo dzakaipa; ipapo ndichanzwa kudenga ndichavakanganwira zvivi zvavo, nokupodza nyika yavo.” (2 Makoronike 7:14).

United States Congress yakasiya zuva vakariti “*The National Day of Prayer*” muna 1952. Izuva rakatsaudzirwa kuti vanhu vose ve America vanamatire nyika yavo, vatungamiri vayo nevanhu vayo.

Nhasi tichanamatira vanhu vari mumapoka vashanu:

- Hurumende
- Makereke nemapoka ehushumiri
- Mabhizimisi nemandasitiri
- Mhuri

- Nesu pachezvedu

Muenzaniso yevanhu vari muboka rimwe nerimwe wakapuhwa kukubatsira kufunga vanhu vekunamatira. Uye magwaro anobatana neboka roga roga kukubatsira kufunga zvokunamatira.

Paunosangana nevana vako kana seboka remhuri dzakasiyana, ngatizvinipise, tosiya zvakaipa , toita zvakanaka, tomudana kuti , Atinzwe Ari kudenga uye otikanganwira zviwi zvedu nekuporesa nyika yedu.

“Inzwi mashoko angu Jehovha...” (Mapisarema 5:1)

Hurumende Yedu

“Akakomborerwa munhu asingafambi panorangana vakaipa, Asingamiri panzira yavatadzi, Asingagari panogara vadadi. Asi anofarira murayiro waJehovha; Anofungisisa murayiro wake masikati nousiku” (Mapisarema 1:1-2).

Namatira kuti vatungamiri vedu vakumbire Mwari kuti avabatsire kuita sarudzo dzakanaka nekumira padziri kunyange vanhu vasingadzikurudzire.

- Vatungamiri veparamende: Mutungamiri wenyika yedu, maseneta nevatungamiri vakagadzwa.
- Vatungamiri venharaunda: Gavhuna , mameya nemaseneta
- Bazi remitemo : Dare redzimhosva repamusoro, vatongi vematare edzimhosva dzomaguta akasiyana.
- Mauto: Air force, mauto epasi, mauto emumvura

“Zvino Petro navaapostora vakapindura vakati: Tinofanira kuterera Mwari kupfuvura vanhu.” (Mabasa Evapostori 5:29).

Makereke Nemapoka Ehushumiri

“Zvino ngatirege kuneta pakuita zvakanaka, nokuti tinozocheka nenguva yakafanira, kana tisingavori moyo.” (VaGaratia 6:9)

Nyika yedu inoda kuziva kuti kuna Mwari mumwe chete uye kuti akaisa chiero chechokwadi kuvanhu vose: Namatira Izvi

Mufundisi wako, vatungamiri vekereke, vadzidzisi, sangano rako, rudzi rwesangano rako, kuti shoko raMwari ritaurwe nehushingi nekusanyara uye kuti kereke ive yakarurama nekuve chiedza chakajeka munyika ine rima.

Boka rehushumiri raunobatsira kana rinobatsira mhuri yenyu seSalvation Army. Nyanya kutarisa mhuri, mapoka amaKristu, Practice Ministries, kuti hupenyu hwevanhu hushandurwe, kuti shoko raMwari riiswe mumaramiro avanhu mazuva ose.

Vakasungwa Nekutambudzwa Nekuda Kwevhangeri

“Simbai, mutsunge moyo, musatya kana kuvhunduswa navo; nokuti Jehovha Mwari wako ndiye unoenda newe, haangakuregi, haangakusiya.” (Dheturonomi 31:6).

- Kazhinji vanhu vari mutirongo nekuda kwemabasa akaipa vanoda kuti moyo yavo (mafungiro) aruramiswe kuti vasazopara mhosva dzavo zvekare. Jesu chete ndiye anogona kushandura moyo yevanhu. Namatira kuti moyo yavo ishandurwe.
- Vamwe vanhu “vakaitwa nhapwa” nezvinodhaka zvisingatenderwi kunwisa doro zvapakufurikidza, zvitendero zvisina kunaka pamusoro paMwari uye ivo vakasungwa nekubatwa hunhapwa nazvo. Jesu chete ndiye anesvumbunuro yekusungunura ngetani dzakabata vanhu ava senhapwa. Namatira kuti vasunungurwe.
- Dzimwe nguva makristu anosekwa kana kutarisirwa pasi. Mudzimwe nzvimbo pasi pano makristu dzimwe nguva anoiswa mutirongo, kana kukuvadzwa, kanakutorerwa mmabasa, dzimba kana nhengo dzemhuri. Namatira kuchengetedzeka kwavo uye kuti Mwari vakudzwe nemashoko nemabasa avanhu ava.

Magariro Netsika Dzedu

“Vakaropafadzwa vanochengeta zvipupuriro zvake, Vanomutsvaka nomoyo wose. Zvirokwazvo, havaiti chinhu chisina kururama, Vanofamba munzira dzake. Makatiraira zvirevo zvenyu, Kuti tizvichengete zvakanaka” (Mapisarema 119:2-4)

Mazuva ose tinofurirwa nezvatinoona, kunzwa, kuverenga nezvatinotaurirwa kunyange zvakanaka kana kuipa, zvine humwari kana zvisina humwari. Namatira hufuriri hwakaipa husina huMwari kuti hupere uye kuti zvakanaka zvine humwari zvioneke, zvinzvike, zviverengwe nekutaurwa.

Zvichida nhonga mapoka maviri kana rimwe kubva kubva pane akadomwa uite kuti minamoto yako ifanire vanhu vari mumapoka aya.

Bhizimusi neindasitiri- kufambiswa kwemashoko, nyaya dzemari, mitemo nekugadzirwa kwezvinhu.

- | | |
|--|------------------------------------|
| • Mabasa emunharaunda ekuzvipira mapurisa. | Mapato anobatsira vanotambura, |
| • Hurongwa hwedzidzo | Varairidzi, vadzidzi, vadzidzisi. |
| • Bazi rescience | (Research and development). |
| • Nhepfenyuro | Chivhitivhiti wairesi, nepepanhau. |
| • Bazi remutambo inonakidza nemitambo. | Bhaisikopo, mimhanzi, zvinyorwa |

Mhuri

“Ude Jehovha Mwari wako nomoyo wako wose, nomweya wako wose, nesimba rako rose. Zvino mashoko awa andinokuraira nhasi, anofanira kuva mumoyo mako,

unofanira kushingaira kuadzidzisa vana vako, nokuataura kana ugere mumba mako, kana uchifamba munzira, kana uchivata pasi, kana uchimuka” (Dheturonomi 6:5-7).

- Mwari akagadzira mhuri senzvimbo inodzidziswa chokwadi nenzira dzake. Namatira vabereki kunyanya vana baba kuti vatungamire mhuri dzavo nemuenzaniso watakapihwa naMwari nemagamba emuBhaibheri.
- Namatira nhengo dzemhuri yako, shamwari, vavakidzani nevaunotamba navo mumitambo, mhuri dzakaputsika neavo vasina mhuri.

Kuvandudzwa Kwako Nekudzoreredzwa Kwehunhu Wako

“Ndinzverei, Mwari, muzive moyo wangu; Ndiidzei, muzive ndangariro dzangu; Mutarire kana panenzira yakaipa mandiri, Mundifambise munzira isingaperi.” (Mapisarema 139:23-24).

- Namatira kuti Mwari aratidze zvauri izvo zvisingafadze Mwari, tendera Mwari akubatsire kugadzirisa nzvimbo idzi.
- Namatira vanhu vose vomunyika mako, kuti vatsvage Mwari vatendeuke kubva pakufunga nekuita zvakaipa vafunge nekuita zvakana.

“Ndiko kusatya, kwatinako kwaari, kuti kana tichikumbira chinhu nokuda kwake, unotinzwa” (1Johani 5:14)

*Chidzidzo ichi chakatorwa kubva mu Dallas Prayer Breakfast guide 1997.

NGUVA YENYAYA

Gwaro Rechidzidzo Chanhasi

“ Ndinoziva chinhu chimwe, kuti ndaiva bofu, zvino ndovona” (Johani 9:25)

Muna 2001 ndakabatsira imwe kereke iri muDallas, TX, kugadzira kosi inonzi “Story Teller”, kubatsira vanhu kuvaka nekugoverana nyaya dzavo - kuti vakave nehukama sei naJesu Kristu. Nguva yenyaya mudimbudzirwa wekosi iyi asi chinangwa chiri chimwe chete - kukubatsira kupupura simba raJesu Kristu rinoshandura hupenyu hwako.

Nguva yakasimba ine kunzwanana iwe nevana vako muzvidzidzo zveBhaibheri yamusingawane ndeye pamunogoverana baba kana mwanakomana kana mwanasikana nyaya yavo.

Pose pamunosarudza kuita izvi seboka, inguva yekumbotsveta maBhaibheri, nemabhuku ekushandisa muzvidzidzo mongoteerera. Inguva yakanaka chose kuvenayo mose (tarisa zvinyorwa pamusoro pokuti; ungaenderere mberi sei neboka rako pakupera pechidzidzo chino).

Nguva yenyaya
(Magwaro: Johane 9:1-25)

¹“ Jesu wakati achipfuvura, akavona munhu wakanga ari bofu kubva pakuberekwa kwake. ² Vadzidzi vake vakamubvunza, vachiti: Rabhi, ndianiko wakatadza, uyu kana vabereki vake, zvaakaberekwa riri bofu? ³ Jesu akapindura, akati: Uyu haana kutadza, kunyange navabereki vake; asi izvi zvakaitwa kuti mabasa aMwari avoneswe maari. ⁴ Ndinofanira kubatebasa rowakandituma, achiri masikati; vusiku bwunovuya, bwusingagoni munhu kubate basa nabwo. ⁵ Kana ndichiri panyika, ndiri chiedza chenyika. ⁶ Wakati areva izvozvo, akapfira mate pasi, akakanya dope namate, akazodza dope rawo pameso ake, ⁷ akati kwaari: Enda undoshamba mudziva reSiroami, (ndokuti, kana zvichishandurwa, Kutumwa), Ipapo akaenda, akandoshamba, akadzoka achivona.

⁸ Vakanga vagere naye, navaimuvona kare, kuti ndiye waikumbira, vakati: Ko uyu haazi iye waigara achikumbira here? ⁹ Vamwe vakati: Ndiye; vamwe vakati: Kwete, asi wakatodzana naye. Iye akati: Ndini.

¹⁰ Zvino vakati kwaari: Meso ako akasvinudzwa seiko? ¹¹ Akapindura, akati: Munhu unonzi Jesu wakakanya dope, akazodza meso angu, akati kwandiri: Enda kudziva reSiroami, undoshamba; naizvozvo ndikaenda, ndikashamba, ndikavona. ¹² Vakati kwaari: Iye uripiko? Akati: Handizivi.

¹³ Vakamuisa kuvaFarise, iye wakanga ari bofu kare. ¹⁴ Zvino raiva sabata zuva iro Jesu raakakanya dope naro, akasvinudza meso ake. ¹⁵ Zvino vaFarise vakamubvunza zve, kuti wakavoneswa sei. Akati kwavari: Waisa dope pameso angu, ndikandoshamba, ndikavona.

¹⁶ Zvino vamwe vavaFarise vakati: Munhu uyu haazi waMwari, nokuti haachengeti sa bata. Asi vamwe vakati: Ko munhu mutadzi ungaita seiko zviratidzo zvakadai? Ipapo kupesana kwakamuka pakati pavo.

¹⁷ Zvino vakati zve kubofu; Iwe unoti kudiniko pamusoro pake, zvaakasvinudza meso ako? Akati: Muporofita. ¹⁸ Naizvozvo vaJudha havanakutenda pamusoro pake, kuti wanga ari bofu, akazovona, kusvikira vadana vabereki vowakavoneswa. ¹⁹ vakavabvunza, vachiti: Uyu ndiye mwanakomana wenyu, wamunoti wakaberekwa riri bofu here? Zvino unogovona seiko?

²⁰ Vabereki vake vakapindura, vakati: Tinoziva kuti uyu mwanakomana wedu, vuye kuti wakaberekwa riri bofu; ²¹ asi hatizivi kuti zvino wovona sei; nowakasvinudza meso ake, hatimuzivi; mubvunzei henyu; waaruka, uchazvirevera hake. ²² Vabereki vake vakareva izvozvo, nokuti vaitya vaJudha, nokuti vaJudha vakanga vatotenderana, kuti kana kuno munhu unotenda kuti ndiye Kristu, abudiswe musinagoge. ²³ Naizvozvo akati: Waaruka hake, mubvunzei henyu. ²⁴ Zvino vakamudana zve rwechipri, iye munhu wakanga ari bofu, vakati kwaari: Rumbidza Mwari; isu tinoziva kuti munhu uyu mutadzi. ²⁵ Ipapo iye akapindura, akati: Kana ari mutadzi ini handizivi; ndinoziva chinhu chimwe, kuti ndaiva bofu, zvino ndovona.”

Kutaura nyaya yako

Mufungo “wekutaura nyaya yako” inogona kuunza kusagadzikana. Zvichida unotyta kutadza kana kushaya zvokutaura. Ndosaka ndaisa chikamu chino “Nguva Yenyaya” tose. Munhu wose ane nyaya yekutaura, kudzidzira kutaura nyaya yako kunogona kuve chinhu choga chinodiwa kuunza nhau yakanaka ya Jesu Kristu muhupenyu wemumwe munhu.

Saka Nyaya Yako Ndeyei?

“Saka ...nditaurire nyaya yako” kana ukabvunzwa mubvunzo uyo mhinduro yako ndeyekuti kudii? “Handifungi kuti ndine zvakawanda zvekutaura”.... “Ndinofunga kuti ndine nyaya asi haidakadzi.” Unotarisirwa kuti ufunge nenzira iyi asi zviri kure nechokwadi. Tine nyaya yakakosha yakasiyana neye mumwe munhu. Kana wasangana na Jesu une nyaya yekutaura.

Zvichida unoiziva zvakanyanya. Zvichida uchiri kuivaka. Nenzira ipi kuinyora kana nekuigovera nyaya yako irangaridzo ine simba yekuti Mwari vari pabasa muhupenyu hwako. Inogona kupa chapupu chakasimba kune vanoizwa kunyanya kumwanakomana kana mwanasikana wako!

Ichi ndicho chinangwa chekugoverana nyaya yako- kutaura nezvesimba rinoshandura ra Kristu muhupenyu hwako. Paunogoverana nyaya yako urikutaura shoko ra Mwari nenyaya yako, shoko ra Mwari rinove benyu nekubatika muhupenyu hwako.

Saka tave kutanga...

Kana usati wambofunga zvakanyanya nezvekutaurira mumwe munhu nyaya yako kana kuve nenguva yakanaka kuisa nyaya yako pabepa, hedzino dzimwe pfungwa dzingakurudzirwa pakubatanidza nyaya yako.

Kutendeuka.

Kana ucharangarira nguva, nzvimbo nechitiko pawakagamuchira Jesu muupenyu hwako, zvichida nyaya yekutendeuka kwako inokunokodzera kushandiswa. Kana nyaya yekutendeuka kuchikodzera, edza kuumba nyaya yako pamibvunzo iyi:

- Hupenyu hwako hwakanga hwakanga hwakaita sei usati wagamuchira Jesu muupenyu hwako?
- Chii chakakusvitsa (chitiko, hurukuro) pakugamuchira Jesu saMuponesi wako?
- Wakamugamuchira Kristu saMuponesi wako salshe wako sei, uye riinhi?

- Jesu akashandura hupenyu hwako sei?

Rwendo Rwepamweya

Kana kutenda kwako kuchiita serwendo, naizvozvo “Rwendo Rwepamweya ” rwakakodzera kuve nyaya yako. Edza mibvunzo iyi.

- Ndezvipi zviitiko zvakakosha Mwari zvaakashanda muhupenyu hwako?
- Ndezvipi zviitiko, mamiriro ezvinhu kana vanhu vakakubatsira kuvaka kutenda kwako muna Kristu?
- Hupenyu hwako hwaizosiyana sei dai wakanga usina Jesu? (magariro, mafungiro, zvaunokosha, hukama etc.).

Kugoverana Shoko raMwari Kuburikidza Nyenya Yako

“Ndiko kuti Mwari wakanga achiyananisa nyika naye munaKristu” (2 Vakorinde 5:19).

Vhangeri raMwari munyaya yaJesu. Nyaya yaJesu chidimbu chenyaya yemagwaro, kubva paKusikwa, muKutadza kusvika paKudzikinurwa kwakauya naJesu. Iyi inyaya hombe pane dingindira rimwechete rinobuda munyaya iyi: Ruyanano! Imwe nzira yakasimba yekugoverana nhau yakanaka yaJesu Kristu ndeye kusanganisa vhangeri raMwari nyenya yako.

Edza kuisa mibvunzo iyi munyaya yako:

Kusikwa

Unonzwisisa sei chinangwa chaMwari mukukusika?

“...kuti naJesu Kristu tiitwe vanakomana vake, sezvaakafadzwa pakuda kwake” (VaEfeso 1:5)

Unozwisisa sei chinangwa chako muhupenyu?

“Akati kwaari: Ida Ishe, Mwari wako, nomoyo wako wose, nomweya wako wose, nokufunga kwako kwose... Ida wakwako; sezvaunozvida iwe (Mateo 22:27-29).

Kudonha

Wakanzwa kuti chivi chakaita sei muhupenyu hwako?

“Kana muchindida, chengetai mirairo yangu” (Johane 14:15)

Ndechipi chaive chibairo chechivi ichi?

“Asi zvakaipa zvenyu zvakakuparadzanisai naMwari wenyu” (Isaya 59:2)

Kudzikinurwa

Wakazoisa kutenda kwako muna Jesu sei (mhinduro yedambudziko)?

“Nokuti makaponeswa nyenya, nokutenda; izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari; hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza” (VaEfeso 2:8-9)”

Wakayananiwa namwari sei? (mhedzisiro yaive chii?)

“Asi tinofara zvikuru vo munaMwari naShe wedu Jesu Kristu, watakapiwa zvino naye iko kuyananiwa” (Varoma 5:11)

Kereke nevamwe vakukubatsirei?

“Zvino, imi muri muviri waKristu, nomumwe, nomumwe mitezo yawo.” (1 Vakorinde 12:27)”

Kubatanidza Nyaya Yako

- Ndezvipi zvinhu zviru munyaya yako zvinganakidze mumwe munhu?
 - Ndeapi magwaro emuBhaibheri aungaise pasi pemibvunzo iri pamusoro?
 - Ndezvipi zvawakapindana nazvo muhupenyu hwako zvingave muenzaniso kubatsira nyaya yako?
 - Nyora nyaya yako seuri kutaurira mumwe munhu.
 - Ngaive iri pakati pemaminiti matatu nemashanu.
- *****

Nguva yenyaya muchidzidzo cheBhaibheri

Vamwe vabereki nevana muboka vanenge vachida kugoverana chapupu chavo. Vamwe vanogona kuzviona sevasati vagadzirira. Hazvina kuipa.

Musati maita chidzidzo ichi ndinokukurudzirai kuti mutaure pachiri nenguva kuti ndicho chidzidzo chamunenge muchiita. Ndinokukurudzira zvekare kuti uudze boka kuti uchasarudza kutungamira chidzidzo ichi kana kuve navabereki vanoda kuti vatungamirire chidzidzo ichi.

Munogona kuve nenguva imwe kana mikana yakawanda. Sezvo panenge pasina nguva yakakwana kuti muve nenguva yekudzidza kamwe kana kaviri pasvondo. Naizvozvo ndinokukurudzirai kuti muite nguva yakareba kuti mubvumire vese vanoda kupupura vape zvapupu zvavo.

Bepa rechidzidzo chakakosha rinowanikwa mu**Kudzidza Bhaibheri** chikamu ichi chePractice Ministries bhuku remudzidzisi.

MHINDURO YEKUDZIDZA BHAIBHERI

BHUKU REKUBATSIRA MUTUNGAMIRI KUDZIDZA BHAIBHERI

Bhuku rekubatsira mutungamiri **Kudzidza Bhaibheri** rakagadzairwa zvikonzero zviviri

1. Kupa mhinduro kumubvunzo yakabvunzwa pamapeji e**Kudzidza Bhaibheri** nemagwaro akasarudzwa.
2. Kupa pfungwa mhinduro dzingatarisirwa pamibvunzo isina mhinduro imwechete.

Mhinduro dzinotarisirwa hadzisiridzo dzoga mhinduro kune mibvunzo yakawanda yacho asi imhinduro dzinotarisirwa kuti dzikubatsire kuva nepfungwa nehurukuro pakutungamira boka kuburikidza nechikamu che**Kudzidza Bhaibheri** muchidzidzo ichocho.

Kudzidza Bhaibheri kunogona kuva nzira yakanaka yevabereki nevana kuti vadzidze Bhaibheri pamwechete uye kunza mhuri yese pakunzwisisa shoko raMwari zvakadzika.

CHIDZIDZO # 1:MUNA MWARI TINOVIMBA

Verenga Mavambo 12:1-2

Ngano

Zviuru zvamakore apfuara, munyika yatave kuti Iran nelraq,Mwari akazviratidza kumurume ainzi Abramu (Zita rake rakazoshandurwa kuve Abrahamu) akati, **"Ibva panyika yako, nokuhama dzako, nokuimba yababa vako, uende kunyika yandichakuratidza iyo; ² ndichakuita rudzi rukuru..."** (Mavambo 12:1-2).Musi iwowo Mwari vakaita chivimbiso kuna Abramu vakati vaizovaMwari wevana vake uye ivo vaizove vanahu vake.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Chivimbiso chei chakaitwa naMwari kuna Abramu?

Mwari aizoita Abramu rudzi rukuru nekukudza zita rako (Mavambo 12:1-2).

2)Abramu akaitei kuti akwanise kuwana zvaainge avimbiswa na Mwari?

Abramu akasimuka sezvaakanga akataurirwa naMwari..... (Mavambo 12:4).

Abramu aifanira kuvimba naMwari kuti agamuchire chivimbiso chaMwari.Mwari sokungovimbisa kwavakaita Abramu Akangovimbisawo ini newe.Asiwo sezvakaita Abramu kuti aifanira kuvimba naMwari kuti agogamuchira chivimbiso chake,unofanirawo kuvimba naMwari kuti ugokwanisa kugamuchirawo chivimbiso chake kwauri.

3)Chivimbiso nechipo chaMwari kwauri chii?

Chipo chaMwari ndechehupenyu husingaperi muna Jesu Kristu Ishe wedu (Varoma 6:23).

4)Unwana sei chipo ichi?

"Kana ukapupura nemuromo wakokuti ,”Jesu ndiye Ishe” uye ukatenda mumoyo mako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, unoponeswa”(Varoma10:9).

Wakagamuchira chipo ichi here? Kana usati,iyi ingava nguva yakanaka kuti utaure nababa naamai vako nezvazvo.

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumoyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa” (Varoma 10;9).

CHIDZIDZO #2 MOSESI NEMINANA

Verenga Eksodo 3:6 Mateo 22:32

Ngano

Mwari akati kuna Abrahamu, ”Ibva kunyika yako,kuvanhu vako nekumba kwababa vako uende kunyika yandichakuratidza.”Nokutenda Abrahamu akateerera akaenda,kunyange aisaziva kwaaienda.Nokutenda,Mosesi akatenda kuti Mwari aizotungamira vana velzirairi kubva kuEgipita kusvika munyika yechipikirwa.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Kutenda chii?

kuve nechokwadi chezvatinotarisa nehumbowo hwezvatisingaone. (VaHeberu 11:1).

2)Nyora mazwi maviri anotsanangura kutenda:

Kutenda ichokwadi nehumbowo

3)Unowana kutenda sei?

Kubva mukuteerera shoko,shoko ishoko raKristu (Varoma10:17).

Mwari anokuvimbisa hupenyu husingaperi kana ukaisa kutenda nekuvimba kwako mune Mwanakomana wake Jesu Kristu.

4)Tinowana kupi Shoko raMwari?

MuBhaibheri

5)Zadzisa mazwi pane nzvimbo yakapihwa uye uaise(mudenderedzwa)

*“...hamuna kuverenga zvakataurwa naMwari kwamuri **Ini ndini** Mwari waAbrahamu, Mwari walsaka, Mwari waJokobo? Haasi Mwari we**vakafa** asi we**vapenyu**”(Mateo 22:31-32).*

Unova nechokwadi chevchivimbiso chaMwari choupenyu usinga peri kubudikidza neMwanakomana Wako Jesu Kristu.

7)Ungadzidzire sei kuve nekutenda munaMwari muvhiki rino?

- *Kuverenga Bhaibheri nekutenda zvarinotaura*
- *Kunamata*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Jehova akatendeka kune Zvake”(Mapisarema 145:13).

CHIDZIDZO #3 RWENDO RUKURU

Verenga Deuteronomi 6:7 neMateo22:37-39

Ngano

Mosesi ainge akatumwa kuve mudzikinuri nemutongi welzirairi naMwari chaivo,akatungamira mhuri dzose dzelzirairi kubva muEgipita nekuita zvishamiso neminana muEgipita nepagungwa dzvuku. Mamirioni maviri evanhu akabva muEgipita pazuva reEksodo(zvinoreva “kubuda” kana “kusimuka”) uye Mosesi akavatora parwendo rwemusango.

Mwedzi mitatu vabuda muEgipita, Mosesi nevalzirairi vakabuda musango vachipinda mugwenga vakadzika matente pamberi pe gomo reSinai. Mwari akadana Mosesi kubva mugomo ndokuti,“Ndinoda kukupa mirairo yaunofanira kupa kune vanhu.”Mwari ndokubva apa Mosesi Mitemo ineGumi:

Mwari akapa Mosesi mitemo ine gumi kuti adzidzise Izirairi kuda Mwari nekudanana pachavo.Tinoda Mwari nokuratidza kuti ndiye wekutanga muhupenyu hwedu uye tinoratidza izvi nekuita zvaanotaura.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Chii chinonzi murairo?

kusungirwa kuti uite chinhu. Hakusi kukumbirwa

2)Ndezvipi zvinhu zviviri zvinotaurwa naJesu kuti Mwari anoda kuti uite?(Mateo22:37-39)

- *Ida Mwari nemoyo,mweya nepfungwa dzako dzose.*
- *Ida vamwe sekuda kwaunozviita.*

3)Mwari anoda kuti tiise mirairo iyi pai?

Mumoyo medu (Deutronomi 6:6).

4) Ungadzidzire kuda Mwari sei muvhiki rino?

Nhonga mumwe wemirairo Wake wogara pasi naamai kana baba vako motaura pamusoro

pekuti ungaudzidzire sei vhiki rino. Kumbira Mwari akubatsire kuita basa rakanaka mukudzidzira.

5) Ungadzidzire kuda vamwe sei vhiki rino?

Sarudza munhu mumwe waunga batsire zvakananyanya. Kuve nemoyo munyoro kwari kana kugoverana naye.

Mashoko akanaka Ekurangarira

“Ude Jehovha Mwari wako nomoyo wako wose, nomweya wako wose, nesimba rako rose” (Deutromoni 6:5).

CHIDZIDZO #4 KUNAMATA KASANAMATA.

“Mwari anoda kuve wekutanga muhupenyu hwako”

Verenga Danieri 6:1-23

Ngano

Danieri ainge ari mukomana wechiJudha aigara munyika yePersia. Aive nematarenda ainge ari emhando yepamusoro uye ndiye ainyanyodisidzwa pavashandi vamambo. Asi vamwe vashandi vamambo vakaitira Danieri godo ndokumurongera zvakaipa

Mikana Yokudzidza Bhaibheri

1) Vamwe vashandi vamambo vaisafarira Danieri nei?

Aiita basa rakanaka kuvapfuura nekuda kwetsika dzemashandiro akanaka nazvidavado (Danieri 6:3).

2) Danieri aive nehunhu hwakakwenenzverwa hwaimubatsira kuita basa rakanaka. Ndechipi chinhu chimwe chaaiita chaimubatsira kuita basa rakanaka?

Akanamata nekukumbira Mwari kuti vamubatsire pabasa rake (Danieri 6:11).

3) Danieri akazvipira kunamata Mwari (Danieri 6:10). Zvinorevei “kuzvipira”?

Kuramba wakamira panezvaurikuita.

4) Mutongo wekutyora murairo wamambo waivei?

Kukandirwa mugomba reshumba (Danieri 6:7).

5) Danieri akaitei mushure mekunzwa nezve mutongo uyu?

Akanamata (pachena) sezvaakanga azvipira kuita (Danieri 6:10).

Danieri ainge akavimbika (akatendeseka) uye asina huwori (hutsotsi) kana kunyozera (kushaya hany'a). Akazvipira kuna Mwari kuti asave nevamwe vamwari pamberi pake. Hapana chinhu kana munhu ainge akakosha kupfuura Mwari wainamata uye aimubatsira. Danieri akazvipira kuita mwari munhu akamukoshera muhupenyu hwake uye kumunamata iye oga-nyange zvaireva kukandirwa mugomba reshumba!

6) Doma nzira imwe yaunga dzidzira nayo vhiki rino:

- Kuvimbika *Itai mabasa ako nenguva, nekupedza kuti uende nenguva.*
- Kumira pachokwadi *Kuve nechokwadi.*
- Kuve nehany'a *Teera mirairo kana mirairo yekudzivirira njodzi.*

7) Ndiani waunga zvipire kunamata vhiki rino?

Mhuri, shamwari, mamissionary mufundi wako mumwe munhu waunonzwa kuti anoda rubatsiro Mashoko akanaka Ekurangarira

“Vakashayiwa shoko kana mhosva, nokuti akanga akatendeka, uye kwakanga kusina kutadza kana mhosva kwaari” (Danieri 6:4b).

CHIDZIDZO #5 JESU MUGETHSEMENE

“Kukudza nekuremekedza vabereki vedu”

Verenga Ruka 22:41-44

Ngano

Jesu aiziva kuti akange oda kusungwa, kurohwa nekuuraiwa pamuchinjikwa. Jesu aisada kupindana neizvi. Mauro izvi zvisati zvaitika, Jesu nevadzidzi vake vainge vari kunzvimbo inonzi Gethsemane, pagomo reOrivhi.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Jesu akati chii kuna Baba vake?

“Kwete kuda kwangu asi kuda kwenyu kuitwe” (Ruka 22:42).

2) Ndezvipi zvikonzero zvitatu zvekukudza nekuteerera amai kana baba vako?

- *Zvinhu zvinokufambira (Deutronomi 5:16).*
- *Zvakanaka (VaEfeso 6:1).*
- *Zvinofadza Mwari (VaKorose 3:20).*

3) Nderipi basa rinotarirwa vabereki vako kuita kwauri?

Kukudzidzisa nekukubatsira kudzidza shoko raMwari (Vaefeso 6:4).

4) Ndedzipi nzira nhatu dzaungadzidzire nadzo kukudza vabereki vako muvhiki rino?

- *Kuteerera*
- *kuteerera zvavanenge vakuudza (kecutanga*
- *kuita nepaunogona napo muchikoro kana kumitambo*

5) Baba (kana mai), ndeipi nzira imwe yamungadzidzire nayo kodzidzisa vana venyu shoko raMwari vhiki rino?

Kuverenga Bhaibheri muri pamwechete kuita zvamunoda kuti vadzidze.

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Vana, tererai vabereki venyu pazvinhu zvose, nokuti ndizvo zvakanaka munaShe” (VaKorose 3:20).

CHIDZIDZO #6 MUVAKIDZANI AKANAKA “Kudza zita raMwari nezvaunoita nekutaura”

Verenga Ruka 10:25-37

Ngano

Vanhu vechiJudha”vaishoropodza”maSamaria (vaSamaria vaive vanhhu vaigara muSamaria, nyika yaive pedyo nelzirairi) nekuti vaive vanhu vakasiyana vaine zvitendetero zvakasiyana, naizvozvo vanhu velzirairi vaisava nechekuita navo.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Vanhu vangani vakapfuura nepainge pane murume akakuvadzwa?

Vaviri (Ruka 10:31-32).

2) Vaive varume vakaita sei?

Mupirisita nemuRevi- vaviri vaMwari (Ruka 10:31-32).

3) Chii chinonzi “mumiririri”?

Mumwe munhu anomira pachinzvimbo chemunhu akakosha.

4) Varume avo vaiita basa rakanaka sevamiririri vaMwari here? Sei?

Kwete. Havana kumira kuti vabatsire murume ainge akuvara.

5)MuSamaria aiva mumiririri waMwari here? Sei?

Hongu. Akanzwira tsitsi murume ainge akuvadzwa akamuratidza moyo munyoro. (Verse 33).

6)Ungava mumiririri waMwari nhasi sei?

- *Kuve shamwari nemunhu mutsva pachikoro*
- *sarudza mutambi asingagone pekutanga kuti ave muchikwata chako*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Naizvozvo tiri nhume nokuda kwaKristu” (2VaKorinde 5:20).

CHIDZIDZO #7 NGUVAYEKUZORORA!(CHIKAMU 1)

“Tora zuva rekuzorora sechipo kubva kuna Mwari urishandise zvineungwaru”

Verenga Mavambo 1:1-2:3

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Nanganisa zvinhu zvakasikwa naMwari nezuva raakazvisika:

- a.Zuva,mwedzi nenyenyedzi **(Mavambo 1:14-18).**
 - b.zvipuka nemarudzi azvo **(Mavambo 1:24).**
 - c.Denga **(Mavambo1:8).**
 - d.Hapana chakasikwa **(Mavambo 2:2).**
 - e.Nyika, gungwa, miti neuswa **(Mavambo1:9-12).**
 - f.Chiedza (zuva) **(Mavambo 1:3).**
 - g.Zvipuka zvemumvura neshiri dzedenga **(Mavambo 1:20).**
- | | |
|-------------------------------|-----------------|
| _f_ Chiedza | Zuvarekutanga |
| _c_ Denga | Zuva rechipiri |
| _e_ Nyika, gungwa,miti neuswa | Zuva retatu |
| _a_ Zuva,mwedzi,nyenyedzi | Zuva rechina |
| _g_ Zvipuka zvemumvura | Zuva reshano |
| _b_ Zvipuka nemarudzi azvo | Zuva retanhatu |
| _d_ Hapana chakasikwa | Zuva rechinomwe |

2)Mwari akapa Adamu basa rei?

Rekuchengeta bindu (Mavambo 2:15).

3)Maitiro api aunofanira kuita kana uine basa rekuita?

- *Shanda kuti ufadze Mwari (VaKorosi 3:23).*
- *Iva nemufaro mukuita zvinhu zvose (VaFiripi 2:14).*

4)Unemabasa aunaita here? Nyora rimwe kana maviri:

- *Waridza paunoara*
- *Buditsa marara mumba*

5)Unga dzidzire sei kuve nemaitiro akanaka kana ukakumbirwa kuti uite mabasa aya?

- *Ita mabasa aya semutambo – ungatore nguva yakawanda sei kuti uripedze.*

- *Rangarira kuti vamwe vanokuitira zvakawanda sei.*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

Zvose zvamunoita, muzviitei nomoyo wose, sokunaShe, musingaitiri vanhu(VaKorosi 3:23).

CHIDZIDZO #8 NGUVA YEKUZORORA (Chikamu 2)

“Tora zuva rekuzorora sechipo kubva kuna Mwari urishandise zvineungwaru”

Verenga Eksodo 16:1-5 ne Eksodo 16:29-30

Ngano

Vanhu vese velzirairi vainge vaona simba raMwari guru paakavatungamirira pagungwa dzuku sekunge panzvimbo yakaoma nemidhuri yemvura kurudyi nekuruboshwe kwavo. Mosesi akazovatungamirira kubva pagungwa dzuku kupinda mungwenga pavakazosvika panzvimbo inonzi Elim Mushure memazuva matatu painge paine zvekudya nemvura.

Mikana yekuziva Bhaibheri

1)Pazuva rechinomwe rekusika zvinhu, mwari akaita sei?

Akazorora. (Mavambo 2:2-3)

2)Pazuva rechinomwe, musi wesabata, vanhu velzirairi vaifanira kuitei?

Kuzorora (Eksodo 16:30).

3)Kovarimi mumwaka wekurima nekukohwa, vaifanira kuita sei pasabata?

Kuzorora (Eksodo 34:21).

4)Sei Mwari vachiti raira kuti tizorore?

Zvakatinakira (Deutronomio 10:13).

Mwari akasika zvinhu zvose mumazuva matanhatu akazorora pazuva rechinomwe.

Akanyatso zorora, akatora nguva yekufunga pamusoro pezvainge aita. Pane zvikonzero zvitatu zvakawanda mwari zvaanotirairira kuzorora, izvi zvakatinakira isu:

- 1.Nekuti anehany'a nesu. Tinorukutika kana tikasazorora.
- 2.Zvinoratidza kuti tinovimba Mwari. Mwari anotipa zvatinoda.
- 3.Zvinoratidza kuti tinoda mwari uye tinochengetedza mirairo yake

5)Ndedzipi nzira iwe nemhuri yako dzamunga dzidzire kuchengeta zuva rekuzorora

- *Kusava nehurongwa hwebasa musi iwowo*
- *Ronga kuti rive zuva mhuri painotamba kana zuva rokuverenga bhuku*
- *Ita mabasa enyu pamazuva matanhatu*

Mashoko Akanaka Okurangarira

¹² **"Chengeta zuva reSabata, rive dzvene....(Deutronomi 5:12).**

CHIDZIDZO 9: ZVIMWE! ZVIMWE! ZVIMWE!

“Gutsikana nezvauinazvo”

Verenga Ruka 18:18-30

Ngano

Kuchiva zvinoreva kushuvira nenzira isina kunaka. Imwe nzira yatinochiva nayo kushuvira zvinhu zvikurusa, zvinozotiita kuti tive nemakaro.

1)Mutongi ari munyaya iyi aive nei?

Hupfumi (Ruka 18:23).

2) Jesu akamuti aite sei? sei akamudaro?

Atengese zvaainge ainazvo apekuvarombo. Zvaizoratidza kuti anoda Mwari kupfuura mari (Ruka 18:22).

4) Nyora zvinhu zviviri zvaunoshuvira kuve nazvo kana kuita

Mifananidzo yebaseball kana nhabvu, masignature evanhu vane mukurumbira, zvidhori....

**5) Kana ukaudzwa kuti upewo mumwe, unokwanisa here? _____ Hongu
_____ Kwete.**

Kana mhinduro yako iri “hongu” une Hunhu hwakanaka maringe nezvinhu zvauinazvo. Mukomana ari munyaya iyi ainge asinga gone kugoverana hupfumi hwake nevamwe. Zvinhu zvake zvainge zvakakosha kupfuura zvinhu zvose kwaari. Aive nemakaro. Jesu anoti izvozvo zvakaipa.

6) Jesu anoti ngwarira uone kuti hauwirwe nemakaro. Kuwanda kwezvauinazvo hachisiricho chinhu chakakosha muhupenyu hwako. Ndeipi nzira yaunga kwanisa kurega kuve nemakaro nayo?

Goverana nevanhu vaMwari vanoshaya (Varoma 12:13).

7) Tinogona kupa nguva yedu, zvinhu zvatnogona kuita, kana mari yedu. Ungadzidzire sei kugoverana nevamwe sei vhiki rino?

- *Batsira mumwe waunodzidza naye basa rechikoro.*
- *Tumira imwe mari yaunopihwa kumissionary.*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“...muzvivunganidzire fuma kudenga”(Matteo 6:20).

CHIDZIDZO #10 TANGAI MATSVAGA
“Gutsikana nezvauinazvo”

Verenga **Mavambo 2 ne 3:1-7**

Ngano

Kuchiva zvinoreva kushuvira nenzira isina kunaka. Imwe nzira yatinochiva nayo ndeyekuda zvinhu zvaakati tisa tore kana kubata

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Mwari akaudza Adamu naEva kuti vaigona kuitei?

Kudya kubva kune muti upi zvawo mubindu (Mavambo 2:16).

2) Mwari akaudza Adamu naEva kuti vaiagona kuiei?

Kudya kubva pamuti wezvakanaka nezvakaipa (Mavambo 2:17).

3) Adamu na Eva vakasarudzei: ___Kuteerera ___X___ Kusateerera?(Mavambo 3:6).

Mwari anotirambidza zvimwe zvinhu kuti zvitinakire isu. Takasununguka kuita sarudzo dzatinoda asi sarudzo dzedu dzine mhedzisiro dzadzo (michero yesarudzo dzaedu).

4) Chii chakaitika nekuda kwekusateerera kwaAdamu naEva?

Chivi (kusateerera Mwari) nerufu (kupatsanurwa naMwari) zvakatanga (vaRoma 5:12).

5) Ndezvipi zvime zvinhu zvausingatenderwe kuita kumba ?

Mabhisikiti usati wadya kudya kwamanheru, gaba remasirivha ababa

Bhaibheri rinoti iwe neni takangoita aAdam naEva uye kuti tiknoda zvinhu zvatisingatenderwe kuwana. Une sarudzo yokuita, kuti uite zvaunoshuvira kana kurega.

6) Pazasi panenzira ina dzinga kubatsira pakuchiva zvinhu zvausinga

tenderwa. Nanganisa Mhinduro negwaro reimumri rinoenderana nemhinduro yakapihwa

1. Funga chiknhu chakanaka chekuita usati waita.
2. Verenga Bhaibheri unyatsofunga zvarinoreva.
3. Gutsikana nezvauinazvo.
4. Rangarira kuti Mwari anokupa zvole zvaunoda

2 Mapisarema 1:2

3 Zvirevo 30:8-9

1 Matteo 6:33

4 VaFiripi 4:19

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Asi tangai kutsvaka vushe hwaMwari nokururama kwake”(Matteo 6:3).

CHIDZIDZO #11:MAFURO ANOGARA AKASVIBIRA

“Gutsika nezvauinazvo”

Verenga 2Sameri 11

Ngano

Kuchiva zvinoreva kushuvira nenzira isina kunaka .Imwe nzira yatinochiva nayo ndeye kuda zvevamwe. Izvi zvakaitika kumurume ainzi Davidi, ndiye mumwe chete kubva panyaya yaDavidi naGoriati.Davidi ainge ave mambo welzirairi uye aida mukadzi ainzi Bethsheba kuti ave mudzimai wake

Mikana Yokudzidza Bhaibheri

1)Davidi akaona Bethsheba akada kuziva kuti aive ani.Akazozivei?

Aive mudzimai wemurume ainzi Uriah (2 Sameri 11:3).

2)Davidi aida kuti Bethsheba ave mudzimai wake, saka akaudza Joabi (mukuru wemauto)kutii nezva Uriah ?

Aise Uriah panyanya kurwiwa womusiyapo (2 Sameri11:15).

3)Mwari akaitei nekuda kwezvainge zvaitwa naDavidi?

Mwari haana kufadzwa naDavidi (2 Sameri11:27).

Davidi akada zvisiri zvake izvo zvakamuita kuti anyepe, nekuba nekutozo uraya.Ndokusaka Mwari akati,”usachiva zvevakidzani wako”pekupedzisera pamitemo ine gumi.Nekuti kusagatsikana nezvauinazvo kunogona kuti utyore mimwe mitemo yese mipfumbanwe

4)Ndeipi nzira imwe yaungagone kurega kuchiva zvevamwe?

Kudzidza kugutsikana nezvauinazvo nepauri (VaFiripi 4”).

5)Bhaibheri rinoti Mwari anotipa zvole zvatina (kwete zvatina

zvenhando).Ungadzidzire sei kutenda Mwari nekuda kwemakomborero auinawo?

Nyora pasi zvinhu zvaunotenda nazvo wotenda Mwari nechimwe nechimwe chazvo.

Mashoko Akanaka Okurangarira

“ Zvino Mwari wangu uchazadzisa kushaiwa kwenyu kwose pafuma yake, mukubwinya, munaKristu Jesu”(VaFiripi 4:19).

CHIDZIDZO #12:BATA NEMAZVO

“Remekedza midziyo yavamwe”

Verenga VaRoma 12:9-21 ne 13:8-10

Ngano

Vanhu vanoba nokuda kwezvikonzero zvakanaka , asi hapana chakanaka:

Moyo yevanhu haina kuchena

- Vamwe havagutsikane nezvavainazvo uye vanoda zvimwe-dzimwe nguva vasingadi kuzvimirira kana kuzvishandisa
- Vamwe vakatsauka pamirairo yaMwari
- Vamwe Havana hany'a nekuti vamwe vanombonzwa sei.
- Vamwe havavimbi kuti Mwari anogona kuvapa.

Mikana Yokudzidza Bhaibheri

1)Ndedzipi nzira dzaungashandise kuti usabire vamwe?

Chengeta pfungwa dzako dzakarurama. Rarama maringe neshoko raMwari (Mapisarema 119:9-11)

Ziva kuti kuba kwakaipa wokuvenga (VaRoma 12:9).

Ita zvakanaka (VaRoma 12:18).

Funga kuti vamwe vanonzwa sei usati waita (VaFiripi 2:4).

Gutsikana nezvauinazvo (VaFiripi4:4).

Rangarira kuti Mwari anokupa zvose zvaunoda (VaFiripi4:19).

2)Ungadzidzesei kuve nehany'a nemidziyo yevamwe?

Zvichengetedze pakanaka,zvibate kuita sezvakakosha.

3)Ungadzidzire sei kuve nehany'a nenguva yevamwe?

Kubata nguva,kuzvipira kuvepo pamawirirana kusangana (Mateo 25:14)

4)Ungadzidzire sei kuve neruremekedzo ku:

- *Mhuri* *kana ukashandisa chinhu chisiri chako ,dzosera*
- *Mudzidzisi wechikoro chesvondo* *teerera paanenge achitaura*
- *Mudzidzisi wako* *teerera paanenge achitaura*
- *Shamwari* *ita zvavanenge vachida kuita pekutanga*

Mashoko Akanaka Okurangarira

Rudo haruitiri wokwako zvakaipa Rudo haruitiri wokwako zvakaipa(Va Roma13:10).

CHIDZIDZO #13: WAGONA "Remekedza Midziyo yavamwe"

Verenga Matteo 25:14-30

Ngano

Kazhinji Jesu aishandisa ngano kudzidzisa.Nyaya yematareunda inotidzidzisa kuti Mwari kuti tishandise matarenda edu aakatipa kuti tiite basa rakanaka pazvose zvaanohtitaurira kuti tiite.

Mikana yekudzidza Bhaibheri

1)Munyaya iyi, Ishe akadana vashandi vake pamwe.Akazoitei?

Akavapa midziyo yake kuti vachengete (Mateo 25:14).

2) Munyaya iyi,sei Ishe akafara nevashandi vake vaviri?

Vakashandisa zvipo zvavo kuwedzera midziyo yake (Mateo 25:21).

3) Ko Ishe anotsanangura mushandi wechitatu uyo asina kushandisa tarenda rake sei?

Wakaipa nousimbe (Mateo 25:26).

4)Bhaibheri rinoti une zvipo maringe nezvawakapihwa naMwari.Ndezvipi zvimwe zvaunokwanisa kuita namazvo?

Kuverenga, kuimba, kuteerera, mitambo, kukurudzira

4)Tora zvipo zviviri kana zvitatu unyore kuti unogona kuzvishandisei zvakanaka:

- *Kumba kubatsira munin'ina kana hanzvadzi yako kudzidza kuverenga*
- *Kuchikoro kutevedzera mirairo*
- *Kumitambo kukurudzira vamwe vechikwata chako*
- *Kukereke kuimba muboka rokuimba*

Mwari anoda kuti ushandise zvipo zvaakakupa zvineuchenjeri. Anoda kuti uite basa rakakwenenzverwa pazvose zvaunopihwa kuti uite. Kana wakatendaka nezvishoma, unozotendekawo nezvizhinji uye Mwari anoti, "Wagona mutariri akanaka nekutendeka." Mashoko Akanaka Ekurangarira

"Zvose zvamunoita, muzviitei nomoyo wose, sokunaShe, musingaitiri vanhu Zvose zvamunoita, muzviitei nomoyo wose, sokunaShe, musingaitiri vanhu" (VaKorose 3:23).

CHIDZIDZO#14: RANGARIRA JEHOVA MWARI WAKO "Remekedza midziyo yavamwe"

Verenga Deutromoni 8

Ngano

Valzirairi vave kuda kupinda munyika yechipikirwa mushure mekutenderera mugwenga kwemakore makumi mana. Mosesi akarangaridza vanhu kuti vasakanganwe kuti Mwari akavapa zvokudya, zvokupfeka nekuvadzivirira pamakore makumi mana iwayo sei.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Nei Mwari akaedza Izirairi mugwenga?

Mwari akavaedza kuti aone kuti vaizochengeta mirairo yake (verse 2).

2)Chii chakange chakamirira Izirairi munyika yechipikirwa?

Mvura zvitubu, zvokudya nezvokushandisa. Zvose zvavaida(verse 7-9).

3)Mosesi akaudza vanhu velzirairi kuti vaitesei nekuda kwekunaka kwaMwari kwainge avaratidzwa?

Varumbidze Mwari nekuda kwezvinhu zvakanaka zvaAinge avapa (verse 10).

4)Mosesi aibatikana nei apo Izirairi payaizopinda munyika yechipikirwa?

Vanhu vaizokanganwa nezva Mwari votadza kutevera mirairo Yake (verse 11).

5)Ndeipi imwe nzira yaungashandise kuti usabe rukudzo rwaMwari?

Rangarira kuti Mwari ndiye akakupa zvipo zvose zvauinazvo kuti ukwanise kubudirira (verse 18).

6)Ungadzidzire sei kurumbidza Mwari:

- *Mumhuri Tenda Mwari nokuda kwaamai kana baba vako vanokuchengeta*
- *Kukereke Tenda Mwari nokuda kwemudzidzisi wechikoro chesvondo anokudzidzisa*
- *Kuchikoro Tenda Mwari nokuda kwomudzidzisi wako anokubatsira kudzidza*
- *Paushamwari Tenda Mwari nokuda kweshamwari dzinotamba newe*
- *Kumitambo Tenda Mwari nokuda kwekugona kwaunoita kumhanya kana kuridza mudimbwa*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“unofanira kurangarira Jehovha Mwari wako...” (Deuteronomi 8:18).

CHIDZIDZO #15 ZVAKAKOMBORERWA KUPA PANE KUGAMUCHIRA
“Remekedza Midziyo Yevamwe”

Verenga Mako12:41-44

1)Mungano iyi sei chipiriso cheshirikadza chakafadza Mwari?

Yakapa mari yose yayafanira kurarama nayo. Chaive chipo chikuru kupfuura avo vose vakapa kubva pahupfumi hwavo

Mutambo Unonakidza

Nzira nhatu dzekupa:Nguva,Zvatinogona kuita nemari.Muzvakanyorwa p[asinyorakupa kwaurikuita ikozvino,wozozvidenha kupa nguva yako,zvauknogona kuita kana mari yako muimwe nzvimbo youpenyu hwako.Semuenzaniso:Ndinogona kushandisa kugona svomhu kwangu kubatsira mumwe wangu kuchikoro kana kupa mari kumitambo yechikoro chesvondokuti tibatsirikane.

Ndinogona kupa kubudikidza nezvandinogona:

- *Kumba neku Kuatsira kutsvaira mapedza kudya kwemanheru*
- *Kuchikoro neku Kubatsira waunodzidza naye masvomhu*
- *Kukereke neku Kuimba muboka rokuimba*
- *Munharaunda neku Kubatsira muvakidzani akwegura nebasa remubindu*

Ndinogona kupa nenguva yangu:

- *Kumba neku Kuita basa ndisati ndaona chivhitivhiti*
- *Kuchikoro neku Kubatsira vachengeti vechikoro kuchengeta mahoro akachena*
- *Kukereke neku Kubatsira kugadzira zvipo zveKisimusi zvevanoshaya*
- *Munharaunda neku Kuchengetedza nharaunda yangu yakachena*

Ndinogona kupa mari yangu:

- *Kumba neku Kubatsira kutengera amai kana baba chipo chakakosha*
- *Kuchikoro neku Kupa kunechirongwa chekupa vanoshaya*
- *Kukereke neku Kupa kubva pamari yandinopihwa*
- *Munharaunda neku Kubatsira mhuri inoda rubatsiro*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Zvakakomborerwa kupa panekugamuchira”(Mabasa aVapotsora20:25).

CHIDZIDZO # 16: MWARI WANGU MUHOMBE KUNE WAKO
“Mwari anoda kuve wekutanga muopenyu hwako”

Verenga 1 Madzimambo 18

Ngano: Ahabu aive mambo welziriri, uye aive mambo aive nehupi. Ahabu akaita zvakawanda kutsamwisa Mwari kupfuura mamwe madzimambo akamutangira. Ahabu akarooro musikana ainzi Jezeberi, mwanasika wamambo wenyika yaainge akavakidzana

nayo, uye pakuraira kwake Ahabu akatanga kunamata Baari mwari wenyika iyi. Kwete izvozvo zvoga, Ahabu akaraira vanhu vose velzirairi kuti vanamte Baari. Mwari akanyatsotsamwa naAhabu, akatumira muporofita Eriya ataure namambo Ahabu.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Sei mambo akatsamwa namambo Ahabu?

Ahab akasiya mirairo yaMwari akanamata vamwe vamwari. (1 Madzimambo 18:18).

2) Eriya akati chii kuvanhu velzirairi?

Sarudzai kuti motevera ani, Mwari kana Baari. (1 Madzimambo 18: 21).

3) Eriya akapa pfungwa dzei kuti vaone kuti Mwari chaiye ndeupi?

Kuita makwikwi pakati paMwari naBaari voona kuti ndiani aipindura nemoto. (1 Madzimambo 18: 22-24).

4) Ndiani akakunda pamakwikwi? Akakunda sei?

Mwari akapisa chipiriso, Atari nemvura yose yaive mumugero (1 Madzimambo 18: 38).

Mutemo wekutanga ndewekuti, **“Usava navamwe vamwari pamberi pangu”**. Eriya akadenha mambo Ahabu nemaporofita aBaari kumakwikwi, apo Jehova Mwari welzirairi akaratidza kuti iye oga ndiye Mwari uye kuti Baari aisatombova mwari. Vanhu pavakaona zvainge zvaitwa naMwari pazuva iri, vakaona kuti vainge vamukanganwa, vakarangerira kuti Jehovha oga ndiye Mwari.

Dzimwe nguva zvirinyore kukanganwa Mwari tinomhanya mhanya nechikoro, nebasa rechikoro rokuitira kumba, shamwari nemitambo tokanganwa kuti tinofanira kuve nenguva naMwari. Chikoro, mitambo neshamwari zvose zvakakosha. Asi Mwari haadi kuti zvikoshe kusvika pakukanganwa kuwana nguva naye.

6) Ungadzidzire sei kuwana nguva naMwari mazuva ose?

- *kunamata*
- *kuverenga Bhaibheri*

Mashoko Akanaka Ekurangerira

“Namata Ishe Mwari wako, umushumire lye woga” (Matteo 4:10).

CHIDZIDZO # 17: CHIUMBWA CHEMIGANHU

“Namata Mwari nenzira dzaakatitaurira dzoga”

Verenga **Joshua 23:6-8, 24:1-27**

Ngano Vanhu velzirairi vainge vari vatapwa vemaEgipita kwemakore 400, apo mwari pavakaudza Mosesi kuti atungamirire vanhu kubva muEgipita. Vabuda muEgipita, vanhu vakatanga kusateerera Mwari, uye nekuda kwekusateerera kwavo, Mwari haana kuvatendera kupinda munyika yechipikirwa kusvika makore 40 apfuura. Nguva payakakwana Joshua akatungamira vanhu kupinda muKenani, “Nyika Yechipikirwa,” uye Mwari akavabatsira kubuditsa marudzi ainge ari munyika yaange apa kune Izirairi payakagara munyika itsva iyi, Joshua akayambira vanhu kuti vasanamate vamwari vemarudzi ainge akavakomberedza, asi kuti vanamate Mwari oga.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Joshua akaudza vanhu kuti vaite sarudzo yekushumira Mwari kana kusamushumira. Joshua nemhuri yake vakaita sarudzo yei?

Kana iri semhuri yangu, tichanamata Mwari (Joshua 24:14-15).

2) Bhaibheri rinoti chimwe chinhu chinogona kukubvisa panaMwari makaro. Zvinhu zvipi (zvimufananidzo) zvinogona kukubvisa pana Mwari?

Kuona nekuteerera zvinhu zvisinga bvumidzwe naMwari kukakavadzana, zvinodhaka, tsika.

3) Toti unopihwa \$1. Ungakudze Mwari sei ne\$1 iroro. Makaro angakonzeresa kuti usakudze Mwari sei ne\$1

- *ipawo kana sendi kukereke kana mhuri inoshaya.*
- *kushandisa mari yose wega usingabatsire vamwe.*

4) Chii chinogona kuitika kana vanhu vakanyanyo koshesa zvinhu kupfuura Mwari? (Tarisa kana uchikwanisa kuona muenzaniso mupepanhau).

Vanhu vanenge vachingofunga zvavanoda ivochete vove nehumbimbindoga. Vamwe vanhu vanoita zvinhu zvakaipa. Vamwe vatungamiriri venyika vanoita zvakaipa kune dzimwe nyika. Ko dai Mwari anga asina kukosha kuvabereki vako uye vakanganwe nezvake? Unofunga kuti Mwari aizokukoshera here? Waonaka, kana kukanganisa marudzi emhuri iyi mazhinji. Ndosaka Mwari achiti, “Musazvigadzire zvimwe zvinhu zvakakosha kupfuura Ini” Eksodo 20:5-6.

5) Ungadzidzire se kuita Mwari munhu akakosha kupfuura zvose muupenyu hwako?

- *Rangarira nekutenda Mwari nemakomborero ose auinawo.*
- *Taura pamusoro peZvake nekudzidza pamusoro peZvake*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Asi kana ndirini naveimba yangu tichashumira Jehovha.”

CHIDZIDZO # 18: MUGOMBA REMOTA MURI KUTONHORERWA

“Namata Mwari Nenzira Dzaakatitaurira Dzoga”

Verenga Danieri 3

Ngano Mugore ra600BC, nebhukaneza mambo weBhabhironi akauya kuJerusarema akairwisa Shadhireki, misheki naAbedinigo vaiva vakomana vatatu pavazhinji vechiJuda veumambo vakatapuwa kuengda kwavakadzidziswa kushumira Nebhukadhineza muhumambo hwako hwose. Shadhireki Misheki naAbedinigo vakashumira Nebhukadhineza zvakanaka, uye vakagadzwa sezvafambisi vebasa pamusoro peBhabhironi.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Mutemo wei wakaiswa naNebhukadhineza pamusoro pechimuumbwa chaakamisa?

Munhu wese aifanira kunamata chimufananidzo (Danieri 3:6).

2) Shadhireki, Misheki naAbedinigo vakaitawo sei pamusoro pemutemo wamambo?

Hatinamate chifananidzo kunyange mukati kandira mugomba remota (Danieri 3:16-18).

3) Zvakaitwa naShadhireki Misheki naAbedinigo zvakaridzwa kana mambo?

Vaisarudza kurasikirwa nehupenyu hwavo panekusatendeka kunaMwari (Danieri 3:28).

Shadhireki, Misheki naAbedinigo vakataridzwa kutendeka kwavo kuna Mwari nekusanamata chimuumbwa chegoridhe chakamisikidzwa namambo Nebhukadhineza. Vaiziva kuti Mwari ndiye oga anonamatwa.

Shamwari yakatendeka ishamwari yako mazuva ose nyange zvisina kukumirira zvakanaka. Mwari ishamwari yakatendeka.

4) Mwari ishamwari yakatendeka kwauri nevanhu vose sei?

Jesu akfira iwe neni kunyange takanga tisingakodzeri (VaRoma 5:8).

5) Ungatendeke sei kuna Mwari mazuva ose:

- *Paunenge uri woga chengegedza mifungo yako yakarerama.*
- *Neshamwari dzako Kudza Mwari ne mazwi nemaitiro ako.*
- *Mukereke Namatira vanhu vemukereke yenyu.*

- *Kumitambo Edza nepaunogona*

Mashoko Akanaka Ekudzidza

“Kristu wakatifira, tichiri vatadzi.”(VaRoma 5:8).

CHIDZIDZO # 19: KUNAKA SEGORIDHE
“Kukudza nekuremekedza vabereki vedu”

Verenga Zvirevo 3:13-15, Deutronomi 6:5-7

Mikana Yokudzidza Bhaibheri

1)Vana, Nyorai zvinhu zvitatu zvamuinazvo zvakakukosherai. Mungaite zvine uchenjeri nazvo sei?

- _____
- _____
- _____

2)Vabereki, nyorai zvinhu zvitatu zvamuinazvo zvakakukosherai. Mungaite zvakachenjera nazvo sei?

- _____
- _____
- _____

3)Verengai Deutronomi 6:5-7. Ipa muenzaniso wenzira 4 dzekuti vabereki vangakudzidzise nei kana muri pamwe chete.

- *Kunongedzera zvakana nezvavaipa mubhaisikopo.*
- *Kudzidzira mutambo mupaki.*
- *Kunamata mose panguva yokurara.*
- *Kuita munamato wemhuri wamazuva ose pakudya kwamangwanani.*

4)Chikonzero chipi chekuti uremekedze vabereki vako?

Nokuti vanogona kukubatsira kudzidza nekunzwisisa zvinhu zvakawanda (Zvirevo 1:8).

5)Ungadzidzire sei kukudza vabereki vako nhasi :

- _____
- _____

Mashoko Akanaka Okurangarira

“Mwanakomana wangu, inzwa kurairira kwababa vako; Usarasha kudzidzisa kwamai vako” (Zvirevo 1:8).

CHIDZIDZO 20: TIGASHIRE (CHIKAMU 1)
“Kukudza nekuremekedza vabereki vedu”

Verenga Ruka 15:11-33

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

Ndeipi mienzaniso yekuita zvisina masturo zvakaitwa nemunin’ina?

- *Akakumbira nhaka yake yose kamwechete (verse 12).*
- *Akatambisa mari yake yose (verse 13).*

2)Ndiepi muenzaniso yezvakangwara zvakaitwa nomunin'ina?

- *Akazona hubenzi wake (verse 17).*
- *Akaenda kumba (verse 20).*

3)Vana,mune mabasa api kumbi?

- _____
- _____
- _____

4)Ungave nehany'a sei parimwe nerimwe remabasa aya vhiki rino?

- _____
- _____
- _____

5)Vabereki, mabasa api amuinawo kumba?

- _____
- _____
- _____

6)Mungave nehany'a sei parimwe nerimwe remabasa aya vhiki rino?

- _____
- _____
- _____

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Zvose zvamunoita, muzviitei nomoyo wose...”(VaKorose 3:23).

CHIDZIDZO # 21 TIGASHIRE (CHIKAMU 2)
“Kukudza nekuremekedza vabereki vedu”

Verenga **Ruka 15:11-33**

Mikana Yokudzidza Bhaibheri

1)Unofunga kuti baba vaidza kuti mwana wavo adzidzei nezvemashandiro akaita sei pamabasa?

- *kuve nehany'a nemari nemudziyo yako.*
- *kugudzikana nezvainge ainazvo.*

2)Unofunga kuti vabereki vako vanoda kuti udzidzei nezvamashandiro?

- *Kuvimbisika pamabasa nemikana.*
- *Hunhu neruremekedzo.*
- *Kugadzirira zvinonetsa.*

3)Zvakakoshei kuti vabereki vako vange vakatendeseka pamabasa avo?

Kuti udye, upfeke, uwane pekugara uye uchengetedzeke.

4) Zvakakoshei kuti unge wakatendeseka pamabasa ako?

Kuti udzidzire zvinhu zvidiki kugadzirira zvinhu zvikuru.

5)Vabereki mungatendeseka sei pane zvamunoita:

- Kumba _____
- Kubasa _____
- Kukereke _____

6)Vana mungatendeseka sei pane zvamunoita:

- Kumba _____
- Kuchikoro _____
- Kukereke _____

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Vuye zvose zvamunoita, kana zviri zveshoko kana basa, itai zvose nezita raShe Jesu..”(VaKorose 3:17).

CHIDZIDZO # 22: ZVIMITI NEMATOMBO

Remekedza Hupenyu Hwevamwe

Verenga Matteo 5:21-22

Mikana yekudzidza Bhaibheri

1) Chii chakanzi naJesu chakaipa kupfuura kuuraya?

Kutsamwa (Matteo5:21-22).

2) Unofunga kuti sei Jesu aiti zvakaipa kutsamwira munhu?

- *Zvinokonzeresa matambudziko zvokuita kuti uite mhosva (Zvirevo29:22).*
- *Kutsamwa hausu Hunhu hunodiwa naMwari kuti uve nahwo (Jokobo 1:19).*

3)Ndeipi nzira yokuita kuti mumwe mumhu atsamwe?

Kuita chimwe chinhu chinovatsamwisa (Zvirevo 15:1).

4)Bhaibheri rinoti mashoko edu anofanira kuitei?

Kukurudzira nekubatsira vamwe(VaEfeso 4:29).

5)Zvinorevei kuti kukurudzira?

Kupa mumwe munhu tariro, hushing nekusatya.

6)Ndiani anoda kukurudzirwa vhiki rino?

7)Chii chaungaite kumukurudzira vhiki rino?

Gwaro rokudzidzira

“Mumuromo wenyu murege kubuda shoko rakavora, asi rakanaka, ringasimbisa pakafanira....”(VaEfeso 4:29).

CHIDZIDZO # 23: ZVAKANAKA KUNZWA KUBVA KWAURI
“Usauraya”

Verenga **Mapisarema 3:1-10**

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Unofunga kuti chirema chaidei kuna Petro naJohani?

Mari –sirivha nendarama, pamwe zvokudya (Mabasa aVapostora 3:2-5).

2)Murume uyu akaita sei paakaponeswa?

Akafamba akasvetuka akarumbidza Mwari (Mabasa aVapostora 3:8-9).

3)Kukurudzira zvinoreva kupa tariro, ushingi kanakusatya. Ndedzipi nzira nhatu dzaunga kurudzire munhu nadzo?

- *Nemashoko (Zvirevo12:25).*
- *Nekunamata (Mabasa Avapostora 16:25).*
- *Nemabasa (Jakobo 1:17).*

4) Ndiani waungaudze mazwi manyoro kuti umukurudzire vhiki rino?

5)Ndiani waunganamatire kuti umukurudzire vhiki rino?

6)Chii chaungaitire mumwe munhu kuti umukurudzire vhiki rino?

Mashoko akanaka Ekurangarira

“ Asi simbisanai zuva rimwe nerimwe....”(VaHebheru 3:13).

CHIDZIDZO # 24 CHIII CHIRI MUZITA
“Usareva Zita Rajehova Mwari Pasina”

Verenga **2 VaKorinde 5:20**

Mikana yokudzidza Bhaibheri

1)Chii chaunoudzwa naMwari pamusoro pake muzita rake?

Anetsitsi ,nyasha, asinga kurumidze kutsamwa, anerudo, akatendeka, anoregerera,anotonga zvakaringana (Eksodo 34:6-7).

2)Zita rokuti Jesu rinorevei?

- *Mwari anesu (Matteo 1:23).*
- *Mwari anoponesa (Matteo1:21).*

3)Zita rako rinoudza vanhu kuti chii pamusoro pako?

Kwaunogara, kuti mhuri yako ndeipi, Hunhu hwako,zvaunofarira, zvausingafarire zvaunogona,mimhanzi yaunoda kuteerera....

4)Kuve mumiririri zvinorevei?

Kumira panzvimbo yomumwe munhu.

5)Bhaibheri rinoti maKristu vamiririri vani?

Jesu (2 VaKorinde 5:20).

6) Ungadzidzire kuve mumiriri waJesu sei nhasi:

- *Kuchikoro kubata vanhu vose nehunoro.*
- *Kukereke kuenda kukereke kunonamata kana chikoro chesvondo.*
- *Kumba kukudza baba naamai vako.*
- *Kumitambo kukudza Mwari nemaitiro nematauriro ako.*

Mashoko Akanaka Ekurangarira

Naizvozvo tiri nhume nokuda kwaKristu....”(2 VaKorinde 5:20).

CHIDZIDZO # 25:KUMIRA PACHOKWADI ITSIKA YAKANAKISISA
“Rarama Pachokwadi”

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Chii chakakosha kuna Mwari pamabatiro aunaita vamwe nemararamiro edu?

Taura chokwadi , tonga nekukurama, ita zvakanaka.(Zakaria 8:16).

2)Zvakakoshei kuna Mwari kuti urame pachokwadi?

- *Chokwadi chiri pakati pehunhu hwaMwari (Johani 14:6).*
- *Hapana nzvimbo muna Mwari yechinhu chisiri chokwadi (1 Johani 1:5).*
- *Mwari anoda kuti uratidze hunhu hwake (Mapisarema 51:6).*

3) Sei Bhaibheri richiti tisanyepe?

Rudo runoita zvikanaka rudo harukuvadze mumwe munhu. Kutaura zvinhu uchiziva kuti hazvisi chokwadi zvinorwadzisa vanhu (VaRoma 13:10).

4) Kunyepa kunoshaisa munhu chimiro.Hunhu hupi hwakabatsira Danieri kurarama pachokwadi?

Kutendeseka,chokwadi kuita basa rake nemazvo (Danieri 6:3-5).

5)Kunyepa kunoisa mutoro pamusoro pevanhu.Simba raMwari rakashandira Zakeo sei?

Simba raMwari rakaita kuti Zakeo arame mukutendeseka

(Ruka 19:1-9).

6)Sei mazwi ekutsvinya ,kushoropodza nekunyepa achirwadzisa moyo?

Kana mashoko iwayo akaiswa mupfungwa, anorangarirwa kwenguva yakareba.

7)Pane kuti urwadzise vanhu nemashoko ako unofanira kuitei nawo?

Mashoko edu anofanira kukurudzira vamwe (VaEfeso 4:29).

Tikarama pachokwadi, tinoratidza umwari. Tikanyepa tinongorwadzisa vamwe nekuzvikuvadza. Ndosaka Mwa achiti kwauri, “Rarama pachokwadi.”Iyi itsika yakanakisisa.

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Rudo haruitiri wokwako zvakaipa” (VaRoma 13:10).

CHIDZIDZO # 26 : “NZIRA
Gumi dzekuva munhu akanaka”

Verenga Eksodo 20:3-17

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Ndezvipi zviyero zviviri zvekuita chinhu chaicho, chakanaka nechinogamuchirika?

- *Nyika (2 VaKorinde 10:2).*
- *Shoko raMwari (Mapisarema 119:160).*

2)Zvakasiyana pai?

Nyika haigamuchire Shoko raMwari sechiero chezvakanaka nezvakaipa.

3)Nanganisa nzira gumi dzekuv munhu akanaka nezvazvinoreva

- e - Usava navamwe vamwari pamberi pangu
- _ f _ Usazviitira mifananidzo yakavezwa
- _ j _ Usareva zita raJehovha Mwari wako pasina
- _ d _ Rangarira zuva reSabata urichengete riri dzvene
- _ b _ Kudza baba namai vako
- _ a _ Usauraye
- _ i _ Usaite hupombwe
- _ h _ Usaba
- _ g _ Usareva nhema
- _ c _ Usachiva chewekwako

a)Kukurudzira nekubatsira vamwe

b)Kudza vamwe kuti ugokudzwawo.

c)Tenda paunoitirwa zvakanaka.

d)Zorora ufunge nezvawakaitirwa naMwari.

e)Ziva Mwari nekuwana nguva naye.

f) Sarudza kufadza Mwari kwete vamwe vanhu.

g)Rarama pachokwadi

h)Itira vamwe zvakanaka.

i)Ramba wakarurama mumuviri,pfungwa mashoko nezviito.

j)Iva mumiririri waJesu pazvose zvaunoita

4)Mitemo ineGumi yoga inokubatsira kurarama nenzira dzaMwari here?

Kwete ingori mienzaniso yezvinotarirwa, haina simba pachezvayo.

5)Ungarame se nenzira inotaurwa nemitemo inegumi?

Bvumira simba raJesu Kristu kuti rikubatsire (VaKorose 3:16).

Mashoko Akanaka ekurangarira

“Shoko raKristu ngarigare mukati menyu riwande....” (VaKorose 3:16).

KUVONGA

“Nguva yokutenda nekupa”

Verenga Mapisarema 105 :1-2

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Zvose zvaunazvo zvinobva kupi?

Nyika nekuzara kwayo ndeya Jehova (Mapisarema 24:1).

2)Chii chatakapihwa naMwari?

- *Hupenyu husingaperi sechipo (Johane 3:16).*
- *Hupenyu hwakazara (Johane 10:10).*

- *Zvakawanda kupfuura zvatinofunga muhupenyu huchauya (1 VaKorinde 2:9).*

3)Ungavonge sei nyangwe munguva yakaoma?

Mwari vanowanzoburitsa zvakanaka kubva mune zvakaipa (Mavambo 50:20).

Tine zvakawanda zvekutenda nazvo.Chinhambwe chechipiri pakuvonga inyaya yekupa.

Bhaibheri rinoti , **“Zvino rangarirai chinhu ichi: Unodzwara zvishoma, unocheka vo zvishoma; unodzwara zvizhinji, uchacheka vo zvizhinji. ⁷ Mumwe nomumwe ngaaita sezvaakafunga pamoyo; arege kuita nokuchema, kana nokurovererwa; nokuti Mwari unoda munhu unopa nomufaro”(2 VaKorinde 9:6-7).**

Sezvo mwaka wekuvonga uchizarura mwaka “wezororo”,inguva yatinotarisa kupa(Mubvunzo 4 kuenderera mberi kwechidzidzo 15).

4)Ungagadzirire sei kupa uchishandisa zvaunogona , nguva ,yako uye mari yako?

Nzira itsva yandingashandisa zvaunogonakubatsira vamwe

- Munharaunda yangu: *Verengera vana muchipatara*
- Kunze kwenharaunda yangu: *Famba munzvimbo dzakasiyana semhuri muchishumira.*

Nzira itsva yandingashandisa nguva yangu

- Munharaunda yangu: *Unganidza vanhu vachenese mharaunda.*
- Kunze kwenharaunda yangu: *sharidzana nemumwe mumhu muchinyorerana tsamba.*

Nzira itsva yandingashandisa mari yangu

- Munharaunda yangu *Kupa chikamu chemari yandinowana kune vanoshaya.*
- Kunze kwenharaunda yangu: *Kupa mari yokubatsira kushumira*Mashoko

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Muimbirei, mumuimbire nziyo dzokukudza; Rondedzerai mabasa ake ose anoshamisa” (Mapisarema 105:2)

KISIMUSI

Verenga Ruka 2:1-7

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1)Kisimusi yakatanga rinhi?

Pakutanga (Mavambo 1:26).

2) Mwari aive nechidzidzo kuna Adamu naEva. Chidzidzo ichi chaiva chei?

Kuteerera (Mavambo 2:15-17).

3)Chii chakaitika nekuda kwekusateerera kwaAdamu?

Chivi chakapinda munyika vanhu vose vakapatsanurwa kubva kuna Mwari (Varoma 5:12).

4)Mwari akaitei neizvozvo?

Akapa “Nzira” kutidzikinura kubva kuzvivi nekupatsanurwa kubva kunaMwari (Johane 3:16).

Jesu aidana Mwari kuti “Baba.” Jesu anotorangaridza kuti Mwari anonyatsoda hukama hwechokwadi newe, sezvinoita baba vanoda mwana wavo.

Patinotadza, tinoita mhosva kuna Mwari.Nokuti tiri vanhu munhu oga ndiye aikwanisa kubhadhara muripo.Asi nokuti mhosva yaive kuna Mwari, Mwari oga ndiye aikwanisa kubhadhara muripo.Ndicho chokonzero nei Mwari akatumira Mwanakomana wakeJesu

kwatiri. Jesu munhu azere akararama hupenyu husina chivi- hupenyu hwakarurama. Jesu, Mwari azere ,anokwanisa kutoura zvivi zvosekubva kwatiri Jesu paakafa , akatora zvivi zvevanhu vose zvavakaita nezvavachaita. Zvivi izvi zvakatipatsanura kubva kuna Mwari. Asi paunosarudza kuti apinde muupenyu hwako hausisina kupatsanurwa kana kupesana naMwari. Jesu ndiye “Nzira” yokudzokera kuna Mwari yakavimbiswa kare kare.

Hapana imwe nyaya. Asi zvichida pamwaka uno weKisimusi kunyanya pakupanana zvipo, ucharangarira chipo chikuru pazvose chatakapihwa – chimwe chakapihwa naMwari kwatiri – jesu Kristu. Ndiye chikonzero chatinopembera Kisimusi.

Kisimusi yakanaka kubva kuPractice Ministries !!

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Uyo, wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari” (2 VaKorende 5:21)

PASIKA

Verenga Johani 3:16

Ngano

Pamauro eChirairo chokupedzisera, mushure mekunge Jesu agudura chingwa akachipa kuvadzidzi vake, akatora mukombe, akapa kutenda, akavapa, vakabuda vakaenda kugomo reOrivhi.

Mikana Yekudzidza Bhaibheri

1) Chii chakakumbirwa naJesu kuna Mwari katatu mubindu reGethsemani?

Kuti asaendereri mberi ne kurovererwa nekupatsanura naMwari (Matteo 26:39).

2) Jesu paakanga asungwa, mauto echiRoma akamuita sei muimba yamambo?

- *vakamupfekenura*
- *vakamuisa ngundu yeminzwa mumusoro wake*
- *vakamuseka*
- *vakamusvipira*
- *vakamurova (Matteo 27:27-31).*

3) Apo Jesu airovererwa, vanhu vaidaidzira zvinhu zvakaita sei kwaari?

- *Zvitsvinyo nokutouka*
- *Zvinunure kana uri Mwanakomana waMwari*
- *Buruka kubva pamuchinjikwa tinobva tatenda mauri*
- *Mwari ngaakununure kana achikuda (Matteo 27:38-44).*

4) Mhinduro yaJesu yaive yokutii?

Baba, varegererei nokuti havazivi zvavanoita (Ruka 23:34).

Se murawo kwaive nechipiriso mazuva ose mutemberi muJerusarema, nenguva dzetatu masikati kusanganisira pazuva rePasika. Panguva iyi, mupirisita aimira panzvimbo yakakwirira yetemberi woridza hwamanda sechiratidzo chokuti vaive voda kubaira hwayana. Jesu achinge akarembere pamuchinjiko, Akanzwa kurira kukuru kwehwamanda ichirira muguta rose. Jesu akaziva panguva iyoyo kuti nguva yake yokuti achibairwa yakange yasvika. Pakapedza mupirisita kuuraya hwayana yePasika, Jesu akatarisa kudenga

akati, “**Zvapera!**” Panguva iyoyo, hwayana yePasika nechipiriso chaMwari – Jesu- Hwayana yedu yePasika – yakafa panguva dzetatu masikati.

“Zvapera!” Zvapera. Hapana chaungawedzera paruponeso rwaMwari. Chipo chaMwari kwauri. Jesu ihwayana yaMwari anotora zvivi zvako nezvivi zvavanhu vose vanotenda kuti Ndiye Mwanakomana waMwari, womukumbira kuti apinde muhupenyu hwavo saMuponesi.

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi.”(Johani 3:16).

ZUVA RENYIKA REMUNAMATO

“Kana vanhu vangu, vakatumidzwa nezita rangu, vakazvinipisa, vakanyengetera nokutsvaka chiso changu, nokurega nzira dzavo dzakaipa; ipapo ndichanzwa kudenga ndichavakanganwira zvivi zvavo, nokupodza nyika yavo.” (2 Makoronike 7:14).

Nyora munyengetero wevanhu vemunyika yako. Pane mapoka mashanu akanyorwa pazasi kukubatsira.

- 1) Hurumende: Kuti Mwari vaibatsire kuita sarudzo dzakanaka uye vagomira nadzo. Kanzuru, mapurisa, mauto.
- 2) Kereke Nemapato Ehushumiri: Kuti chokwadi chisimudzirwe. Mafundisi, masangano, mapato nemisangano inobatsira mhuri dzedu.
- 3) Mabhizimisi Nemindasitiri: Kuratidza huMwari nekukoshesa chokwadi nehunhu. Mitambo, nhepfenyuro, nemabhaisikopo, indasitiri (sarudza chimwe kana zviviri).
- 4) Mhuri: Kuti dziwirirane nechokwadi chaMwari. Vabereki, vana, hama, mhuri dzakaputsika, vavakidzani, shamwari.
- 5) Isusu: Kuti tivandudzwe, simba rekuva nehunhu.

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Ndiko kusatya kwatinako mukuswederwa kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa” (1 Johani5:14).

NGUVA YENYAYA

Mufungo “wekutura nyaya yako” – kuuya kwa Jesu Kristu muhupenyu hwako, unogona kusasununguka kutaura nezvazvo. Pamwe unotywa kukundikana kana kuti hauzivi zvekutura. Asi kana Jesu Kristu ari muupenyu hwako une nyaya yekutura, saka kudzidza kutaura nyaya yako kunogona kunge kuriko kutonzwa vhengeri ra Jesu Kristu muupenyu hwemumwe munhu. Saka tave kutanga Kana usati wambofunga zvakananyanya nezvekuudza mumwe munhu nyaya yako. Idzi ndidzo dzimwe pfungwa dzingakubatsira kutaura nyaya yako.

Kutendeuka Kana ucharangarira nguva, nzvimbo kana chiitiko pawakagamuchira Jesu Kristu muupenyu hwako saka naizvozvo zvakaiteka pakutendeuka kwako zvingabatsira. Edza kuumba nyaya yako pamibvunzo:

- Hupenyu hwako hwakanga hwakamira sei usati wagamuchira Jesu?
- Zvii zvakaiteka (zviitiko kana hurukuro) kuti ugamuchire Jesu seMuponesi wako.
- Wakagamuchira Jesu riinhi uye sei saMuponesi wako? Salshe wako?
- Jesu akashandura hupenyu hwako sei?

Rwendo rwepamweya

Kana kutenda kuchiita serwendo, saka kufamba kwako pamweya kwakakodzera kushandiswa senyaya yako. Edza mibvunzo iyi

- Ndezvipi zviitiko zvakanoshya zvakashandwa naMwari muhupenyu hwako?
- Zviitiko zvipi kana vanhu vakakubatsira kuvaka kutenda kwako muna Kristu?
- Muhupenyu hwako hungadai hwakamira sei usina Jesu?(magariro, mafungiro, zvaunokoshesa, ukama nezvimwe).

Kugoverana Shoko RaMwari Kuburikidza Nenyaya Yako

Edza kupindura mibvunzo iyi munyaya yako:

- Unonzwisisa sei chinangwa chaMwari mukusika denga nenyika? (VaEfeso 1:5).
- Unonzwisisa sei chinangwa chako muhupenyu? (Mateo 22:27).
- Zvivi zvakananganisa hupenyu hwako sei? (Isaya 59:2).
- Wakaisa kutenda kwako muna Jesu Kristu sei (segadziriso)? (VaEfeso 28:9).
- Wakayananiwa sei naMwari (zvii zvakanave zvibereko)? (VaRoma 5:11).
- Kereke nevamwe vanhu vakakubatsira sei? (1 Vakorinde12:27).

Kubatanidza nyaya yako

- Ndezvipi zvingabate mumwe munhu munyaya yako?
- Ndeapi magwaro emuBhaibheri aungaisa pamibvunzo iri pamusoro?

Mashoko Akanaka Ekurangarira

“Ndinoziva chinhu chimwe chete. Ndakanga ndiri bofu asi zvino ndoona!” (Johani 9:25).